12+

2017



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

НОМЫРЫ ИС:

НАФИ. Урс-урсид мит. Уацау 6

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. Мæт сыгъдæг кæны уды. Æмдзæвгæтæ 63

АБАЙТЫ Эдуард. Куырдадз у цард. Æмдзæвгæтæ 66

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

Таурæгътæ, зарджытæ 71

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 81

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег. «Æгас Ирæн йæ цыт» 93

БАГАТЫ Лади. Хорз лæг хорз фæд уадзы. Уац 108

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

БИЦЪОТЫ Гриш. Цалынмæ цалх тула. Радзырд 118

АРВИСТОН 134

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйиы

Алы наци дæр хъуамæ ахуыр кæна иннæтыл.

Карл МАРКС

Нацийæн йæ бындур æмæ мæцъис сты хуымæтæг адæм. Наци цаварфæнды номдзыд лæгтæй хъæздыг куы уа, уæддæр æй размæ чи кæны, уыцы тыхтæ сты хуымæтæг адæм.

Микаэл НАЛБАНДЯН

Нацийы цардæн тас ницæмæй у, рæстзæрдæ, æууæнкаг æмæ æндæр хорз миниуджытæй хайджын куы уа, уæд.

Фредерик ДУГЛАС

НАФИ

УРС-УРСИД МИТ

Уацау

1. БАТУЙЫ ЧЫЗГ

Хъæу?.. Кæм и?.. Æфцæджы рæбын – фондз хъæпæны!.. Райсом раджы сæм æфцæгæй ныккастæ, уæд – хуымæтæджы урс-урсид миты хъæпæнтæ. Фæлæ чысыл фæстæдæр райсомы æгуыппæджы хъæпæнтæй фæздæджы билцъытæ сæ сæртæ сдарынц. Фыццаг æнæбары, сурдымæны райдианы улæфтытау, стæй рæвдздæр, рæвдздæр æмæ æмраст ныллæууы фондз ранæй цонджы стæвдæн фæздæг.

Фондз æмæ ссæдз азы размæ, стыр хæст куы райдыдта, уæддæр ма нæм хохаг нымадæй егъау хъæу уыд – иу æмæ ссæдз хæдзары.

Ныр ма дзы бæрцæй фондз къæсы аззад – цагъды уæлдæйттæ, лыгъды уæлдæйттæ. Адагæн дыууæ хæдзары – йæ рахиз фарс, æртæ та галиуырдыгæй.

Хæдзæрттыл нымад сты, уæдæ цы, фæлæ сæ цæрæг нал ис. Раздæры нымадæй иу бинонты бæрц дæр нал сты. Æртæ хæдзары ис фæйнæ дыууæ зæронды, цыппæрæмы иунæг зæронд ус. Уый – мæхæдæг, Батуйы чызг, афтæ мæ хонынц. Æрмæст фæндзæм хæдзары – ус æмæ лæг, ноджы æртæ сывæллоны.

Цæй хæдзæрттæ сты уыдон, цæй хъæу у уый?... Фæлæ дзы цалынмæ фæздæг цæуа, уæдмæ хъæу уыдзæн. Йæ бæрзонд ном – Цæргæсбадæн – йæ уæлæ!

Зæронд стæм, Цæргæсбадæны цæрджытæ, не ‘ппæт дæр. Нæ кæстæр къуылых Сандыр у, æмæ уый дæр æртиссæдз азмæ аввахс. Æцæг ын ус æрыгон и, хæсты фæстæ йæ ‘рхаста. Фæлæ уый нырма чындз у, æрыгон чындз, ацы хъæуы цæрджытыл нымад æххæст нæма цæуы.

Зæронд стæм мах – Цæргæсбадæны цæрджытæ – усæй, лæгæй. Сæ хистæр æз, Батуйы чызг, куыд дзурынц, афтæмæй мыл цыппарыссæдзы адымдта. Иннæтæ дæр мæм æввахс сты...

Лæгтæ ам райгуырдысты, устытæ дæр сæхи рæстмæ куы базыдтой, фæйнæ æхсæрдæс азы сыл куы ацыд, уæдæй нырмæ ам цæрынц. Ферох сæ ис, æндæр ран ма искуы цардысты, уый. Уыдон се ‘ппæт дæр Цæргæсбадæныл нымад сты, йе ‘цæг адæм сты ацы хъæуæн, æмæ се ‘ппæт дæр зæронд, балцы къахыл лæуд, ам бирæ лæууинаг нал сты... Зонынц æй сæхæдæг дæр, тыхсгæ дæр ыл тынг нæ кæнынц, фæлæ уæддæр кæй зæрдæ нæ уынгæг кæны фæстаг балцы размæ?.. Хорз у уæддæр, æмæ зæрдæйæ ничи æууæнды йæ фæстаг балцыл!..

* * *

Иунæгæй цæрын хæсты райдианæй фæстæмæ – ныр фондз æмæ ссæдз азы. Сфæлмæцыдтæн. Кæй бон у уый бæрц иунæгæй хæдзары ном хæссын, фæлæ кæмæн скæуон? Уромын мæ зын, хæссын мæ хæдзары ном. Бирæ бинонтæ уыдыстæм, хорз хæдзарвæндаг нæ хуыдтой, фæлæ ма дзы цы аззад?..

Лæг раджы амард. Сывæллæтты иунæгæй фæхастон, колхозы хъугдуцæгæй рафтыдтæн, фæлæ ма дзы чи ис мæ цуры?.. Чызджытæ дыууæ дæр – чындзыцыд, бинонты хицæуттæ, мæнмæ ма сæ кæм æвдæлы – сæхæдæг сæ хъустæм сты куыст æмæ фыдæбонæй. Лæппутæ цыппарæй нал æрыздæхтысты хæстæй. Иу ма дзы аззад, сæ кæстæр, æмæ уый дæр кæмдæр Цæгаты бæсты шахты кусы. Йæ ус, йæ сывæллæттæ дæр – йемæ. Æмæ нал цæуы хæдзармæ...

Дыууæ-æртæ азы ма иу хатт иу къуырийы æмгъуыдмæ æруайы, стæй та аздæхы йæ хæдзармæ.

«Дæ фыды уæзæгыл фæцæрын дæ сæрмæ нал хæссыс, мæ лæппу...» – фæзæгъын ма йын мæ мæстæй, фæлæ йæ нæ бауромы уыцы уайдзæф дæр.

«Цом мемæ, уым цæр, сывæллæттыл дæхи ирхæфс, ам иунæгæй цы хитыс, уæд та дыл исты ‘рцыд, уæд дæ зонгæ дæр ничи

бакæндзæн», – уый мын фæци йæ ныхас йæ фыццаг æрцыдæй. Куыд бакоммæ кастаин, куыд ацыдаин дард Цæгаты горæтмæ мæ лæппуимæ цæрынмæ? Цы загъта иккой хъæубæстæ та?..

«Мæн дæр ма акæн æххæст, æмæ дæ фыды хæдзар бынтон æдзæрæг куыд фæуа!.. Нæ, мæ лæппу, æз зæронд ус дæн. Рацубацу æмæ ралидз-балидзæн нал бæззын... Ам цæрын, мæхи куы базыдтон, уæдæй нырмæ, æмæ дзы никуыдæм фæцæуинаг дæн, кæд амæй æвзæрдæр ран зæххыл никуыуал ис, уæддæр...

Нæ, мæ лæппу, ды дæхи зонд кæн, мæ зонд раивынмæ ма ‘нхъæлмæ кæс... Мæ зонд дæр, мæхийау, æвæццæгæн, базæронд... Ма йæм хъус, фæлæ мын æй мæ цæстмæ дæр ма дар... Цæр дæхи фæндиаг, мæн мæ адыл уадз...

Æцæг, зæрондмæ мæлæт æмхиц у. Уымæй раст зæгъыс... Мæ хъустыл иу æмæ дыууæ хатты не ‘рцыд къулбадæг лæппуты ныхас: «Батуйы чызгæн йæ къуыдырфых дзидзайы тæф цæуын райдыдта... Афон дæр ын у...»

Раст зæгъынц: афон у... Сæ ныхас зæрдæйæн хъыг кæй у, уый та искуы бамбардзысты... Сæхицæн сын æй куы дзурой, уæд...

Æмæ исты, мыййаг, уæд та-иу дæхи ма фæхудинаг кæн. Бæрæг дæм уыдзæн, æрцу-иу æмæ-иу мæ æгъдауыл баныгæн. Стæй сæрибар дæ...

Хардз дæ бирæ ницы бахъæудзæн. Дыууæ хъуджы мæм ис, арахъхъ мын рагæй æвæрд у, стæй – фагæй фылдæр. Аст сæгъы дæр дын куыннæ феххуыс уыдзысты – ауæй-иу сæ кæн. Хæдзар дæр исты аргъ райсдзæн. Хист скæн æмæ стæй сæрибар дæ...

Ныр та уал дын кæд зын нæу, кæд чындз сразы уа, уæд хистæр лæппуйы æркæн æмæ йæ æз хæсдзынæн. Дæхи загъдау, мæхи йыл ирхæфсдзынæн...

Тæрсгæ йын ма кæн: авдæй уæ схастон, æмæ уыл ницы ‘рцыдис. Ныр зæронд дæн, фæлæ ма иу сывæллоны фаг суыдзынæн.

Æркæн æй, цалынмæ скъоладзау суа, уæдмæ ам уæд. Иронау æй уæддæр сахуыр кæндзынæн. Сымах уым, æцæгæлон адæмы ‘хсæн, куыд æй хъуамæ сахуыр кæнат, уæхæдæг дæр салтай-балтай куы райдыдтат...

Уыцы хорзы мын бацу, мæ хъæбул, æркæн сывæллоны æмæ йыл мæхи ирхæфсон. Æндæр мæм мацæмæй бахат, фæцæуыны фæнд мæм нæй... Иу ранмæ цæуын ма мæ хъæуы æмæ уый дард нæу. Дæ фыды цур-иу мæ баваер...»

Цы йын загътаин уæдæ æндæр?.. Лæппу дæр мын зыдта мæ зæрдæйы хатт – дзырд загъта йæ мад, уæд æм ивынмæ мауал æнхъæлмæ кæс. «Батуйы чызгæн йæ ныхас цæнгæтæй фидардæр у», – афтæ дзураг уыдысты нæ хъæубæстæ, æмæ йæ лæппу зыдта. Ницыуал загъта, ацыд фæстæмæ. Стæй, æцæг, йæ хистæр лæппуйы æркодта æмæ йыл цалынмæ авд азы ацыд, уæдмæ йæ нал акодта, – мæхи йыл ирхæфстон, уæдæ цы...

Ныр æртыккаг лæппу ис ам мæнмæ хæссынмæ. Хæссынмæ?... Худæг!.. Афтæ раздæр фосæй дзырдтой. Æниу цы? Иу цалдæр хатты скойтæ кодта йæ фыд: æхца дын раттон, хъæудзæнис дæ? Ницы дзы райстон, æрмæст ын загътон: «Цыппар голладжы нын ссад балхæн æмæ сæрибар дæ. Дарæс æй цы хъæуа, уый дæр ын мæхæдæг æлхæндзынæн. Пенци исын иу чысыл æмæ йын уымæй æлхæндзынæн».

Дæ хорзæхæй, мæн ма æхца цæмæн хъæуы?... Мæнæ мæ нæ электры хицау рухсы аргъ дæр нæ исы: дæуæй цы райсон, уый, дам, мын туг нæ фестдзæн? Æртиссæдз азы, дам, фæхъиамæт кодтай а зæххыл æмæ, дам, дын ныр зæрыбон электры рухс лæвар куы раттон, уæд цас диссаг у?..

Хорз лæппутæ нæм нырма бирæ ис. Суг дæр мын æрдавынц, хос ракæрдынц. Зиу, дам, кæны Батуйы чызг! Цæй зиу, фæлæ сын арахъхъ адарын, къæбæр сдавын уыгæрдæнмæ, æмæ та мæ фосæн сæ зымæгдзæл ахицæн...

Афтæмæй цæрæм мæ чысыл хъæбул Саукъахимæ. Саскъа, дам, хуыйны, загъта йæ фыд!.. Саубон мыл, зæгъын, уый цæукъайы ном цыдæр куы у. Æз æй Саукъах рахуыдтон æмæ йыл уыцы ном, мыды ‘ртахау, аписи.

Хæссын мæ чысыл хъæбул Саукъахы. Цы хæссын, мæнæ уый фæрцы æрвитын ам мæ зымæг, æндæра иунæгæй афонмæ мæ зæрдæ аскъуыдаид. Йæ нывонд фæуон, ныр ыл уалдзæджы авд азы æххæст кæны, æмæ йæ сæрды акæндзысты. Иунæгæй баззайдзынæн уæд æмæ ма цы хурмæ цæудзынæн?.. Саукъахы фæстæ мæ чындз сывæллон нал рауагъта, æртæ, дам, фагæй фылдæр, æмæ ма мæхи кæуыл ирхæфсдзынæн ныræй фæстæмæ?..

Уæ, Хуыцау, ног зымæг мыл мауал æрцæуын кæ... Ам мыл иунæгæй зымæгон даргъ æхсæв куыд сбон уыдзæн?.. Фаг мын у, Хуыцау. Сфæлмæцыдтæн цæрынæй дæр... Ауадз мæ мæ лæджы цурмæ... Афон у.

* * *

Ærдæгæхсæвæй куы ахызт, уæд мæ хуыссæг цæуылнæ ахсы?.. Сабыр куы у бæстæ дæр, хæдзар дæр... Æцæг, уæлæ цъыкк-цъыкк кæны къулы сахат, æмæ уый бонæй-æхсæвæй афтæ ахуыр у...

Стыр хæсты размæ йæ балхæдта мæ хъæбулты хистæр. Дыууæ тымбыл æфсæйнаджы – рæхысы кæрæттыл: сæ иу уырдыгмæ цæуы, иннæ хæрдмæ. Уæлæмæ чи цæуы, уый сахаты къуыдырмæ куы фæцæйæввахс кæны, уæд та йæ фæстæмæ æриваз æвиппайды, æмæ та æфсæйнæгтæ ногæй райдайынц сæ балц: иу – уæлæмæ, иннæ – дæлæмæ.

Куы ницы уæлдай сæ ис, уæд цæрæнбонты сæ иуæн уæлæмæ цæугæ цæмæн у, иннæмæн – дæлæмæ? Кæд, мыййаг, адæмы цард дæр Хуыцау барæй афтæ сныв кодта: сæ иутæн – йæ хорз, йе 'хцойнаг, йæ цин; иннæтæн – йæ фыдæбон, йæ маст, йе 'рхæндæг?..

Чи йын цы зоны? Цард æмæ Хуыцауы хабæрттæн нæдæр хæйрæджыты бон исты бацис, нæдæр пахуымпарты. Мæ хуызæн зæронд ус ма сын цы бамбардзæн, цы зыдтон, уый дæр мæ куы ферох... Æвæццæгæн, зæрондæн канд йæ уæнгты тых нæ фæвæййы, фæлæ йæ зонды тых дæр...

Æниу мæм чызгæй дæр цы зонд уыд?.. Æнахуыр ус!.. Кæддæр, иу дæс æмæ ссæдз азы размæ, бæрцæй дыууæ къуырийы фæцыдтæн ликбезтæм, дамгъæтæ æмæ нымæцтæ базыдтон, фæлæ та мæ стæй ферох сты – чиныг мæ æндæвта, цы!..

Ницы зонын ацы сахаты хабарæн, фæлæ фыццаг йæ аппарын мæ цæст нæ бауарзта, уæддæр дзаума у, лæппу йыл æхца бафыста, – стæй иунæгæй куы баззадтæн, уæд та йыл ахуыр сдæн æмæ йæ ныууагътон, æрвылбон æй ифтыгътон æмæ ныхас кодтон йемæ æвдæлон сахат. «Дзедзырой кæн, мæ хойы хай, дзедзырой; иронвæндаггæнæг усау, дæ сæр дыууæрдæм тил æмæ дзыназ... Æз дæр иунæг, ды дæр... Ды ницы 'мбарыс, фæлæ æз, æцæг, уæзæджы къæйыл баззадтæн... Хъæбултæ фæхастон, цъиуы лæппынтау сæ мæ фæдджийы фæрахæссбахæсс кодтон æмæ сæ афтид абадтæн, мæрдты къæй фестон...

Хуыцаумæ дæр рæстдзинад никуы уыд æмæ нæй, æндæра ма исчи зæронд усы йæ хъæбулты быныл уадзы... Æппын тæригъæд дæр никуыуал ис... Цы бакæнон, мæ хойы хай, мæхимæ дæр мæ къух куыд сисон, адæмæй худинаг у. Стæй ма, чи зоны, мæ сывæллæттæй дæр исчи æрыздæха, уæд ма йæ куыд фендзынæн, мæрдтæм дзы азымаг куы кæнын...»

Бирæ йын фæхъæстытæ кодтон уыцы заманы. Царæфтыд мад, цы кодтаин æндæр, уæдæ?.. Мæ цæссыгтæ ма-иу фæистон мæ кæлмæрзæны кæрæттæй, сахат та «дзинг-дзинг» кодта уыцы иугъæдонæй, æмæ та-иу мæ зæрдæ йе ‘муд æрцыд, мæ куыстмæ та-иу атындзыдтон...

Хæсты размæйы зонгæтæ стæм: амонды рæстæджытæ дæр, æнамонды бонтæ дæр иумæ бирæ батыдтам. Йæ сифтындзын дæр мæ уымæн никуы ферох. Куыд кусы, уый ницы давы, æрмæст дзинг-дзинг кæнæд, æрмæст ма банцайæд. Æз дзы æндæр ницы домын. Чидæр хæрæг уасынæн куыд дардта, афтæ æз та сахат иугъæдон дзинг-дзингæн дарын.

Цъыкк-цъыкк кæн, мæ сахат, æхцон у мæ зæронд зæрдæйæн дæ дзинг-дзинг. Раст мæнæ мæ хуры къæртт Саукъахы улæфтау. Хуыссы, йæ нывонд æрбауон, мæ лæппу йæ рахиз фарсыл тымбылтæй, куыдз ма фæхуыссы афтæ зымæгон миты рагъыл. Хуыссы æмæ галиу фындзыхуынкъæй æйтт-лæгау тæнтъихæг æхситт кæны!

Хорз лæппу рацæудзæн, мæ тугæй йæм цыма ис: хæдзар, фыдыуæзæг бирæ уарзы. Йæ нывонд фæуон, æдзух мын уый дзуры: «Æдзи, æз дæ цурæй никуыдæм ацæудзынæн, скъоламæ дæр амы скъоламæ у мæ фæндаг. Æз иууылдæр дæ цуры хуысдзынæн!..» Цас мæ фæхудын кæны!..

Нæ, мæ хъæбул, куы байрæзай, дæ лæджы ранмæ куы ацæуай, уæд æндæр хъуыддæгтæ æрцагурдзæн дæ зæрдæ. Куы байрæзай, дæ зæрдæ чызджытæм куы ахсайа, нывонд дын фон, уæд Æдзи дæ фæсонæрхæджы дæр нал уыдзæн... Афтæ у, мæ хъæбул, ныры царды хабар, æмæ йæ ды нæ раивдзынæ; мæн та йæ ивд дæр нал хъæуы – æз ардыгон нал дæн, сымах уæхи фæндиаг цæрут...

Мæ фосмæ бакæсин уæд та? Чи зоны, сæгътæй исчи ныззад, уæд тас у, сæныкк сæ къæхты бын куы фæуа – уынгæг у сæ бынат....

Ой, куыд зын дæм райдыдта кæсын уатæй рахизын, куы, Батуйы чызг!.. Кæддæр хъандзалтыл цæуæгау куы кодтай... Дæ растад-иу дын дæ фарсмæ дæ лæг дæр куынæ базыдта, уæд ныр цы ‘рцыд?..

Ме стджытæ æнæсæрст сæмæны хъыс-хъыс райдыдтой æмæ ма куыд барæвдз уон?.. Фæндгæ ма мæ бæргæ кæны, фæлæ зæрдæ нал домы, уæнгтæ нал хæссынц. Тыхмитæ ма сын кæнын,

æндæра мæ хуыссæн йæхимæ ласы æмæ дзы æппын стын куынæ хъæуид, уый дæр мæ бафæнды... Фæлæ цы гæнæн ис, хæдзар хæдзар у, йæ ном ын сафын нæ хъæуы, науæд джидзæггаг кæны, хъæубæстæм дæр æгад хауы...

Дуармæ замманайы рухс у, æвæццæгæн, мит ныууарыд... Уый хорз – æрхъарм ис, æмæ адæм уазалы нал тыхсдзысты. Фосмæ æцæг бакæсын хъæуы. Зæронд мадæл сæгъ æнкъард уыд æмæ ма ныззайа, абæрæг æй кæнон.

Ацы талынджы фæтæгены цырагъ чи агуры, æндæра уый бæргæ ссудзин, уый мынæг рухс мæ зæрдæйæн æхцондæр у, мæ цæст та йыл ахуырдæр у æмæ нæ риссы. А электр та æнцондард у – скъæпп æй кæн æмæ судза... Фæлæ цыдæр фыдцъылыз у – царæй дæм йæ цæст ныддардзæн, æлгъин æфсинау, æмæ дын дæ алы фезмæлдмæ кæсы, цыма дзы исты давыс. А нæхион та лæгæн дзæнæты зарджытæ фæкæны, афтæмæй судзы.

Цырыхъхъ чи ‘рымысыд, уый хуыздæр фод – лæгæн йæ зæнгтæ нал сийынц. Æцæг, мæнæн кæттагхъус сты, фæлæ сын уæддæр ницы у. Мæнæ та мæ хауджын кæлмæрзæны мæхи æрбатухдзынæн æмæ – хъарм...

Мит уæрагмæ куы схæццæ – ногуард, хæмпус, урс-урсид. Раст, касаг ссадау, лæхурæг. Алæ-ма, дæ хорзæхæй, æвæццæгæн, æнгуылдзты ‘хсæнты, ссадау, ныссæххæтт кæнид... Фыйгæй фæд кæнын бахъæудзæн. Афтæ куы фæуара, уæд райсоммæ бынтон сæхгæндзæн скъæтмæ фæндаг...

Е-е-е! Ацы зæронд мадæл сæгъ, æвæццæгæн, зайын æрымысыд, æгæр зынæй улæфы, æвгъæддоны цæстытæ, стæй æнкъард...

Хæдзармæ йæ кæнын хъæуы, уым ын хъармы хуыздæр у. Мæнæ йын тæсчъы хос йæ быны æрытаудзынæн æмæ йæ тæрхæджы къахыл æрбæтдзынæн. Кæд ын ницы уаид... Фыццагзæддаг куы нæу...

Райсоммæ Саукъахы æвзæрæн – дыууæ сæныччы, дыууæ цинаджы – цæттæ. Фырцинæй йе знаг амæлдзæн.

Сандыртæн сæгъ нæй, йæ чысыл лæппу – цæй чысыл ма у, – Саукъахæй æрмæст афæдз кæстæр, Цамелыхъо, тæхуды кæндзæн, æмæ дзы иу уымæн хъуамæ раттон. Галы бузныг мæ фæуыдзæн – сывæллон зæрдæ зоны, йæ зæрдæ йын чысыл ницæмæй дæр ссар, æмæ дын æй зæры бонтæм нал ферох кæндзæн...

Мæрдты дзæнæты рухсы фæбадæд Хæныкъон! Дыууæ картофы сфыхта сæ астæуарты, фæнычы. Йæхи чызджытæ сыл сæхи

андæгътой: иу – дæу, иннæ – мæн. Хæныкъон сын сæ сæ къухтæй райста, иу дзы мæнæн радта, иннæ йæ дыууæ чызгыл адих кодта. Хæрут, загъта, æмæ сæ сыбыртт ничиуал суæндыд...

Никуы мæ ферох уыдзæн мæ мæлæты бонмæ, мæрдты рухс дзæнæт йæ хай фод, уастæн...

Замманайы мит æруарыд – дыккаджы дзуллаг ссад. Райсом дзы Саукъахитæ фаг фæхъаздзысты.

Цæугæ, цæугæ, сиуон, хæдзары дын хуыздæр у. Цы аринаг дæ, уый – хъармы, ацы хосы фæлмæныл. Мæнæн дæр хуыздæр фадат никуы уыд æвгъæды бадынæн, мæ хур, æмæ мыл дзæгъæлы мехъхъытæ мауал кæн...

* * *

Саукъах райхъал æхсæвы цъæхæй, фæлæ, æрвылхаттау, нырма сыстын йæ зæрды нæй. Йæ ахуыр афтæ у: иу цасдæр рæстæджы ма фынæй æфсон акæны, цалынмæ уый базоны, зæгъгæ, Æдзи скъæты куыстытæ бакодта, фосæн сæ бынтæ ныммарзта, холлаг сын нывæрдта æмæ ныр пецы арт цырынæй судзы, уæдмæ. Саукъах зивæггæнаг нæу, фæлæ уазалæй тынг тарст, ома хъарм уатæй уазал зæхмæ – сæ хæдзар сыджытдзар у – бæгъæввадæй рахизынæй. Æнæуый йæ миты рагъæй хæдзармæ кæрдзынæй дæр нæ басайдзынæ.

Йæ цæстытæ нæма гом кæны Саукъах, фæлæ хъусы. Кæд Æдзи хæдзары ис, уæд исты архайдзæн æмæ уымæй бæрæг уыдзæн, цафон у. Пецы арт стынг, уæд сугты къæрццытæ хъуысдзысты. Æдзи ницы дзуры, йæ къахы уынæр никуыцæй цæуы, уæд гуымбыл ахсы æнæмæнг æмæ стгæйæ у – уæлахсджытæ аирвæздзысты къухæй.

Хъусы Саукъах æмæ бæлвырд ницы хаты хæдзары хабæрттæн. Уæд та ракæсид, кæд Æдзи хæдзары нæй æппындæр? Йæ къах хъæццулы бынæй радардта Саукъах æмæ хаты – хæдзар хъарм у, арт рагæй судзы.

– Стын хъæуы, – загъта йæхицæн æмæ йæ уæлвæд йæ хъустыл ауад сæгъы ныллæг «ме-хъ» æмæ сæныччы бауаст.

Ай – диссаг!.. Сæгъ та ам цы ми кæны, æви мæ мæ хъустæ сайынц?.. Йæ сæр фæхъил кодта Саукъах, ракаст æмæ йæ зæрдæ цинæй айдзаг, йæ донгæмттæ хъусты цур балæууыдысты: сиуон ныззади, дыууæ ме-хъе-хъейы!..

Йæ хæлаф æвиппайды стъыста йæ уæлæ æмæ сæныччыты

цур февзæрд Саукъах. Æрдзуццæг кодта, сæ риутæ сын йæ уæрджытыл æрæвæрдта æмæ сыл æмхуызон ныттыхст. Сæ мукъутыл сын йæ бырынкъ сæрфы, узæлы сыл, цыдæр рæвдауæн ныхæстæ сын кæны, афтæмæй йæ æрбайййæфта Батуйы чызг.

Уый дуарæй галы комы тæфы йас уазал æрбауагъта, йæ къæхтæ æрцагъта, стæй бедрайы æрдæг æхсыр – нырма йæ дыууæ хъуджы дæр дуцгæ уыдысты – тæрхæгыл æрæвæрдта æмæ пецмæ йæ къухтæ тавынмæ бараст.

– Æй, усгур, афтæ ‘нхъæлыс, гомгæрцц æмæ бæгъæввадæй куы цæуай, уæд дæ къæхты сау ссæудзæн? Тагъд дæ дзаума акæн æмæ сæгъæн хос сдав, йæ хай йын холлагдоны раз тæсчъы фæуагътон. Дыууæ хъæбысдзаг дын у, æндæр нæ, фæлæ-иу æй фæндагыл ма байтау. Ныр лæг дæ æмæ дæ ми хъуамæ нывыл уа, алы хатт Æдзи дæ фæдыл нæ зилдзæн, хосы бындзгуытæ нæ уидздзæн.

– Уый – мæ быгъдуан, Æдзи. А лæппу йын ныртæккæ йæ фагæй фылдæр ныккалдзæн йæ разы. Сæныччытæ нын хорз ныййардта æмæ йæм базилын хъæуы. Иннæ сæгътæ дæр куы ныззайой, уæд æхсæрдæс бауыдзысты, æмæ сын æз ауалдзæджы мæхæдæг уæлыгæс ныллæудзынæн! Хорз?

– Хорз, мæ лæппу, хорз, фæлæ дæ дарæс рæвдздæр акæн æмæ дæхиуыл дон спырх кæн. Æнæхсад лæгмæ æвзæр æмбæлæг æмхиц у, – уæларты цы цуайнаг уыд, уый æмбæрзæн систа Батуйы чызг æмæ фых картофы тæф сæмбæлд Саукъахы фындзыл. «Картофы æууæрст цыхтимæ кæнæ картофджынтæ!..» – барухс лæппуйы зæрдæ, йæ рон æрбалвæста, йæ хæдоны дымджытæ, бæгуылæгау, барæстытæ кодта æмæ сдзырдта:

– Æдзи, æз цæуын, мæхи стæй цæхсдзынæн, фæлæ-иу дæ картофджынтыл фиу ныккæнын ма ферох уæд.

– Картофджынтæ?.. Æмæ сæ кæд хъыбылæн фыцын уæд та? Æви дæ ферох, комахсæнмæ хуыгистмæ зилын кæй хъæуы, науæд – цола дзидза цæххæмхасæн.

– Æмæ мæн дæр уыцы хъыбылимæ нымаинаг куы уыдтæ, иумæ нæм базил: уымæн – æууæрстæй, мæнæн – ссывдæй.

– Цæй, гæмми рувас, дæ дзырд фод, дæ къæбæрсайæн æвзаг мыл мауал радау-бадау кæн, фæлæ сæгъмæ базил. Тæскъ-иу холлагдонмæ баппар æмæ дæ дуар æрæхгæнын ма ферох уæд.

– Мæ быгъдуан, Æдзи, а лæппу... – феддæдуар Саукъах.

* * *

Зымæг нæ хæхты иугæндзон æнтъыснæг у, раст бирæгъхуыссæнау... Ацæуæн никуыдæм ис, куыст – æрвылбон иухуызон, хъæуты адæм нал ис, æмæ лæг æрмæст бæрæг адæймæгтыл æмбæлы, рагæй сын зоны сæхи дæр, сæ хъуыды дæр, сæ ныхасы здæхт дæр æмæ сæ фæлмæцы.

Æрыгон æмæ цардхъом адæмæн уæддæр исты ныхасаг вæййы, кæрæдзи бацагурынæн сын æфсон разыны. Фæлæ кæй бахъуыд зæронд усы ныхас? Цы йæм ис радзуринаг? Чи дзы цы хъуамæ фехъуса?..

Уæдæ куыд нæ сфæлмæцон нæ хъæуы хистæртæй?.. Нæ ныхæстæ раджы фесты конд, иу хатт нæ, дæсгай хæттыты фæдзырдтам нæ ивгъуыд царды хабæрттæ... Нæ кæстæрты та Батуйы чызг не ‘ндавы, стæй кæм сты?..

Ис ма дзы, æцæг, цалдæр сабийы, æмæ мæм уыдон дзæбæх зæрдæ дарынц. Рæвдауын сæ, узæлын сыл, æмæ мæ уыдон дæр уарзынц. Ахæм бон стæм вæййы, куынæ мæм æрæмбырд уой, кæнæ сæм мæхæдæг куынæ ацæуон уынæг. Фæхъазæм, фæныхас кæнæм, фæузæлæм кæрæдзиуыл...

Зæронд æмæ сывæллон дыууæ искæйонæй хъауджыдæр не сты; сæ иу йæ мызд райста æмæ цæугæ кæны, иннæ – ног æххуырст, нырма йæ куысты сæр æрлæууинаг у. Кæрæдзи æмбарынц, кæрæдзи фæрсынц...

Сывæллæттæ сæхæдæг æрбацæуынц, уый хорз, фæлæ нæ хъæуы устытæ дæр иу адджын бадт уæддæр хъуамæ фæкæной мæ хæдзары. Уæд та сын æлвисыны зиу ракæнин?.. Мæ къуымбил рагæй дæр цæттæ – хъисыны тыхт, æхсад, сур, цагъд æмæ пырдæй. Йе ‘лвисын дæр зын нæу, рæстæг дæр мын ис, фæлæ устытимæ, чындзытимæ, чызджытимæ уый æфсон кæд абадин.

Устытæ – зæронд устытæ – æрбацæудзысты, чындзытæй дзы Сандыры ус Быценонæй дарддæр ничиуал ис, чызджытæ дæр дыууæйæ сты ам. Æцæг, æнæнхъæлæджы – зæрæдтæм уынæг æрбацыдысты. Уæртæ Хъарайы хистæр læппуйы чызджытæ.

Йæ læппутæ æртæйæ горæты цæрынц. Сæ хистæræн йæ зæнæг ныр усгуртæ æмæ чындздзонтæ сты, фæлæ кæстæр læппу ус нырма æрæджы ракуырдта.

Хуыдтой зæрæдты дæр чындзæхсæвмæ, фæлæ сын нæ акуымдтой. Кæд, дам, уæ зæрдыл læууæм, уæд нæм фæзынут, – мах

балцы адæм нал стæм æмæ уын фысым та мах, цæхх æмæ нæм кæрдзын уæ фаг разындзæн.

Ныр сæм æрбацæуинаг сты æмæ дыууæ чызджы разæй æрбарвыстой: хæдзар, дам, бафснайут чындзы бацыдмæ, чындзæхсæв, дам, кæндзыстæм...

Кæд уыдон дæр фæзыниккой. Ныр сæ куынæ барæвдауон, уæд ма мын искуы рæстæг фæуыдзæн – Хуыцау йæ зонæг?..

* * *

Хорз раджы æрæмбырд сты нæ хъæуы сылгоймæгтæ мæ хæдзармæ. Нырма аходæн афон у... Уый Быценон дæр куы ‘рбацыд Цамелыхъоимæ. Йæхи бар нæу, мæгуыр, æмæ æфсæрмы кæны æхсæны бадтмæ цæуын. Ныр нæм лæгтæй кæй ничи ис, уый тыххæй йæ ныфс æрбахаста, æвæццæгæн. Афтæмæй нæ фарсмæ цæрынц, чындзы лæггад уымæй зонын...

– Рацу, Быценон, рацу, цы ‘фсæрмы кæныс? Ныр дын Цамел хосдзау куы у, цы ма ныгъуылдтытæ кæныс – ног чындз нал дæ. Æниу дæ мыггаджы хабар рагæй афтæ у, фидис нæ урæдтой, чысыл уайдзæф дæр сын мæлæты хос уыд. Фæлæ уый раджыйы хабар у, мæ хур, адæм раивтой æмæ ма сæ ды фæстæмæ кæм аздахдзынæ.

Цамел, ды та ма дæ разы Саукъахимæ скъæтмæ ныууай, мæ лæппу, уым дыууæ урс сæныччы – тæсчъы бын, дæхицæн дзы иу равзар æмæ дын Батуйы чызджы зæрондæй лæвар. Цу, дæ нывонд фон, Саукъах, байуарут сæ. Фыццаг бар Цамелæн ратт, уый дæ уазæг у æмæ афтæ ‘мбæлы. Æниу сæ уæлдай нæй – дыууæ дæр сылтæ сты.

Цамелы æххæст цыма нæ уырны сæныччы хабар, Саукъахы дæр, фæлæ дзурын нæ уæндынц, ацыдысты скъæтмæ. Быценон та мын арфæтæм куы фæцис: цæй лæвар у, цавæр уазæг дын у Цамел, æрвылбон ам куы вæййы. Уый йæ зоны, иугæр мæнæй дзырд схаудта, уæд ын мæнггæнæн нæй.

– Уæй, зонын æй, Быценон, чи мын цы уазæг у. Халонау, мæ уæны кæсын... Кæсын æмæ уынын: рæхджы Быценонæн дыккаг лæппу гуырдзæн, къæйттæ-къæйттæ йын бауыдзысты, дыууæ ‘фсымæры æмæ дыууæ хойы. Мæныл æмбæлдзæн хæрзæггурæггаг. Цы йын хъуамæ раттон? Адджинаг ацы митвæндагыл мæнмæ ничи ‘рбахæсдзæн, мæхæдæг дæр йæ фæдыл никæдæм фæцæудзынæн... Уадз æмæ сæныкк фод йæ хæрзæггурæггаг Цамелæн.

Хъызты дæр, хур бон дæр фыццаг мæ хæдзармæ уый æрбафæд кæны æмæ хæрзæггурæггаг уымæ ‘мбæлы... Нæ уæзæгыл лæппу рагæй нал райгуырд; Цамел йæхæдæг уыд фæстаг хосдзау, æмæ ахæм хабарæн æнæ хæрзæггурæггаг ныууадзæн нæй...

– Мæ судзгæ мæрдтыстæн, рæстытæ дзуры Батуйы чызг. Куывд дыл æмбæлдзæн, Быценон, лæппуйы куывд. Иугæр Батуйы чызг зæгъы, лæппу уыдзæн, уæд дæ кусæрттаг развæлгъау цæттæ дар, – йæ дзырд æрбаппæрста Хъарайы ус Цъæхилон æмæ дæргъæццон ауагъта æлвысты таг.

Галиу арм фæцæуы уæлæмæ-уæлæмæ, рахиз йæхи фехсы йæ фæдыл, гæдыйы лæппынау ацауындзæг вæййы тагыл æмæ йæ стæй стыдтытæ кæны, тæбын æмхуызон мæстæг куыд цæуа...

– Лæппуйæ дæр ма цы пайда ис, цы, мæ бон акæнай...

Уый цæй æнкъардæй дзуры Коцон – Цолайы ус?.. Æниу цы кæной?.. Сæ фæсивæдæй семæ ничиуал ис æмæ уый ссадвæдыл дзурдзæн. Иу лæппу йын Цæгат Иры цæры, иннæ – горæты. Зæрæдтæ нæ акуымдтой семæ. Хæсты фæстæ ма сæ тыхыл уыдысты æмæ цардысты иунæгæй дæр, фæлæ ныр тыхсынц æвæгæсæгæй. Фæцæуын сæ нал фæнды – ам æрцæуæд нæ мæлæт, кæдæм ма хæссæм нæ хæррæгъ?.. Сæ фæсивæды та уыдон цурмæ æрцæуын нæ фæнды. Йæ хъаст ууыл у Коцонæн.

– Цæмæн зæгъыс, Коцон? Хуыцауæн хъыг цы уа, уый дзурын не ‘мбæлы... – уайдзæф кæны Хъайсынон. – Дæуау, тæхуды, мæнæн дæр исчи куы уаид мæ фæдыл... Дæ фæсивæд хъæудзаг куы сты, гормон... Мах дæр ма нæ зæрондимæ уыдоныл нæ зæрдæ куы дарæм – кæд нæ баныгæниккой...

Хъайсынон æмæ Мысырæн зæнæг нæ цард – авды баныгæдтой æнахъомæй. Æрæджиау сын иу лæппу цæринаг гуырд разынд. Хæсты размæ сын уæлдæр скъолайы дыууæ азы фæцахуыр кодта. Буц дзы уыдысты, мæгуыр, мад æмæ фыд сæ зæрдæргъæвд иунæгæй. Буц дзы уыдыстæм не ‘ппæт дæр æнæхъæн мыггагæй. Уымæй раздæр нæ мыггагæй уæлдæр скъоламæ ничи бацыд. Фæлæ хæстмæ йæхæдæг атындзыдта барвæндæй æмæ кæмдæр Хъырымы хæстыты фæмард – йæ сау гæххæтт уырдыгæй æрцыд. Зыбыты иунæгæй баззадысты Мысыр æмæ Хъайсынон...

– Уый афтæ у, Хъайсынон, мæ хур, фæлæ ис кæстæртæй æвæгæсæг куы уай, «мæн у»-зæгъæг дын куы ничи уа, уæд уый зæрдæйæн ноджы хъыгдæр у, мæ бон... Нæй, уæд ыл хъæцыс,

фæлæ ис æмæ афтæмæй нæй, уæд зæрдæдзургæ кæны лæг... Æндæр æз фæллойыл нæ тыхсын, нал дæр мæ хъæугæ кæны. Цы ми ма дзы кæнын?.. Дыууæ зæронды стæм æмæ нæ мæгуыр пенцийæ дæр цæрдзыстæм... Æртæ туманы – къазорнæ кæрдзыны фагæй уæлдай сты, цайы фаг дæр ма сæ разгъæлдзæн... Æмæ мах æндæр цы хъæуы?.. Фæллæйттæ, мыййаг, нæ домын, гормон, æз дæр... Фæлæ зæрæдты абæрæг кæнын – мæй уæд та иу хатт! – не ‘мбæлы?.. Уæд та ма сын амардыстæм, уæд æй хъуамæ ма базоной сæ хъæубæсты разæй?.. Фæсæфцæгæй ардæм иу бонцау у æгасæй. Уый дын йæ диссаг, йæ хардз та – туман. Æмæ лæгтæ хæрæндоны куы фембæлынц, уæд тумантыл ныллæууынц?..

– Уæ, Коцон, азым иууыл фæсивæдмæ дæр ма аппар. Нæхи аххос дæр дзы ис. Дæ сывæллæтты сæ фыдыуæзæгыл цæрын куынæ сахуыр кæнай, уæд æй нæ фæуарзынц. Стæй-ма, гормон, махмæ кæм æргуыбыр уыдзысты, – уыдон æндæр хъуыддæгтæ ис. Сæ цард кæд аив цæуы, уæд – æгайтма!.. Мах иунæгæй тыхсæм, хъынцъым кæнæм, уый раст у, фæлæ мæнмæ уыйбæрц бæллæх нæ кæсы, кæд сæхицæн сæ хъуыддæгтæ раст цæуынц, уæд. Мах та иунæгæй дæр, кæрæдзи æнцæйтты, бафæраздзыстæм.... Стæй уæдмæ ныхъхъæмп уыдзыстæм, Коцон, баныгæндзысты нæ, æмæ мах дæр нæ фыдæбонæй – ирвæзт, уыдон дæр махæй – сæрибар!.. Æниу сыл цы ныцъцъæх стæм?.. Мæнæй иунæгдæр уæ ничи у, æмæ, æз куы фæразын, уæд сымах цы кодтат? Мæнæй дарддæр уæ никæмæ у йæ хъæбул, фæлæ цы?.. Цæрæд, цы йын кæнон? Мæнæ ма йын йæ лæппыны хæссын мæ бон у, æмæ йæ хъомыл кæнын. Æндæр ын цы кæнон? Абон ма сымах дæр батыхсын кодтон – зæгъын, мæнæ йын цъындатæ, æрмкъухтæ, хъарм хæдон сбион. Мыййаг, уæд та æмæ тъæпæн хъæумæ фæцæуыныл дæн, уæд ма йын мæ номыл уыдон уæддæр ныууадзон... Афтæ у... Цæрæнт, кæд сæхицæн хорз у сæ хабар, уæд, мах хъæцдзыстæм... Чи зоны, уыдон дæр нæ фæнды мах иунæг, чи зоны, фæмысынц нæ, фæлæ сæ фадат æндæр нæ амоны, уæд ма сын мах дæр цы уайдзæф кæнæм?..

Е-ехх!.. Ныфсытæ сын бæргæ æвæрын, мæ файнустытæн, фæлæ мын мæхи зæрдæ сагъæстæ ‘хсынынц... Ницы мæм дзурынц зæронд устытæ, сæ хистæр дæн, стæй, кæй загътон, уым рæстдзинад дæр ис, фæлæ уый рæстдзинадæн йе ‘рдæг у...

Цы зæгъа Быценон дæр?.. Нырма æрыгон ус у, æмæ йæ

нæма уырны, искуы уый дæр афтæ иунæг аззайдзæн йæ хъæбултæй: «Уый гæнæн та куыд ис, уанцон нæу!» – йæ мидбылты худы нырма æмæ ницы дзуры.

Ныхъхъус сты чызджытæ дæр, дыууæ фаззоны, Еуелинæ æмæ Аделинæ, æниу сæ мах Еуа æмæ Ади хонæм. Æвæццæгæн, дзырдмæ дзырд нæ арынц...

– Цæй ма, Батуйы чызг, иууыл мах æфхæрыны кой кæндзыстут?..

Хорз мæм куы суæндыд Ади, æцæг, тыхсы, йæ хъæлæсыуагæй бæрæг у...

– Куы ницы кæнын, мæ чызг... Сымах æгæр дзæбæх дæр стут. Мæнæ уæ зæронд фыд æмæ мады рох нæ уадзут, махæн дæр ма чындзæхсæв хæрын кæнут. Хуыздæр фод Хъара, стæй мæнæ Цъæхилон, æндæра ма нæ уæзæгæй чындзæхсæвы хъæр кæд айхъуыстаид?.. Стæй, мæ чызг, сымах нырма уæ мады цур бадут хæдзарыдзагæй, фæлæ йæ искуы, мæнæ махау, иунæгæй куы фæуадзат, уæд ацы хъæстытæ дæхи мады дзыхæй дæр фехъусдзынæ... Искуы, чи зоны, дæхимæ дæр æрхауа уыцы мæт. Æццæй нæ, Цъæхилон?..

– Ы!.. Цынæ зæгъдзынæ, Батуйы чызг, уæдæ ма нæ? Йæ фыды уæларт баззайдзæн, мыййаг? Ныр дæр агæппæввонг у!.. Раст зæгъыс. Махæн ма уæддæр ницы у, куы сын бауайдзæф кæны лæг йæ фæсивæдæн, уæд ма æфсæрмы фæвæййынц, лæджы абæрæг кæнынц. Фæлæ адонæн сæхицæй чи рацæуа, уыдон цыма æппындæр никæйуал хъуыды кæндзысты... Авдæнхъомæй фæстæмæ мад, фыд æппын ницæмæуал дардзысты... Афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ... Уæд, мæ хур, рахатдзысты мад, фыды фыдæбон, фæлæ ма сын цы гæнæн уыдзæн, чи ма сын саргъ кæндзæн сæ фыдæбонæн?..

– Горæтты цæрдзысты, мæ хур, уæды адæм, – раст æй кæны Коцон, – æмæ сын ницы тас уыдзæн иунæгæй дæр. Утæппæт адæм дæ цуры куы уой, уæд цæй иунæг дæ? Махау, мыййаг, зæрæдтæ æмæ иунæджытæй, хъæпæны сагъдæй, хæхты цъассыты куынæ джиудзысты...

– Ома, амыты, хæхбæсты, ничиуал цæрдзæн?.. Нæ мæ уырны... – дæндагæй сыскъуыны Хъайсынон тæбыны ставд, къухæй йæ аууæрды æмæ, иннæ таджы æмхуызон аци, зæгъгæ, уæд та йæ дарддæр айвазы.

– Цы бæрæг ис, цы... Куы цæрой, уæддæр дзы, æвæццæгæн,

махау, кусгæ нал кæндзысты, фос нал дардзысты, сæ зымæг дзы нал æрвитдзысты...

– Æмæ уæдæ уыдон хуындæджы бадынмæ цæудзысты?..

– Æвæццæгæн, мæнæ къулорттæ кæй хонынц, уыдон цард кæндзысты? Æмæ ма уæд цæй хохаг адæм уыдзысты... Нæ уæлмæрдтæ дæр ма нын чи зондзæн... Чи ма сæм цæудзæн, чи ма сæ хъахъхъæндзæн?.. – æрхæндæгæй дзуры Коцон.

– Мæрдтыл тыхсын хорз у, чындзытæ, фæлæ æз, удæгасæй мæ хæдзары чи ис, уыдоныл куы батыхсин, уæд цыма хуыздæр уаид, афтæ мæм кæсы...

– Кæм ма ис чындз, Батуйы чызг? – æнхъæлдæн, йæ хъазæн ныхасмæ та бахæццæ Цъæхилон... Йæ зæрдæ рухс у, рæхджы чындзæхсæв кæны йæ кæстæр лæппуйæн, стæй хъазæгой уыд рагæй дæр.

– Уæддæр, цыма, иу сыкъайы дзагыл «нæ»-тæ бирæ нæ фæкæнис, афтæ мæм кæсы, и?..

Æз цы Цъæхилоны зонын, уый æртæ сыкъайыл дæр «нæ»-тæгæнаг никуы уыд. Раздæр ын, æцæг, æддæмæ нæ рахъæр, стæй нæ уæндыд, æндæра дыууæ лæджы бæрц дæр банызтаид. Ныр æй нал æмбæхсы, фæлæ сæхи хæдзары иу куывды фæрасыг æмæ уæдæй нырмæ сомыгонд у – æртæ сыкъайæ фылдæр нал нуазы.

– Йедау фæу, Батуйы чызг, кæд мын мæ мукъутыл цъутта бакæнын дæ зæрды нæй. Иуыл нæ уыд мæ сомы, æртæйæ фылдæр нал нуазын, загътон, – ма дын фæкъæмдзæстыг уа Цъæхилон!.. – Фæлæ дæм кæд исты ис бырынкъыл сдаринаг, уæд æй ма бамбæхс. Дæ пирæнгæмттæй иу дæр æнæлвыст нал уыдзæн цæстыфæныкъуылдмæ. Æцæг ма къæбæр дæр исты куы фенис, нæ чындзыты хуыздæр, уæд дæ зиу æцæг зиу разынид.

– Тыхсгæ ма кæн, Цъæхилон, æз, дæуау, мæ уазджыты æнахуыйæн къæбæрыл никуы уагътон. Мæ каст мæнæ ме ‘нхъизæнмæ уыд, æндæра уæ афонмæ дæр афтæ аргъæуттыл даринаг бæргæ нæ уыдтæн...

Цыма хъыг уыди Цъæхилонæн мæ ныхас – фестъæлфыд, фæлæ картофджын æвæргæ куы федта пецы, уæд йæ зæрдæ хурварс абадт – ам цыдæр ис!

– Æтт, хуыздæр фæуай, Батуйы чызг, мæнæй афтæ нæ хынджылæг кæныс. Иугæр афтæ у, уæд ма нæ чындзæхсæв абон райдайæм.

– Еуа, цу, цард дын фестон, æмæ дæ разы фæрсыгъд

бæгæныйæ иу къæртайы дзаг æрбадав. Акувæм дзы. Сомизæр æмæ иннæбон мах нал æрæвдæлдзæн иумæ адджын бадт акæнынмæ – уазджытæм фæкæсын хъæудзæн. Уый фæстæ къуыри та ног бонтæ æрцæудзысты æмæ алчи йæ хæдзары уыдзæн. Кæд ма абаддзыстæм? Цу, мæ чызг, цу. Батуйы чызг уæларынг артæй цырддæр у æмæ де ‘рбацыдмæ мах фынгыл бадинаг фæуыдзыстæм...

– Æ, нæ! Цалынмæ мын мæ къуымбилтæ ælвыст фæуат, уæдмæ дзы фынг нæй. Науæд, махæй сыкъа йæ къухмæ чи райса, уый зиууонæн нал сбæздзæн.

– Уый дын мæ быгъдуан, чындз! – ныр алцæуыл дæр разы у Цъæхилон. – Ныртæккæ дæ къуымбилтæ иууылдæр тæбын фестдзысты. Æцæг-иу сæ æхснудгæ дæхæдæг бакæн.

* * *

Ади æмæ нын Еуа æрбахастой къæртайы дзаг бæгæны, иу тыхтон къаффеттæ æмæ фæндыр. Фынгыл уыдонæн дæр фæйнæ бæгæныйы бадардтон æмæ ма сæм фæкæс: куыд бахъæлдзæг сты. Устытæн та бынтон барухс сæ зæрдæ – сæ хъынцъым айрох: мæнæ иумæ стæм, нырма сæрæгас, тыхст ницæмæй стæм, нæ зымæгдзæл, нæ холлаг æмæ нæ суг – цæттæ; сомизæр та – чындзæхсæв. Дардыл хъынцъыймаг – зæрыбон иунæг кæй сты, сæ фыдыуæзæг æдзæрæг кæй кæны – иуварс алæууыд сæ чысыл цины раз.

– Уæ, Хуыцау, дæ быны рахъомыл стæм, дæ сызгъæрин армы базæронд стæм æмæ ма нын цы цæрæнбон дæттыс, уым нæ æнамонд ма скæн – нæ кæстæрты зын нын мауал бавзарын кæн! – кувын, уæдæ куыд вæййы, фæсивæды цæрæнбон, стæй сæрмагондæй та Хъараты кæстæр лæппу æмæ йе ‘фсинæн, нæ ног чындзæн. Кувын арахъхъ æмæ бæгæныйæ. – Бирæ дудгæбонтæ ныл ацыд. Цагъды уæлдæйттау ма аззад иу цъус нæ фæсивæдæй æмæ сæ нывыл цæрын бауадз, нæ рафæлдисæг! Мах зæрæдтæ стæм, ницыуал дæ домæм, æрмæст – нæ фæсивæды хорз! Ратт нын æй, æмæ дын нывонд фæуæнт нæ зæронд сæртæ.

– Аммен уæд! – æппæты разæй аммен кæны Хъайсынон, фæлæ йæ зæрдæ та уынгæг у – уый ма дзы кæмæн кува, йæ уды номыл куы ничиуал ис а зæххыл, уæд? Йæ цæссыгтæ сусæгæй æрхъуызынц æмæ сæ йæ кæлмæрзæны кæронæй асхъауы.

– Заргæйæ у, хистæр чындз, мæ фыдыстæн! – бацырд ис Цъæхилон, фæлæ куыд сразы уон йæ ныхасыл? Хъайсыноны зæрдæ зарын домы? Æгæр цинмæ рахиз уый æвидигæ хъыджы раз дæхи хæдзары, уæд худинаг у... Иунæг уымæн нал ис бындар, æмæ уый цур иннæтæ зарыныл схæцой, уый худинаг у... Æндæра зарын а чызг базонид, фæндгæ дæр мæ кæны, фæлæ æппæтæн дæр æгъдау хъæуы...

– Нæ, Цъæхилон, нæ! Заргæ æз дæ арахъхъæй кæндзынæн. Сомизæр кæд нæ чындзы уындæй æмæ дæ арахъхъæй мæ зæрдæ барухс уа, уæд зарын куыд нæ базондзынæн? Ныр та æнæ чындз цæуыл зарой? Исчи ма зæгъа, зæронд устытæ сæхи срасыг кодтой иу авджыдзагæй æмæ аралло кæнынц. Стæй тас дæр у – лæгтæм куы фехъуыса нæ хъæлæба, уæд фæзындзысты æмæ нын нæ арахъхъ аназдзысты. Фæлтау æй нæхæдæг бахæдзарон кæнæм – иу авджыдзагæй уæлдай дзы ницыуал рантыст мæ дурынæй.

– Æй, Хъайсынон, цæуыл фенкъард дæ, цæ! Мæнæ дын æз уыцы æцæг дунемæ куы фардæг кæнон, уæд-иу мыл иу зæрдиаг хъарæг рауадз, ныр та цардæгас куы стæм, цинаджы уæлхъус – нуазгæ у! Уырдыгыстæг! Æркæс æм!

– Фæрнæй фæкув, Батуйы чызг! Æз дæр куы ницы ‘нкъард кæнын... Мæнæ аныстон æмæ мæ зæрдæ бамæцъæл, æндæр... – Хъайсынон йæхи нал басаста, йæ цæссыгтæ ныхъуыры. – Фæсивæд не ‘ппæтæн иумæйаг сты. Мах – зæрæдтæ – нæ кæрдзыны къæбæр æнæ кæрæдзи куы нал хæрæм, уæд ма нæ фæсивæды дихтæ кæнæм? Сæ цæрæнбон нын бирæ уæд, царды хорз æмæ сын дуджы хорз фестæд мæнæ ме ‘намонд сæр. Æз дæр ма уыдон ныфсæй дзой-дзой кæнын а дунейыл. О дунейы фарн! Æз цардмæ нал бæллын, фæлæ нын нæ цардхъуæгты бафсад цард æмæ радæй! Нæ уæзæг дæр æдзæрæг цынæ фæуа, нæ мыггаг – худинаг, нæ адæм – искæмæй дæлдæр! Нæ фæсивæд, – канд нæ мыггаг, нæ комбæстæй нæ зæгъын, – æгас Иры фæсивæд дæр амонджын æмæ ифтонг цы уой сæ царды, уый сын ратт, зæдты уæле бадинаг!

– Айс æй, аназ æй, ахуыпп æй кæ!
Айс æй, аназ æй!

Лыстæг хъæлæсæй амоны зарæг Еуелинæ æмæ фæндыræй хъырны йæхицæн. Айста зарæг Ади дæр. Зæронд устытæ сæ фæбуц сты æмæ сæм айхъуыстой...

Нуазын хъæуы, æвæццæгæн, мæнмæ кæсынц æмæ схæцон мæ сыкъайыл... Кæс-ма, дæ хорзæхæй, иууылдæр доннуазæг кæрчытау, сæ сæртæ куыд сдардтой хæрдмæ. Диссаг!..

Нуазæм цыппар зæронд усæй сындæггай, кæд зарæгмæ фылдæр фæхъусиккам. Зарынц нын дыууæ горæтаг чызджы, æфсæрмыгæнгæ сын хъырны Быценон дæр – чызгæй зараг уыди, æвæццæгæн...

Нуазæм цыппар зæронд усæй, фæлæ нæ, æвæццæгæн, уæддæр хъуыдытæ алчи йæхицæн кæны.

«Тæхуды, мæнæн дæр иу мæнузæгъæг куы уаид, уæд æз дæр адæмы фыддæр бæргæ нæ уаин... Фæлæ хæрæг фæлдыст Хуыцауы рæстдзинадæн – иунæджы хицау уыдтæн æмæ мын уый дæр фæндаджы сæрдæнтæ фæкодта. Дыууæ сынтау, иунæгæй хитæм арвæй зæххы астæу... Дыууæ зæронды...»

«Хъаст ницæмæй кæнын, Хуыцау, фæлæ ма мын мæ бирæ фæсивæдæй иу уæддæр æрцæрын кæ мæ цуры. Гормон, æппын дын Хуыцау нæй! – Уайдзæф кæны Цъæхилон Хуыцауæн. – Æз, æдылы, мæнæ расыг зæронд ус куы дæн æмæ йæ куы зонын, куыд зын у læджы зæрдæйæн иунæгæй, уæд ды, дунейы сфæлдисæг, æппæт зонæг куы дæ, куыд нæ йæ хатыс?!»

«Бæргæ, мæ фæсивæд дæр адæмы хуызæн куы уаиккой... Иу хатт уæд та æрцу æмæ дæ фыды хæдзары иу сæныччы хъусæй туг суадз. Адæм дæр дæ базоной, цæмæй цæрыс, цы læг дæ. Аргъуыц дæ кæной... Науæд мах, дыууæ зæронды, цы хъуамæ бакæнæм? Хъаратæ махæй, бæргæ, фæрныгдæр хæдзар нæ уыдысты, фæлæ ныр сæ фæсивæд алы хатт сæ уæлхъус сты, мах та – иунæг, цыма бынтон æнæбындар стæм, Хъайсынон æмæ Мысырау, раст афтæ у нæ царды уаг... Афтæмæй та нæ бирæ ницы хъæуы – æппæтæй æххæст, æрмæст сæм æрхъуыды нæй мæ зæнæгмæ...»

«Нæ зæронды пырх калæм, æндæр цы?.. Ауагътам нæ фæсивæды, афоныл сын царды фадат нæ самал кодтам æмæ ма сæ ныр цы азымы дарæм?.. Алчи йæхицæн цард агуры, хуыздæр ын кæм у, уырдæм йæхи æппары... Куыд æрцæуын кæнон, цæй, æз мæ læппуйы? Куыд фæлæудзæн ам? Стæй йе ‘фсин дæр афтæ зæгъы? Уый нын не ‘взаг дæр куынæ зоны, уæд куыд фæлæууа ам? Æниу уый дæр æдылы гауыр куынæ уаид, уæд искуы йæ лæгæн афтæ уæддæр зæгъид: цом-ма, дæ мады дын фенон, мæ сывæллæтты мын радгай хъаны хаст куы кæны, буз-

ныг ын уæддæр зæгъон... Фæлæ кæм ис æрхъуыдыйы сылгоймаг?..

Мæ фырт, æвæццæгæн, кæйдæр хæйрæджы ахæсты ныххауд æмæ нал йæ ауадзынæн у, нал йæ басæттынæн...

Æй, джиди, ныр ма ацы дыууæ сонт чызгæн иу фондз læппу æмбалы куы уаид, уæд æнæхъæн чындзæхсæв не сты сæхæдæг?.. Бæстæ хъæутæй фидауы, уæзæг – фæсивæдæй, æмæ дзы махмæ ничиуал ис... Мæнæ ма Цамел æмæ Саукъахы дыууæ хуры... Æмæ уый дæр ацæудзæн сæрды... Цамелы дæр, дам, йæ фыд горæты скъоламæ дæттинаг, у... Æмæ афтæмæй куыд хъуамæ цæрæм?.. Уæд махæй цæй адæм ис, йæ зæххыл цæрынхъом чи нæу?..

– Æдзи! Фосмæ зилын афон у! Алчи йæ фосмæ зилы æмæ сæм æз дæр базилон мæнæ Цамелимæ? – дуарæй æрбагæпп кодта Саукъах.

– Хорз, мæ хъæбул, хорз. Рацæут, бæгæны аназут, къæбæртæ ахæрут, стæй фос ам нæ уыдзысты?.. – Адонæн уал сæхимæ базилын хъæуы, нырма рæзгæ сабитæ, се ‘фцæгготтæ дæр хæргæ кæнынц. – Мæ цурмæ æрбацæут æмæ læджы хæрд! Рæвдздæр!..

* * *

Ацы изæр афоныл уæддæр ныххуыссон. Бафæлладтæн, стæй мын сом куыстытæ бирæ уыдзæн – уазджытæм æнхъæлмæ кæсынц Хъаратæ, æмæ, Цъæхилон дзыхæй цас арæхсы, армæй уый бæрц дæсны нæу; фæкæсын хъæудзæн.

Саукъах дæр бон-изæрмæ Цамелимæ фæхъазыд, бафæллад æмæ изæры тæрхæгыл афынæй. Уый бæргæ батылдтон хъæццулы бынмæ, фæлæ мæхицæн дæр афон у. Зæронды бадт ницы пайда у... Фосыл ма мæ цæст ахæссон æмæ стæй хуысгæ. Арахъхъ дæр мын æрлæмæгъ кодта мæ уæнгтæ...

Хорз синтæ сæвæрдтой мæ хъуццытæ, æвзæр хаст не сты. Сæ хъуын цæхæртæ калы, фæсмынæй мын итувæрд сты, лыстæг галхафæнæй – сæрфт... «Дез фæкæн, Урскъах!..» Ныр та сæныччытæм ныккæсон, цы ми кæнынц тæсчъы бын. Кæсæд ма сæм исчи, хос хæрын куыд фæлварынц.

Нырма мын холлаг дæр бирæ ис. Дыууæ мæйы фаг мын зыгуымдоны калд ис, стæй уæд бæстæ уалдзæгхъус уыдзæн æмæ мын læппутæ кæд æрдавиккой, уæлæ ма мын фæтæны цы фондз цъерийы ис, уыдон. Уæдмæ зымæг дæр ахицæн уыдзæн...

– Æй, Мурас, ды дæр, æвæдза, ныззæронд дæ мæнау. Хорз куыдз дæ, мæ хур, Сандыртæн æвгъауаг. Уыдон дæ, æвзæр къæбылайау, Мурик хонынц, фæлæ ды Мурас дæ, иухатт нæм цы быдираг уазæг уыд, уый æмном... Нæ, нæ, уæгъды дæ дымæг тилыс, Мурас. Фæллад дæн, хорз лæг, æмæ мæ ма рахъаст кæн. Ацу уал уæхимæ. Дæ сылыйы хай дын райсом ратдзынæн. Ничи дын дзы нуазы, ма тæрс – нæдæр Саукъах...

Абон нал æруарыдис. Афтæ куы ахæсса, уæд ын ницы уыдзæн, фæлæ куыд урс-урсид у ацы мит, дæ хорзæхæй? Раст, мардæмбæрзæн цикъæйы хуызæн... Тфу, мæ фыдбылызтæ дæ хай, цы нæ 'взæр хъуыды æрцæудзæн лæджы зæрдæмæ... Хуысгæ!..

2. ХÆДЗАРЫ ФАРН

Абон та Цæргæсбадæн хъæухуыз баци. Нæ зæронд лæгтæ фæсаходæн Хъаратæм æрæмбырд сты, æртæрхон кодтой изæры чындзæхсæвы хабæрттыл, фыс æмæ сæгъ сæргæвстой, арахъхъ æмæ бæгæны федтой ад æмæ бæззонæй. «Ницы сын у», – загъ-той æмхуызон æмæ уæд устыты æрфарстой: хойрагæй куыд арæзт сты, фынгтыл цы равæрдзысты? Æппæт дæр рæвдз разынд, æмæ ма уæд ноджы бакуывтой лæппу æмæ чызджы тыххæй, нырма сæ цуры кæд нæ уыдысты, уæддæр, стæй ацыдысты сæ хæ-дзæрттæм – цалынмæ чындзхæсджытæ зыной, уæдмæ.

Æниу сын чындзхæсджытæ схонæн нал уыдис. Чындз мæйы размæ хаст æрцыд. Ныр хъæумæ фæзындзысты лæппу æмæ чындз, Хъарайæн йæ астæуккаг лæппу æд ус се 'мгæрттимæ.

Æрталынгтæ ис, афтæ æрбахæццæ сты хъæугæронмæ. Тыхæй-фыдæй уый онг бафæрæзтой æвæд миты дыууæ чысыл хæдтулгæйы. Уым æрфистæг сты æмæ сæм уæдмæ Еуа æмæ Ади, Саукъах æмæ Цамел ныххæццæ сты. Æндæр кæстæр нал ис хъæуы – Сандыры дыууæ чызджы сæ мадырвадæлтæм сты, районы скъолайы – æмæ ма сæм чи рауайа сиахсы дзыппытæ къахынмæ?..

Мæ фосмæ зылдтæн æмæ сæм афоныл ракæсын мæ къухы нæ бафтыд. Хъараты раз куы бамбырд сты хъæубæстæ, уæдмæ æз дæр ададжы хидыл бахызтæн æмæ сæ кæрæдзиуыл тыхсты-тæгæнгæ байæфтон. Исдуг сæм фæкастæн, мæ цæстытæ фæрæвдыдтон сæ уындæй, стæй уæд уазджыты къухтæ райстон,

нæхи горæтдзаутыл атыхстæн æмæ Цъæхилоныл мæ маст акалдтон:

– Æфсин, ды ма дæ чындзыл файнусты тыхстытæ ма кæн, фæлæ дыл æгъдауæй цы ‘мбæлы, уый араз. Кæм ис дæ мыдыкъус, дæ раздарæн, дæ хоры нæмгуытæ йæ дзыппыты?!.

– Сау бон мыл, куы мæ ‘рбайрох сты фырцинæй, Батуйы чызг, уæд ма цы акæнон? – стыхсти Цъæхилон.

– Цæугæ, рахæсс сæ, дæ суфа митæ фæуадз, чындзыл æз дæ бæсты аузæлдзынæн, – сывæллонау æрбахъæбыс кодтон чысыл, рæхснæг чызджы. Мæн цыдæр Хуыцау бæрзæндтæ æмæ сæвджынтæ фæкодта æмæ чындз ныкъкъæмдзæстыг, уæрццы лæппынау, баныгъуылд мæ дæлбазыр.

Уалынмæ рацыди Цъæхилон дæр. Ног раздарæн йæ уæлæ, йæ къухы хъæдын къусы – мыды фæзгъæртæ, йе ‘ннæ къухы – бæгæныйы нуазæн.

– Солтан, – фæдзырдтон лæппумæ, – мæнæ де ‘фсинимæ дæ мады раз балæуу, дæ нывонд фæуон, арфæ уын ракæна, афтæ ‘мбæлы.

– Уæ царды балц гъеныр райдыдта, мæ хъæбултæ, æмæ уын аив, æхцон æмæ дардыл цы уа, уый уын мæ уд фестæд!

Чындзæмбæлттæ, се ‘ппæт дæр æрыгон фæсивæд, бамбырд сты сæ алыварс, зæронд усы барджын ныхас сæм дисау кæсы æмæ зæрдиагæй аммен кæнынц. Уыдон æм сæ хъус кæй æрдардтой, уымæй бабуц Цъæхилоны зæрдæ, стæй уый размæ ныфсы тыххæй иу арахъхъ ма аныстаид, уый мæ нæ уырны. Æмæ ныр куывды ныхæстæ æвзагыл сæхæдæг æндæгъдысты, изæры гæлæбутæ цырагъы рухсмæ сæхи куыд æппарой, уыйау.

– Бирæ куывдæй бирæ амонд хуыздæр у, мæ хъæбултæ, æмæ уæ хай фæуæд! Цард аразгæйæ у, уæ нывонд фæуон, адджынæй, æмвæнд, æмзондæй дзы цы ацæрай, лæгæн дзы йæ цæрæнбоныл уый бафты æмæ мын мыдау адджынæй фæцæрут!

– Аммен, аммен! – ныхъхъæр кодтой кæстæртæ, Цъæхилон дарддæр кодта йæ куывд, лæппу æмæ чындзы коммæ мыды къус даргæйæ.

– Адджын ут канд кæрæдзийæн нæ, фæлæ уæ чи зоны, кæй зонут, уыдонæн дæр, хъæубæстæ, комбæстæ æмæ æгас дзыллæйæн дæр!

– Аммен! Аммен!

– Зæххон адæм хойрагæй цæрынц. Ис-бæркадцух дæр куыд

никуы фæуат, каркау бæдулджын цы уат, фырау – хъамбулджын, уый уын зæгъæд дунейы фарн!

– Аммен! Аммен! Аназ æй!

Тарстæн, мыййаг æй æцæг куы аназа Цъæхилон – уарзта ацы хъуыддаг – æмæ йæм фæраздæр дæн:

– Нуазгæ нæй, мæ файнуст, кæстæртæм æй аваæр æмæ чындзы мидæмæ кæнгæ.

Цъæхилон нуазæн уазджытæй иумæ аваæрдта æмæ чындзы къухыл рахæцыд. Хорз уыд, æмæ йæм фæкомкоммæ дæн...

– Уый та цы ми кæныс, Цъæхилон, къухылхæцæг дæр дæхæдæг дæ? Бауадз ма сын сæхи, кæддæра куыд арæхсынц, иууыл сæ ахуырæй куы ‘ппæлынц.

– Æцæг, æцæг! Чи уæ у, чи, къухылхæцæг?

– Ам нæй, гыцци, иу мæйы æмгъуыдмæ йæ балцы арвыстой куыстæй, – дзуры йæ мадæн лæппу.

– Æмæ уæдæ куыд? – фæтыхсти та Цъæхилон. – Батуйы чызг уæ афтæмæй хæдзармæ нæ бауадздзæн, уый нæ зонут? Ссæдз азы чындзæхсæв нал уыд нæ уæзæгыл æмæ ма ныр дæр фехалæм не ‘гъдау, уанцон нæу?..

– Дрис! – барджыны дзырд бакодтон Коцоны лæппумæ. – Ды ма балæуу, мæ лæппу, къухылхæцæг. –Æгъдаумæ гæсгæ къухылхæцæг хъуамæ нæхи мыггагæй уыдаид.

– Æмæ мæ уæд цæмæй тæрсын кæныс, Батуйы чызг, Цæргæсбадæны мын æндæр цы бацамыдтат, зарын æмæ кувынæй дарддæр. Æви сæ нал зонын, æнхъæлут? Ади, дæ разыма къулæй Хъарайы æхсаргард радав рæвдздæр! – чындзы рахиз фарс балæууыд.

– Æтт, хуыздæр фæуай, мæ лæппу, йæ фыдæлты хорз æгъдауыл ма чи хæцы! – куыд нæ дзы сбуц уыдаин.

Дрис æхсаргард йе ‘фцæджы æркодта, лæппутæм, «æввахс æрбалæуут æмæ хъырнгæ», зæгъгæ, фæдзырдта, стæй чындзы къухыл рахæцыд. Дуармæ æввахс йе ‘хсаргард сласта æмæ нызарыд ныллæг, фæлæ тыхджын хъæлæсæй:

– Уо-о-о, фарн фæцæуы фарны хæдзармæ, хорз адæм!..

Чысыл хæццæ-мæццæ рауад хъырнд, фæлæ йын иумæ ахуыс кодтой хистæрæй-кæстæрæй æмæ кæронмæ фæрæстмæ ис. Дрис зоны нæ фыдæлты рагон æгъдау: тарвазæн æмæ пецы къæдзæн æхсаргардæй фæйнæ февæрдта, артдзæсты алыварс рахизырдæм æрзылд заргæ-зарын, стæй чындзы бынатыхица-

уæн бафæдзæхста, сæрзæды бын æй балæууын кодта æмæ афтæ зæгъы, йæ хистæртæ дæр куывд куы фесты, уæд:

– Цæй, ныр нын бахатыр кæнут, фыдæлты ‘гъдау дæр иууыл дæргъæццон ма кæнæм, науæд уазал у æмæ ныссæлдзыстæм. Фынгтæ æрæвæрут, цалынмæ уазджытæ сæхи тавой, уæдмæ æмæ стæй: «Цин æрцыди æмæ цæл æрцыди!..» – заргæ афардæг...

– Мæ фыдыстæн, раст зæгъы Цолайы уæздан фырт! – сразы Хъара. – Ам иу лæуд дæр, иу уайсæст дæр ницæмæн хъæуы. Мæ бинонты афæдз иу хатт фенын æмæ ма мæм уæддæр уайсадгæ куы кæной, уæд мыл мæгуырыбон куы ‘ркодта!.. Нæ-æ! Уæхи батавут æмæ фынгтыл бадгæ: фысымæй-уазæгæй, чындзæй-сиахсæй. Ацы горæт ныл фæстæзадæй худынц, фæлæма кæсут, кæддæра нæм горæты ирæтты уæлдай ус кувæг нæ уа. Батуйы чызг, æтт, дæ хъару ма дæ кæдмæ хъæуы! Æгъдау раттæм нæ уазджытæн, мæ чындз! Мах зæрæдтæ стæм – æз æмæ ды – æмæ, чи зоны, ай нæ фæстаг чындзæхсæв у. Абон ма сын балæггад кæнæм нæ кæстæртæн, стæй уæд сæ бар сæхи – сæхæдæг кувæнт, зарæнт, æгъдау æвæрæнт. Фæлæ абон мах рад у, æмæ никæмæн ратдзыстæм нæ хæс, нæ бæрн!.. Афтæ нæу, исты рæдийын, Батуйы чызг, уæд мын æй зæгъ, ахсæв Хъара дæу йеддæмæ никæмæ хъусы.

– Раст зæгъыс, Хъара, æмæ дæм æз дæр куы хъусын. Ахсæв, æвæццæгæн, лæггад, æцæг, махыл æмбæлы, – сразы дæн, уæдæ цы кодтаин.

Сбадын кодтон се ‘ппæты дæр иу фынгыл, лæггад чи кодта, уыдонæй фæстæмæ. Мæ дыууæ фарс бадынц Хъара æмæ Мысыр, стæй Цола æмæ Сандыр, уазджытæ, устытæ, кæстæртæ – æхсæнмæ ‘хсæнты, ныттыгуыр сты чындз æмæ сиахсы алфамбылай.

Кувын бæргæ зонын, фау мæм чи ‘рхæсса, ахæм ничи ис комбæсты дæр, æндæра нæ бацæуин ницы хуызы хистæры бæрны. Хæстæй ма мæ хъæбулты кæстæр куы ‘рцыд, уæд мæ куывды нæ зæронд лæгтæ фыццаг хатт сразы кодтой фынджы сæр лæгты уæле сбадын – æмбар адæм, дам, стæм, азтæй та ды хистæр дæ! Уæдæй нырмæ иуæй-иу хатт сбадын лæгты уæле – хистæр дæн! Цины бон æнцон у фынджы бæрн хæссын, æмæ та сразы вæййын.

Абон дæр мын цины бон у. Æцæг мын Хъара йе ‘нæрхъуыды ныхасæй – абон, чи зоны, махæн фæстаг чындзæхсæв у! –

фæкайдта мæ цин, мæ зæрдæ сагъæсты ныдздзæгъæл, æддæмæ æвдисæн ын кæд нæй, уæддæр... Ныр уæлдай зæрдиагæй кувын хъæуы, иугæр зæрдæ уынгæг кæны, уæд...

– Фарн фæцæуы фарны хæдзармæ! – Афтæ зарынц Ир цæрæнбонты. Чындз нæм фарныл нымад у рагæй фæстæмæ. Уæ, чындз, Хуыцау дæ æцæгдæр хæдзары фарн фæкæнæд! Мæ зæронд сæр дын уый фестæд, æмæ ацы хæдзары цы фарн æрбайййæфтай, уый дымгæйæн хæссын цы нæ ауадзай. Дæ лæппутæн дæр ма ам чындзæхсæвтæ цы фæкæнай. Мæ цахъхъæнæй ам фынджы хистæрæн цы ‘рбадай æмæ дæ алыварс та дæс хатты фылдæр адæм цы уа. Бирæ хъæубæстæн стыр лæггад цы фæразай, уый амонд дæ уæд!..

Лыстæджытæ нымайын хъæуы абон кувинæгтæ. Чи зоны, æмæ мын, æцæг, фæстаг чындзæхсæв у, уæд рох ницы хъæуы, кæд ма сын хъуамæ зæгъон мæ зæрдиаг арфæ?... Абон нуазæн дæр нæй – фæстаг чындзæхсæвы æвронг хъуамæ уай! – Чырыстийы раз лæууыс... Лæгтæ, æцæг, фæуæлвæндаг сты: цæсгæмттæ – сырх, цæстытæ – ирд, æвзаг æвастæй райдайы дзурын, æмæ ма йæ зонд, къæбæда сывæллонау, йæ фæдджийæ ацахсы... Уадз æмæ баназой, ницы сын у... Уыдон мæ кæстæртæ сты, фæстаг цин сын нæу... Чындзæхсæвы та лæг къуылых расыг уæддæр куынæ бауа, уæд уый цæй чындзæхсæв у... Кæдæйуæдæй ма нæм чындзæхсæв æрцыд. Уадз, нуазой, сæ цины фæдыл нуазынц æмæ сын батайдзæн.

Уазджытæ дæр цыма срасыг сты – хистæртæм нал хъусынц, фæрссаг ныхас кæнынц, кæрæдзийæн дарыныл схæцыдысты. Уый æнæгъдаудзинад бæргæ у, фæлæ сын, цæй, чи уайдзæф кæны. Зондамонджытæ нæм æнæуый дæр æгæр бирæ ис, фæлмæст сæ сты адæм, æмæ ма сæ æз дæр хъыгдарон...

– Хорз адæм, зæронд усы æдылы зондæй чысыл куы аулæфиккам, уæд уæм куыд кæсы? Иууыл нуазгæйæ дæр цард не скъобор кæндзыстæм. Стæй кæд афтæ æнхъæлут æмæ Цъæхилонæн йæ арахъхъ уæлдайаг у, уæд рæдийут, мæ хуртæ!.. Цæйма, нæ уазджытæн фæйнæ кафты бар раттæм. Нæ чындз, чи зоны, къуылых у, уæд æй ма базонæм, йæ къах айсын зоны, æви нæ? Ади, фæндыр ныццæгъд, стъæлды макуы фæуай! Дæ зæронд мады дæр ма иу кафты бар кæд фæуид, науæд дын стæй адымдзæн, кафгæ кæм нал фæкæнынц, уырдæм...

– Нæма, нæма, Батуйы чызг! Уырдæм никуы никæмæн бай-

рæджы, цы мын тагъд кæныс! – хъуысы Цъæхилоны цинæйдзаг хъæлæс.

– Хъара, æз цæуон хæдзармæ, лæппуйæн хуыссынафон у æмæ йæ æрбæстон кæнон, – бафу кодтон Хъарайы хъусы. – Мыййаг, æрæгмæ куы здæхон, уæд дæхæдæг фынгæн æгъдау ратт. Мæнæй-иу ма рахъаст кæ – зæронд усæн уыйбæрцытæ йæ бон нал вæййы... Лæг уæддæр фидардæр у...

Аивæй рацагуырдтон Саукъахы, стæй йын йæ къухыл рахæцыдтæн æмæ цæугæ нæхимæ. Кæстæртæ кафынмæ фесты, хистæртæй дæр чи æмдзæгъд кæны, чи – дзæгъæлы хъæлæба, кафджыты хынцмæ. Ничи мæ фæфиппайдта, афтæмæй рацыдтæн Саукъахимæ. Саукъах, йæ нывонд фæуон, уайтагъд афынæй. Цалынмæ скъæтмæ цыдтæн, фосыл мæ цæст хастон, уæдмæ уый сым-сым райдыдта, æмæ йæ цуры бакъул дæн æз дæр...

Сæры цыдæр дыз-дыз кæны æмæ риссы. Æппындæр нæ хъуыди нуазын; фæлæ дзы цы гæнæн уыдис?.. Чи зоны, æцæг, фæстаг чындзæхсæв уыд, æндæр макуыуал фенон...

Дзæбæх фæсивæд сты, уæгъды сæ фæхъаст кæнæм. Æцæг, хатт хъусын нæ фæзонынц...

Уæдæ мæ цуры цы уæлдай базыдтой?.. Æфсæрмы кодтой æгъдауæй дæр, хистæртæй дæр æмæ сæ дзырд нывыл ауадзыныл архайдтой. Зын сын уыд æвæлтæрдæй, фæлæ цы? Рæдигæ ницы кодтой, æрмæст-иу хаттæй-хатт фæкъуыхцы сты, сæ фæндиаг дзырд-иу нал ардтой... Уым цы ис диссагæй? Фæлварын сæ хъæуы, ахуыр – æндæр ницы. Æмæ уæд хистæр дæр зондзысты, æгъдау дæр æмæ не ‘ппæтæн дæр цæрын фенцондæр уыдзæн... Æниу æй кæмæн дзурын? Æз ме ‘дылы сæрæй цы хатын, уый горæты ахуыр хицæуттæ æнæ мæн нæ зонынц?.. Ам хабар æндæр куыддæр у, æвæццæгæн, æмæ йæ æз мæхæдæг не ‘мбарын...

Æз дзы цы хатын, уый бæлвырд у – уидæгтæ!.. Уидæгтæ арф нæ уадзынц, уæлæнгæйтты... Æмæ сын сæргом вæййынц, хаттæй-хатт хурсыгъд картофы ад уымæн кæны сæ дзырд дæр, се ‘гъдау дæр, сæ зонд дæр...

Ацы мæры лæгæн йæ уидаг арф куынæ уа, лæг йæ уидагæй арф дæлзæх фыдæлты стæгдар куынæ схъæбыс кæна, уæд сын сæ хорз æмæ се ‘взæр нæ хаты, сæ рис йæ зæрдæйы нæй, аргъуыц сæ нæ фæкæны... Уæд æм, æвæццæгæн, мардæй уæлæуыл цы муртæ аззайы, уыдонау кæсынц нæ фыдæлтæ – пайдайы фос!.. Кæд дын пайда уа – раппæл сæ, кæд нæ – фелгъит сæ!.. Кæйдæр нæм

мæстæй мардтой, йæ мæрдтæй, дам, мæнг сомы кодта: «Мæ мард дæр, мæ дзуар дæр мæн мæ тыхсты бон хъæуы!..»

Нæ, мæ хур, дæ фыдæлтæ дæ хъуамæ алы хатт дæр хъæуой, тыхсты дæр, цины дæр... Хъуамæ сæ хорзæй буц уай, сæ цаудæй – къæмдзæстыг... Уæдæ куыд? Ныр куынæ ма стæм хорз, уæд, фыдæлтæ талынг æмæ мæгуыр куы уыдысты, æппæт хæрзтæ уыдонмæ кæцæй æрцыдаиккой?..

Нæ, лæгæн йæ уидæгтæ арф хъуамæ уой, фыдæлтæн се стæгдарыл æлхъывд ныхæст, науæд лæг искуыдæм дæр цæуаг у йæ бæстæй, æгъдау дæр – сафаг, æвзæрмæ – æмхиц, хорз – рохгæнаг... Уый æз не 'рымысыдтæн. Нæ хъæуы зæрæдтæ йæ ныхасы арæх дзырдтой. Ардæм куы 'рцыдтæн, уæддæр æй хъуыстон. Арахъхъы сыкъамæ дзырдта ирон лæг йæ зæрдæбын ныхæстæ æмæ-иу дзырдтой, фынгыл бадгæйæ: бæлас уидагæй фидар у, лæг – фыдæлты фарнæй...

Æниу тæхудиаг та куыд не сты нæ кæстæртæ?.. Æппæт сæ къухы... Уыдон цахъхъæнæй мах нæ гуыбын дæр никуы бафсæстам зæрдæйы фæндиаг. Никуы уыдыстæм, ницы федтам. Мæ цард фæуд уыд, мæ сывæллæттæ хъомыл æмæ афтæмæй мæ цæгат æмæ Цæргæсбадæнæй дарддæр никуы уыдтæн. Дæлæ мæ нæхи горæтмæ дæр мæ сывæллæттæ ныккодтой. Ныр та уым Саукъах дæр æрвылмæй вæйиы...

Æз – фынджы хистæр – чындзы мæ фарсмæ бадын кæнын. Æмæ нæ хицау, не 'фсины дæр афтæ фæнды. Мах та-иу уынгæджы уыдыстæм – хицауæй дæр, æфсинæй дæр, рæвдыд сæ чи кæд федта, чындз уæвгæйæ, иу стæм амонджынæй дарддæр? Æппæт дæр-иу чындзы аххос уыд.

Мæгуыр мæ бон, мæнмæ мæ номæй дæр никуы ничи сдзырдта... Цы хуынд, цы, мæ ном та?.. Мæхицæй дæр куы ферох и... О... Хъуыдинæ... Мæ мадæн æртыккаг чызг уыдтæн, лæппу йын нæма уыд, æмæ мыл хъуамæ Налхъуыт сæвæрдтаиккой... Хæныкъон, дам мын фæтæригъæд кодта æмæ мæ Хъуыдинæ рахуыдта... Ам мын мæ ном, æвæццæгæн, ничиуал зоны... Нæхион мæ фыды номæй хуыдта, æмæ Батуйы чызгæй баззадтæн зæронды бонмæ... Мæ цахъхъæн дзы дур дæр нал ис, æмæ ма мын чи зона ме 'цæг ном?..

Тæхудиаг сты, уæдæ цы: лæг равзар дæхицæн зæрдæйæ... Зон ын йæ уынд дæр, йæ зонд, йе 'гъдау дæр... Æз æй иу хатт дардмæ ауыдтон, уый дæр мæ цæсты тигъæй... Чызгæн ын бæззыдтæн, фæлæ мæн чи фарста?..

Æниу рухс дзæнæты бадæд, хъаст дзы ницы кæнын. Æвзæр мын нæ уыд. Хылтæ æмæ нæдтытæй никуы ницы уыд не ‘хсæн. Æрмæст куыддæр уый йæхицæн цард, æз – мæхицæн. Кæд-иу мæ æрымысыд, уæд-иу æрцыд мæ цурмæ, науæд хуысгæ дæр хицæнæй кодта... Сывæллæттыл дæр тынг зæрдейæ нæ уыд. Æцæг сæ цух ницæмæй уагъта, тызмæг сæм нæ дзырдта, фæлæ рæвдауынмæ дæр здæхт нæ уыд. Чи зоны, йæ зæрдæйы хатт афтæ уыд, æмæ йын æз рæстмæ ницы рахатыдтæн, цы бæрæг ис?..

Ссæдз азы фæдæн йæ къухы, фæлæ дзы ссæдз зæрдиаг ныхасы дæр нæ зонын, афтæ иу æфхæрæн дзырд дæр. Тæригъæд нæ зæгъдзынæн, мæхæдæг ингæны къахыл лæууын æмæ ма йæм уæд мæрдтæм цы цæсгомæй бацæудзынæн?..

Куы мæ фарстаиккой æниу, – фæнды дæ æви нæ? – уæд цы зыдтон, цы федтон æмæ цы загъта ин?.. Йæ уынд ын бафаудтаин? Æмæ рæсугъд лæг уыд цæсгомæй дæр, уæнгты ‘вæрдæй дæр. Йæ зонд? Æмæ йын цы зыдтон, науæд мæхи зонд тугыл аскъуыд?.. Йе ‘гъдау, йæ хæдзарвæндаг? Æмæ се ‘ппæтæй дæр мæ хистæртæ дæсныдæр уыдысты. Æз сæ хъыг цы дардтон – чызг хæрыны уæнгæл у! – æндæр сын цы ахъаз уыдтæн?.. Æмæ хъуыддаг уыдон зондæй кæй цыд арæзт, уый, æвæццæгæн, раст уыд...

Ныр цæмæн байхъусой Ади æмæ Еуа сæ мад æмæ сæ фыдмæ? Фидæнмæ уæлдæр ахуыр райсдзысты æмæ сæхæдæг хæдзардарджытæ суыдзысты, цы ма сын хъуамæ зæгъой сæ мад æмæ сæ фыд? Æгъдауы охыл ма сæ кæд фæрсой, æндæр нæ зонын...

Бæргæ, мад æмæ фыд алы хатт дæр афтæ зонджын куы уаиккой, æмæ-иу сæм сæ кæстæртæ зæрыбонмæ дæр зондæнхъæлцау куы уаиккой. Фæлæ уый хуызæн мад æмæ фыд кæмæн ис?..

Ныр сывæллæттæ фенæгдæр сты, ахуыр дæр, фæллой дæр сæм сæ уды фаг вæйиы æмæ ма кæм хъусынц хистæрмæ, æппын куы ницы фæзонынц, уæддæр... Мах зæрыбонмæ хæдзарыл баст уыдыстæм; сахсæнæвæрд бæхау, артдзæсты алыварс гæпп-гæпп кодтам... Ныр раджы аивгъуыйынц хæдзарæй, артдзæстæй æмæ йын аргъ дæр, æвæццæгæн, уымæн нал кæнынц... Хорз бæргæ нæу, фæлæ йын æндæр гæнæн исты ис?

Чи зоны, ис, фæлæ йæ æз цæмæй зонын? Æз сæм дардæй кæсын æмæ, чи зоны, рæдийын... Фæрссаг цæст, дам, уынаг у, фæлæ уый дæр цас раст у?..

Нæ, æвæццæгæн, зонд æмæ лæджыхъæды дуг у... Фæллойы

тыххæй дæм ничиуал байхъусдзæн. Гуыбыны дзаг бакусынхъом алчидæр фæци... Бирæйы тыххæй йæ уды цард чи фехала, ахæмтæ дзы стæм разындзæн, æвæццæгæн... Цæмæн дæм хъуамæ хъусой, дæ зонд æмæ дын дæ лæджыхъæдæй куынæ аргъуыц кæной, уæд?..

Æвæццæгæн, æгæр æндæрхуызæттæ стæм мах æмæ нæ нæ кæстæртæ æмæ нæ кæрæдзийæн уайдзæфты сæр уымæн бахъæуы. Чи зоны, хуыздæры сæрыл дæр нæу, фæлæ æгæр æндæрхуызæттæ кæй стæм, ууыл?

Цæй, мæ лæппу индзылер у, æз æнахуыр зæронд ус – иухуызон куыд уæм, кæрæдзиуыл куыд фидауæм? Бæргæ, куы ницы буцтæ æмæ уайдзæфтæ уаид не 'хсæн, фæлæ куыд? Æз цард æмæ рад, фарн æмæ кад æндæрхуызон æмбарын, уый та – æндæрхуызон. Куыд раивон æмæ кæцырдæм?

Кæд, мыййаг, æз дæр бынтон аппаринаг нæ дæн ме 'гъдау æмæ мæ зондимæ? Мæ сагъæс ууыл у. Æндæра хъуыддаг æнцонæй раивид. Ныммæлдзысты зæрæдтæ, сæ зонд дæр, се 'гъдау дæр семæ ахастой æмæ хабар ууыл ахицæн. Фæсивæд се 'гъдау, сæ зондимæ баззадысты æмæ фæрныг цард кæнынц... Уæу, кæд, мыййаг, æххæст афтæ нæу? Кæд, мæнмæ хорз цы кæсы, уый дæр афтæ æппаринаг нæу? Кæд уый сæр дæр хъæуы лæджы аив æмæ фæрныг цардæн?..

Чи сдзурдзæн уæд мæ фæстæ мæ зонд æмæ ме 'гъдауы сæрыл? Мах, ивгъуыдæй æрцог адæм, фидæнмæ чи ницыуал бар дары?.. Мах æнахуыр æмæ æнæсдзырд куы стæм, уæд чи фæуыдзæн нæ хорзæн нымайæг?..

Сæрдзыдты нæм куы ракæсой хъал кæстæртæ?.. Сонт лæг лыстæг нымайынтимæ лымæн нæ вæййы. Сæ зонд куы 'рцахсой, уæдмæ та сын æрæджы куы бауа – сæ къухы куы нал бафтой, махæй сæм цы хæрзиуджытæ æмбæлы, ныр къахæй кæй ассон-ассон кæнынц æвзæрæнхъæл, уыдон?.. Мардæрцыд уый у, мардæрцыд... Фæлæ йын цы мæ бон у?..

Е-е-е! Цытæ дзурын! Уыдонмæ ахæм ныхæстæ уæндын, уый мæ куы зониккой, уæд сæ фæрстыл æфсæйнаг тæлытæ бакæниккой – худæгæй нæ марыс, зæгъгæ... Æз та сын зæндтæ амонын, тыхстæй сæм дарын мæ цæст – куы фæрæдийой, уымæй сын тæрсын... Сохъхъыр дæрддзæстæн фæндаг амыдта – ма, дам, фæкæл!.. Худæг!..

Æппæтæй æххæст æмæ рæвдыд чи у, уый цæмæн хъуамæ

рæдийа, нæ зонын... Чысылæй фæстæмæ æппæтæй ифтонг сты: мад, фыды рæвдыд, хæринаджы хорз, дарæсы аив, бонæн ног хъазæн. Мах та-иу къæцæл чындзытæй буц уыдыстæм, æндæр хъазæн ма искуы ис, уый зонгæ дæр нæ кодтам...

Чысыл байрæзтæ, уæд скъола, адæмы хуыздæртæ – дæ фарсмæ, дæ зондамонæг. Ахуыр, рухсад, куыст... Стæй уæд дæ цард сараз дæ зæрдæйы фæндиаг...

Арæх, дам, байуарынц... Иу бон мой скæн, иннæ бон та, дам, дзы дæхи байс, кæнæ уый афардæг уыдзæн...

Ницы худинаг мæм кæсы ацы хабар... Раздæр йæхи стæмтæй дарддæр ничи иста. Худинаг уыд лæгæй ахицæн. Стæй кæдæм цæуыс? Дæ фыды уæлартмæ? Æмæ дын уым цы баззад? Уайдзæфтæ, бустæ, æфхæрд, схуыст æмæ æрвылбоны фыдæбон... Æмæ ма уæд дæхи цы исыс, цы уæлдай у?..

Ныр та?.. Дæ цард нæ цæуы, уæд ахицæн у. Уым диссагæй цы ис? Диссаг уый у – лæг йæ зæрдæйы фæндиаг кæй рацæры иу афæдз, иу мæй, науæд иу къуыри, науæд иу бон дæр... Уый царды иууыл стырдæр хæрзиуæг куы у, уæд ууыл цæуылнæ дзурæм, цæргæцæрæнбонтæм цæуылнæ ахаста, зæгъгæ, йæм фаутæ цы хæссæм?..

Чи йæ зоны, цас фæцардтæн, фæлæ мæ царды бонтæй æрмæст иу уыд æвæджиау диссаг, æмæ йæ абоны онг мæ зæрдыл дарын. Цыкурайы фæрдыгау – æппæт дзыллæтæй сусæггаг. Æрмæст иунæг Хуыцау – йæ зонæг... Æмæ æз... Æмæ уый...

О, мæ боныл, куыд риссы мæ сæр... Сыгъды тæппалау æм фæцагайд куы нал ис сæры магъзмæ. Сахаты цъыкк-цъыкк дæр æм дзæккоры хостау куы кæсы, уæд цы хабар уа?.. Æви мæм, æцæг, уæлдай туг ис, æмæ тугдадзинтæ, сæгъы фæдджытау, ныддымстысты...

Цынæ ‘рымысдзысты адæм! Цæй туг мæм ис, мæнæ хус æрчъиаджы хуызæн зæронд хъебыр... Мæлынафон ын у æмæ амæлдзæн. Цы ‘фсæнттæ ма йын мысут – тугуæлдай!.. Тугдадзинтæ, дам, атыдтой... Сæр, дам, тугæй байдзаг... Цъулбертæ, дам, ыл сæвæрут!.. Мæлын-иу куы бауадзиккой лæджы уый бæсты æнцад-æнцойæ...

Цы диссаджы хъарм фæззæг уыди!.. Фæндзæм аз цардтæн нæ лæгимæ. Дыууæ сывæллоны мын уыди, фæлæ нырма мæхæдæг дæр сывæллон уыдтæн, уæдæ цы... Куыд мæ зæрдæмæ цыдис уыцы лæппу. Æниу ныхас дæр никуы уыд не ‘хсæн...

Хуыцауы бон уыд, æмæ æхсæртæ тонынмæ ацыдтæн, мæ

дзæкъул ме ‘ккой, афтæмæй. Куыроймæ дзы ссинаг ахастон æмæ йæ куы бавгæдтон, уæд æхсæрджын адагмæ ссыдтæн... Адагмæ бахизæны, тигъыл, хъæдгæрон æрбадтæн æмæ мыл цыдæр æнтъыснæг бафтыд. Мæ зæрдыл æрбалæууыд: ныр цыппар азы мæ цæгаты кæй нал уыдтæн, кæй мæ ничи абæрæг кæны, ам дæр мæ рæвдауæг кæй ничи ис...

Ноджы тæрсытæн сæ бур сыфтæр дымгæйы алы улæфтмæ згъæлди... Мæ хъæбыс чысыл æмгъуыдмæ айдзаг хауд сыфтæртæй æмæ мæ зæрдæ уынгæг кодта...

Уалынмæ уыцы дзæнæты бадинаг кæцæйдæр фæзынд. «Цæуыл кæуыс, чындз?» – бафарста мæ æмæ мæ разы æрлæууыд... Æз фестъæлфыдтæн, фæтарстæн, фæлæ мæ йæ цурæй ацæуын нæ фæндыд æмæ ныфсæрмы дæн, уырдыгмæ ныккастæн... Æниу æм уайсадгæ нæ кодтон... Мæ цахъхъæн уыд, æндæр нæ...

Цы йын загътаин? Æмæ уæндгæ дæр кодтон? Ма, дам мæ тæрс, æз дæм нæ февналдзынæн, мæ чындз куы дæ... Æниу мæ уæд сусæгæй фæндыд, куы мæм февнæлдтаид, куы мæ æрбахъæбыс кодтаид. Фæлæ уый дæр æфсæрмдзæстыг, æз – бынтон æнæуæндаг... Бæргæ, дам мæ фæнды демæ лæууын, ныхас кæнын, фæлæ, дам, сом хъæуыхицауимæ уездмæ цæуын, салдаты мæ кæнынц... Цалынмæ æрцæуон, уæдмæ, дам, æвæццæгæн, иудадзыг дæр дæу мысдзынæн...

Йæ ныхæстæм мæ цæссыгтæ ныггæр-гæр кодтой...

Нал æрыздæхт. Нæ зонын – мысыд мæ, фæлæ йæ æз мысыдтæн... Бирæ рæстæджыты... Цалынмæ мæхи хъæбултæ салдаты нæ ацыдысты, уæдмæ...

Йæ дзыппытæ æхсæрæй йедзаг уыдысты æмæ мын сæ мæ дзæкъулы ныккалдта... Ницы хорзы, дам дын бацыдтæн, уый мæ уæддæр дæ зæрдыл дар... Бæргæ йæ дардтон мæ зæрдыл, фæлæ нал раздæхт...

Ницы уыд не ‘хсæн... Æниу куы уыдаид, чи зоны уæд амонджындæр уыдаин... Ницы уыд, фæлæ уыцы бонæй мысинагдæр, уымæй æвæджиаудæр нæй мæ бирæ цæрæнбонты ‘хсæн...

Ныры фæсивæд, дам, тагъд байуарынц... Изæр бафидау, райсом ахицæн у!.. Цæстыфтауæн ныхас, æндæр ницы... Æвзæр ми уын дæ цæстæй, фæлæ æвæджиауы хæрзиуæг – зæрдæвæндон цард, диссаджы цард æрвитыны фадат! – ма уын, уый худинаг у, мæлæт...

Кæд ын, мыййаг, аргъ кæнын нæ зонынц, кæд сæхимæ ницы

æвæджиауы хæрзиуæг кæсы, уæд та? Кæд ыл, мыййаг, сахуыр сты æмæ дзы хынджылæг кæнын райдыдтой?.. Мæнæ ма ныры æнæфæныкæй хъалтæн сæ сывæллæттæ урс дзул – мах та йæ чырыстон ссад хуыдтам! – фæраппар-баппар кæнынц афтæ... Уæд сын худинаг уæд!.. Æндæр сын цы мæ бон у... Уæд сæхицæн фыддæр!..

А, дзулæн ма аргъ кæн. Махмæ хæхбæсты хор туджы аргъ уыд, æмæ, чи зоны, фых хойраг нæ цæсты уымæн афтæ кадджын уыд... Уый домæн нал ис ныры кæстæртæй. Ныр хорæн балхæнæн ис, æхцайæн та – бакусæн. Уæртæ, дам, паддзæхтæ дæр кæрæдзийæн рауæй кæнынц, науæд æфстау раттынц... Фæлæ уыцы æвæджиауы хæрзиуæгæн куынæ балхæнæн ис, куынæ æфстау райсæн... Уымæн иу аргъ уыд æмæ нæ аивта: уый, раздæрау, æвæджиау æмæ бæллиццаг у ныр дæр. Уый сыгъдæг амонды фадат у, æмæ йын кæд аргъ нæ зонынц, уæд сæ мæлæт хуыздæр, æндæр сын цы зæгъон?..

О-о-о, куыд риссы ацы дзæгъæйладжы сæр!.. Уæд та йæ уазал хæцъилы батухин?.. кæд фæлæууид...

Уыцы мæгуыр лæппуйы рагæй нал æрхъуыды кодтон æмæ уымæн дæр рухс зæгъын хъæуы. Мæхи зынгхуыст хъæбултæ дæр уыйау салдатæй байсæфтысты... Чи зоны, искуы иу зæххы æрцыдысты ныгæд дæр, цы бæрæг ис?.. Рухс дзæнæты бадæнт!.. Чырыстийы рухсы!..

Цæссыгтæ бирæ бахус мæ рустыл, адон дæр ма цы сæрфон. Рухс ссудзын хъæуы, фынгмæ исты æрдавын хъæуы... Кæмдæр ма мын иу арæзт мыдадзын цырагъ куы уыд, уый дæр ссудзын хъæуы... Иугæр рухс кæнын, уæд, куыд вæййы, афтæ – æгъдауыл...

– Рухсы бад, уыцы лæппу!.. Дзæнæты уæ разы уæд ацы хойраг, мæ хъæбултæ!.. Хæрзаудæн кæнут уæ адæмыл! Цæрын уын нæ бантыст, фæлæ цы кæнон, мæ хуртæ, уæ амонд æндæр нæ уыд, æвæццæгæн...

Уæй, иу хуыпп дæр мæ бон куынæуал у ацы арахъхъæй. Фæстæмæ йæ дурыны уадзын хъæуы. Мыдадзын цырагъ къулыл ныхæст у æмæ йæхæдæг судздзæн, фæлæ мæ сæрæн хуылыдз хæцъил дæр исты баххуыс кæна, гъа-да-гъа...

Уæ, Хуыцау, уæд та мæ иу чысыл фынæй бауадз, мæ сæры рис мын фæуром, науæд арт кæнынмæ зивæг кæнын, æнæарт хæдзары куыд бадон, хуысгæйæ мæ сæры рис нæ уромын...

Æнхъæлдæн, хуылыдз хæцъил фæхос ис... Дæ хорзæхæй, мæ уат та цы уæлдай фæхъармдæр, мæ зæронд стджытæ куы батæфстысты, цыма пецы фарсмæ, чъырын арты фарсмæ бабадтæн?..

Цымæ, уый та цы уа, фын æви?.. Мæнæ уæды хуызæн дзæнæты фæззæг. Згъæлы тæрсытæн сæ бур-бурид сыфтæр... Згъæлы æмæ зæххыл сызгъæрин хъæццул æмбæрзы... Кæд, мыййаг, мæ хъæбысмæ хауынц сыфтæртæ?..

3. ЗÆРОНД ХО ДÆР ХО У

Абон фæсаходæн æрбайхъуыст: знон сихорафон амард Кæрион. Уый дæр зæронд ус уыд. Сыхаг хъæу – Дурджыны цард. Цæмæдæр, дам, фæгуыбыр кодта, ахауд, бауадзыг æмæ нал æрчъицыдта, йæ уд систа.

– Иннæбон æй æвæрынц, – загъта хъæргæнæг æмæ аздæхт фæстæмæ. Комкоммæ мæнмæ не ‘рбацыд, æгас хъæуæн иумæ хъусын кодта хабар, фæлæ мын æй цы зонын хъуыд – фыццаджы фыццаг мæнæн кæны мæ хойы сæфты кой. Зæрæдтæ стæм нæ дыууæ дæр, фæлæ зæронд хо дæр хо у... Зæрдæ скъуыйгæ акæны, зæронд – нæ бавæййы. Дыууæ уды ‘хсæн цы адджындзинад вæййы, уый зæронд нæ кæны, цалфæнды азы йыл ацæуæд.

Уадз æмæ цæуой цæссыгтæ... Кæдмæ ма сæ уромон?.. Кæмæн нымд кæнон: мæнæн мæ хо у иннæты уæлдай... Ныр мын æввæхсты тугхæстæг ничиуал ис. Нæ хъæуы чызджытæй чысылæй кæимæ рæзыдтæн, уыцы адæмæй ма æрмæст Кæрионыл, Сабейыл æмбæлдтæн иу стæм хатт. Ныр уый дæр афардæг. Цæгаты ‘рдыгæй мын ничиуал ис, мæ царды бонтæ ма кæимæ ‘рымысон, ахæм... Иууылдæр уым сты. Мæнæн дæр афон у, æрцыди мæ рад дæр æмæ цæттæ хъуамæ уон. Цы гæнæн ма дзы ис...

Дард нæу Дурджын, дыууæ версты-иу æй хуыдтой раздæры адæм, фæлæ митвæндагыл мæ хуызæн зæрондæн дард у, уæдæ циу! Цæй, кæд фæссихормæ æрбаздæхин. Фос дæр уæдмæ фæлæудзысты, стæй сын уæд бадардзынæн дон æмæ сын холлаг баппардзынæн...

Ацы æнæрайы цæстытæн дæр сæ дон мизы æмæ кæсын нæ уадзынц, æвæццæгæн, уазал у, фæлæ йæ æз мæ тæвдæй нæ хатын... Хорз у уæддæр, æмæ ацы къахвæндаг тынг над у, стæй мæ

къадзон лæдзæг дæр рахастон, æндæра кæдæм фæхæццæ уыдаин...

Рухс дзæнæты фæбадай, мæ хо, кæд цы батагъд кодтай... Æниу амондджын дæ, ахæм хорз боны чи цæуы йæ мæрдон фæндагыл...

Хур бон... Мит æрттывдтытæ кæны, цæстытæ йæм нæ лæууынц. «Мардæмбæрзæн цикъæйы хуызæн – урс-урсид мит»... – цæй арæх æрлæууы мæ зæрдыл, дæ хорзæхæй?..

Иу чысыл аулæфин уæд та?.. Ныр æрдæгвæндагæй ахызтæн, дард нал у, ахæццæ уыдзынæн... Мит цæстытæ къахы, кæд къухауунæй кæса лæг йæ развæндагмæ, æндæр...

Æцæг урс-урсид мит куы у. Цæстытæ йæм нæ лæууынц... Кæд, мыййаг, æз Чъырыны талынджы бадын сахуыр дæн, æмæ мæм уымæн афтæ кæсы?.. Æмæ уæдæ ныры онг мит никуы уыд æви?..

Уæлæ уыцы фæтæнты бирæ хæттыты ссывтам Сабейы мæгуыримæ. Мæ фæстæ ‘рцыд чындзы, чысыл кæстæр мæ у, æмæ цинæй мард – иу ран, дам, уыдзыстæм æмæ, дам-иу, нæ хъæстытæ кæрæдзийæн фæкæндзыстæм!.. Ныр ма æз кæмæн фæкæнон мæ хъæстытæ, бецау дæ бон?.. Кæугæ дæр ма мыл дæуау зæрдиаг чи фæкæндзæн?..

Уæлæ Саргъауы рæбын та не ‘хсæртонæн уыди фæззæг. Кæнæ Дондихы рагъыл къабузæг тонынмæ цал хатты уыдыстæм иумæ... Уæлæ комы кувæндонмæ цал хатты ссыдыстæм æхсæв нæхи фæдзæхсынмæ. Арты цур-иу фæбадтыстæм нæ сывæллæттимæ. Лæгтæй ам ничиуал уыди Стыр хæсты рæстæджы, æмæ-иу мах, зæронд устытæ, уыдон бæсты цыдыстæм...

Сæрд бæргæ рæсугъд у нæ бæстæ, фæлæ дзы зымæг атæлфæн никуыдæм ис... Хорз у, æмæ мит дæр нал уары – раивта бæстыхъæд дæр, æрдзыхъæд дæр, – стæй фæндаг дæр сырæзт горæтмæ, æндæра гъеныр Сабейы мардмæ чи ‘рцæуид йæ хæстæджытæй дæр?.. Дæ мардыл дын куы ничи бахъынцъым кæна, рухс ын куы ничи зæгъа, уæд уый та дыууæ мардæрцыды у...

Цымæ ма мыл сæрд æрцæудзæн? Фендзынæн ма нæ фæтæнтæ, нæ хъæд сыфтæрæфтыдæй?.. Цæмæн ма хъæуы, афон у!.. Сабейы фæдыл адымын хъæуы... Цæрынæй дæр куы сфæлмæцыдтæн. Мæлын, æвæццæгæн, никæй фæфæнды... Мæнгæй-иу нæ дзырдта Хъарайы фыд, – мæрдты Чырыстийы рухсы бадæд, – цард зынаргъ у, зæгъгæ.

Уд зынаргъ у алкæмæн дæр, фæлæ иугæр цæрынæн нал дæ,

уæд мæлын – лæгæн йæ хуыздæр хос!.. Уымæй уæддæр фæивгъуыд нæй æмæ ма йæ цы расай-басай кæныс...

Æй, куы дæм æрбахæццæ дæн, мæ хойы хай, уæд ныр цы ми бакæнон дæ мæрдадзы?.. Хъæрæй кæугæ дæм бацæуин æмæ мын худинаг у... Нæ хъæуы æхсæны куывды мыггаджы хистæрæн фæбадын æмæ мын искæй уæзæгыл æнæнымдæй кæуын худинаг у...

Стæй кæуын дæр мæ бон куы нал у, мæ хо, уæд цы кæнон?.. Мæ хъæлæс – фæсус, мæ зæнгтæ мæ нал хæссынц, лæдзæджы æнцæйтты цæуын æмæ афтæмæй цæй хъарæг фидауы... Лæдзæг къæсæры цур бахъил кæндзынæн, фæлæ уый фæстæ дæр аив æгъдауæн нал бæззын, мæ хо, нал...

Уæй, куыд дыл бакæуон, мæ хо,
Æз дæуæй куы ныфс æвæрдтон,
Уæд мæ куыд сайд фæкодтай?..

Ныр, бæргæ, нæ мæрдон фæндæгтыл
Зæххон радæй куы цæуиккам,
Уæд дæ мæ разæй нæ ауагътаин...

Ныр цы бон æркодта мæ иунæг сæрыл,
Ныр ма мæныл та чи фæкæудзæни,
Цæгаты 'рдыгæй нæ цуры куы ничиуал ис...

Уæй, дæ зæрдæйы скъуыддзæгты
Бæргæ дзæбæхæй уадзыс,
Фæлæ мæгуыр дæхи сæры бон.

Уæй, æнæрайы фæндæгтыл фæцæуай,
Кæд куыд батагъд кодтай –
Дæ хъæубæстæн дын
Хæрзбон зæгъын дæр куы нал бантысти...

Уæй, мæ хуызæн зæронд усыл, мæ хо,
Кæуын дæр куынæуал фидауы,
Уæд цы бакæнон, мæ иунæг сæры бон...

Кæд, мыййаг, развæлгъау мæхиуыл кæуын,
Ма мыл фæхудут, хъусджытæ,
Зæронд хо дæр лæгæн йæ мады зæнæг у...

Ныр кæдæм тындзыс ацы митвæндагыл,
Дæ мæрдадзмæ æрцæуын кæй фæнды,
Уыдон дæр фæндаг куынæ арынц...

Ацу, ацу, мæ уæздан хо,
Уæлæуыл фæрсæй-фæрстæм фæцардыстæм,
Мæрдты дæр дæ иунæгæй бирæ нæ ныууадздзынæн...

Рухс фæндæгтыл фæцу, мæ уарзон хо, –
Мæ зæрдæйы судзаг мæ дзурын кæны,
Æндæра ды мæ ныхасмæ нал байхъусдзынæ...

Дæ бирæ лæггæдтæ нын фидинаг ма фæкæ, мæ хо,
Дæ удæгасæй бараг уыдтæ,
Дæ ног быууатæй дæр ныл хæрзаудæн кæ...

Гъа, нал дыл кæуын, мæ хо. Мæнæ дæ цуры бадын, ницыуал дзурын дзургæ дæр, дæ ныхы уырынгтæ ма дын лæгъзытæ кæнын мæ хус армæй, æндæр цы кæнон?.. Мæ цæссыг кæй нæ лæууы, уый дæр дæм дис ма фæкæсæд... Цæгаты ‘рдыгæй, хъæды халонау, иунæг дæн дæ мæрдадзы, нæ бирæ мыггагæй нæ уæлхъус ничиуал ис...

Худинаг у, бæргæ, адæмæй, ахæм хуызы бадын, фæлæ дыл уæдæ чи фæкæуа, дæхи чызджытæй ам ничи-ма ис, иннæтæй та дæм мæнæй æввахсдæр ничи у!..

Æниу цæй худинаг, рæхджы мæхи дæр уырдæм хъæуы... Цымæ, мæныл та зæрдиагæй чи фæкæудзæн мæ чызджытæй фæстæмæ?.. Æвæццæгæн, зæронд устытæ, уыдон мыл ахуырдæр сты, стæй мæ фæстæ уыдон рад дæр æввахсдæр кæны æмæ сæхиуыл дæр кæудзысты. Иууыл мæгуыр та Хъайсынон у, ууыл æппын скæуæг нал уыдзæн... Хист дæр ма йын чи скæндзæн?

Хæдзармæ цæуын хъæуы, цалынмæ рухс у, уæдмæ. Мæ зæронд къæхтæ талынджы ницы бакæндзысты. Ам та мын лæууæн нæй – фос æнæзылд, хæдзар – æнæркаст, сывæллон – дуармæ... Цæуын хъæуы... Изæры зылдтытæм.

– Цæй-ма, исты хæдзаргæс разындтæ, хъæбул?..

– Æмæ кæмæй фыддæр дæн? Дæумæ ма кастæн, æндæра сын холлаг дæр нывæрдтаин. Дон сын бадардтаин, сæ бынтæ дæр сын расæрфтаин...

– Уæдæ сын холлаг иумæ нывæрæм цом, мæ лæппу...

– Цом, тæскъ мын над у хосæй, фæлæ йæ иунæгæй нæ фæрæзтон...

– Æмæ цы ныгъуылдтытæ кæныс, мæ лæппу, тæскъ стыр лæгтæ æмæ зæронд устытæ дæр тыххæй куы фæразынц, уæд дæм цы диссаг кæсы, ды йæ кæй нæ фæразыс, уый? Фæлæуума, стонг дын кæд нæу?

– Цæй стонг, Быценон нæ хорз федта Цамелимæ, уый дæр мæм фæкаст, хæдзар хъахъхъæнынмæ.

– Хорз, уæдæ, мæ хур, хорз! Цом, нæ фосмæ базилæм æмæ дын стæй чъири гуыл скæндзынæн...

...Бæргæ зивæг кæнын уæларынг балæууынмæ, фæлæ сабийы чи сайы, фыдæнхъæл йе знаг фод...

Сабе, мæрдты рухсы бад, æвæтчиаг у мæнæн урссагимæ архайын, фæлæ ницы кæны – лæппуйы куыд фæсайон?.. Æмæ иугæр æвналын урссагмæ, уæд та дын рухс хъуамæ зæгъон нæ зæронд мæрдтимæ иумæ... Ма-иу мæ рахъаст кæ, Сабе...

Рухсаг ут иууылдæр, номгай уæ нал нымайын... Ацаходынæй мæм ма бахатут, тыхст æмæ фæллад дæн, мæ сæр дæр та риссы æмæ иу арахъхъы хуыппæй дæр нал бафынæй уыдзынæн райсоммæ... Æмæ ма кæд мæнæ мæ лæппуйы йæ фыды къухмæ фæхæццæ кæнин фæззæджы...

* * *

...Цы уыд уый, дæ хорзæхæй? Фынтæ уыдтон æви мæ сæр сдзæгъæл? Цафон у, цæ?.. Талынг, кæрчытæ уасыдысты, цымæ? Сахат дзедзырой кæны, цы йын у... Мæ сæр та æгомыг рыст кæны. Ныр дæр та нуазгæ бакодтон?.. Сандыræн зæгъын хъæудзæн, уый уæддæр арæх вæййы районы æмæ мын кæд исты хостæ æрбахæссид...

Нæй, фынæй дзы нал ис, сыстын хъæуы... Фæлæ ми дæр цы кæнон?.. Æниу мæ къуымбилтæ балвисин... Мæрдырох мыл бафтыд: ælвыст куы сты... Æхснудгæ сæ бакæнон, мæ дзара уæртæ къуымы куы лæууы...

Нæ, фæлæ уæддæр цæй фынтæ уыдысты – удæгасы хуызæнæй мæрдты бæсты мемæ ныхас кодтой нæ хъæуы зæрæдтæ... Нæхион – фыццаг, стæй – иннæтæ, ам чи ‘рцыд ныгæд, уыдон. Диссаг, мæ хъæбултæ дзы нæ уыдысты, стæй уыцы лæппу дæр, фæлæ дзы Хъарайы хистæр лæппу, дæлæ йын стыр калачы кæй амардтой

хæсты размæ, уый дзы федтон, æмæ уый та цы нысан кæна?

Цæмæй мæ нæ фарстой... Цы сæ хъæуы? Рухс дæр сын бирæ куы фæкодтам? Кæд мæм сæхимæ сидынц, кæд, мыййаг, æмбарæн ныхæстæ уыдысты?..

Æндæр ма уын цы зæгъон?..

– Дæ хорзæхæй, чындз, æмæ мæн тыххæй та цы зæгъынц, мæн тыххæй? Стæй мемæ чи фесæфт, уыдон тыххæй? Кæм сты, цы баисты, уæлзæхх зындонæй дзы ничиуал раздæхт?..

– Хъараты læппу, дæ уд æрæнцой уæд – æвзæр дæ ничиуал ницы дзуры... Æрыхъуыст нæм стыр хæсты размæ, Сыбыры хай, дам дæ бакодтой... Йæ фæстæ – амардтой, дам дæ. Ноджы дзырдтой – адæмы знаг, дам, уыд. Цы знаггад ракодтай, уымæн, æцæг, ницы базыдтам. Æниу дæуæй знаггад никæй уырныдта. Дæ дæлфад мæлдзыг куы никуы фæкодтай, суанг дæ чысылæй дæ læджы ранмæ цалынмæ рацыдтæ, уæдмæ, уæд ма стæй адæмæн знаггад куыд ракодтаис?.. Никæй уырныдта, уый нæхицæй зæгъын – хъæуы адæмæй, чи дæ зыдта, уыдонæй.

4. НОГ АЗ – НОГ ФАРН

– Æдзи, ахсæв, дам, Ногбоны ‘хсæв у. Æцæг у, æви хъазгæ кæнынц?

– Дæ нывонд фон, æмæ дын æй нæма загътон?.. Уыцы зианы фæстæ мæ сæр сдзæгъæйлаг æмæ мæ алцы рох кæнын райдыдта. Уастæн æвзæр исты бахæрæд, лæгæн зæры бонтæ цы зæд снывонд кодта, уый. Лæг læджы хуызæн вæййы – йæ уæнг дæр, йæ зонд дæр, йæ конд дæр – æмæ дзы маймули ацаразынц; афтæмæй, дам, цæр, зæронд, дам дæ!... Гормон, кæд мæ цæринаг кæныс, уæд адæмы хуызæнæй, науæд мæ цы хынджылæг кæныс!.. Уæд мын фæлтау мæ уд сыскъуын æмæ ма хъизæмар кæнон... Гæныстон фæу, цы зæрдæ дæ, фырдзырд мыл бафтыд... Ногбоны ‘хсæв у, мæ хъæбул, æцæг дæр. Ныр изæр у æмæ макуыдæмуал ацу, нæ фæтчы. Ацы изæр, ахсæв алчидæр хъуамæ йæхи артдзæсты бада. Афтæ у, мæ хъæбул... Мах дæр нæ мæгуыр муртæм базилдзыстæм, гуыргуырон арт скæндзыстæм, уæларынг балæудзыстæм æмæ бирæ гуккутæ скæндзыстæм... Æдзи дын бирæ цыдæртæ скæндзæн, мæ læппу. Цалынмæ дын Æдзи удæгас уа, уæдмæ дыл Ногбонтæ хъазгæ

æмæ райгæ цæудзысты – бæрæгбон у æмæ афтæ æмбæлы, уый фæстæ та – дæ хъару æмæ дæхæдæг. Ныр та нæ изæры зылдтытæ райдайæм. Æниу нæм, хъæбул, зилинаг бирæ ницы ис. Развæлгъау мын цæттæ сты иууылдæр. Холлагдоны – тæсчъырдæг хос, æндæр нал фæразын æмæ йæ цы йедзаг кæнон, стæй холлагыл ауæрдын дæр хъæуы; мæ цæст æй тынг нæ уарзы, тас у, мыййаг куынæ сфаг уа. Цæттæ мын у хуыгисты хæринаг дæр – фых картæфтæ, фæрæктæ æмæ кæрдзыны уæлдæйттæ ссæстæй дæлæ къæртайы; бæлæгъы ма сæ ауадзын хъæуы, æндæр ницы. Сæгътæ мын суанг изæрмæ дуармæ уыдысты, сæхи дзæбæх фæтавтой хурмæ чъырыны дæлбазыр фæйнæджыты уæлæ, уыцы æгуыппæджы... Куы сæ бакодтон сæ бынаты, уæд сын баппæрстон хосы муртæ æмæ сын райсоммæ уый дæр фаг у. Æнхъизæн дæр мын стыд у. Кæрдзын кæнын дæр зонын, мæ хъæбул. Ноджы, ды мæ цуры куы лæууай, куы мын æххуыс кæнай, артæй мын мæ къух куы аразай, уæд бынтон æмбисонд фæуыдзæн мæ кæрдзыны конд... Уæдæ... Кæддæриу Хъарайы фыд, – мæрдты цы хуыздæр ис, уый йæ хай! – афтæ дзырдта, æцæг æфсинæн, дам, Батуйы чызгау, хъуамæ йæ дыстæ – счъил, йе ‘нхъизæн æнхъызт уа! Канд æнхъизæн нæу, цыхтытæ дæр мын ист сты хæндыгæй – æрлæдæрсой развæлгъау, æртхурон дзаджджын хъуамæ уа!.. Цом, нæ фосы хабар уал ахицæн кæнæм, хъæбул!..

* * *

...Стыр зæрдиагæй архайдта мæ læппу, йæ нывонд фон. Зæронд аз, дам, фæуд кæны абон, ахсæв ног аз æрцæудзæн æмæ ног фарн æрхæсдзæн йемæ. Зæронд аз, дам, кæуыл куыд ацæуа, ног аз йæ фарн уымæ гæсгæ уардзæн. Кусгæ, хæдзары змæлгæ, райгæ кæй æрæййафа уымæн, дам, йæ хæрзиуджытæй фылдæр фæхай кæндзæн. Афтæ, дам, дзырдта абон Хъайсынон сæ хæдзары æмæ, дам, æцæгдæр, рæстытæ амыдта?.. Ныр, æвæццæгæн, уый адыл йæхи хъары змæлыныл. Чысыл раздæр мын иу къуыдыр суг дæр басаста надзахийæ. Фæрæтмæ æвналын æй нæ уадзын, дæ къах дзы ныххафдзынæ, зæгъгæ, йын фæкæнын, фæлæ Ногбоны тыххæй ницыуал сдзырдтон ацы хатт...

Ныр нæ зылдтытæ дæр фесты, скъæт сыгъдæг, хъарм, стуры æхцон тæф дзы цæуы æддæмæ. Сæныччытæ ныр аст баисты, Цамелыхъо дæр йæ сæныкк нæма акодта, мæхæдæг ын æй нæ

ауагътон, цалынмæ йыл æртæ къуырийы ацæуа, уæдмæ, кæд æхсыр йæ фаг бадæид æмæ фæфидар уаид. Бауасынц зæбулхъустæ æууилгæ-æууилын, аракæс-бакæс кæнынц, стæй та сæ сæртæ хосы фæтъыссынц. Æтт, хæйрæджытæ! Сæгъ йæ райгуырдæй йæ мæлæтмæ хæйрæг у...

– Саукъахы къуындзих, скъæты дуар ды æрæхгæн – фæстаджы къух, дам, аразæг у, – кæд дын Ногбон йæ фарнæй дзæвгар бахай кæна, уæд ма райсоммæ дæ сæныччытыл дыууæ бафтдзæни. Уæртæ ма хъусцæгджын сæгъмæ бакæс. Йæ дæллагхъуыр дыууæ тымбылæджы куыд дзедзырой кæнынц, йе ‘фсæртæ куы стилы, уæд!.. Йæ хъоппæг цæстытæй куыд кæсы – йæ зæрды ахсæв ныззайын ис. Кæс-ма, уæртæ дыууæ сæныччы сæ мады фæлынтæй гудзицц кæнынц. Нæ сæ уыныс?.. Ницы кæны, кæд амонджын цæрæг дæ, ногбон дын фарн æрхæсса, уæд райсом дыууæ дæр æхсæвы цъæхæй дæ уатмæ бамехъехъе кæндзысты. Уæдæ!.. Æрмæст скъæты дуар ды хъуамæ рахгæнай, уæд дæ къухы фарн райсоммæ фæбæрæг уыдзæн.

«...Нæ хæдзар дзулфыцæн артмæ цæй хъарм сси!.. Рухс – дуармæ дæр, хæдзары дæр, электры цырæгътæ судзынц гъæйттæй. Æдзи чъиритæ кæны, фыцы, фынгыл æвæры. Хуыгист та, дам, комахсæны аргæвддзыстæм. Уæдмæ, дам, чи зоны, дæ фыд дæр æрцæуа. Æниу йе ‘ргæвдын мæн æппындæр нæ фæнды, замманайы хъылдымтæ сисы, æддæмæ йæ куы рауадзæм, уæд. Фæлæуу-ма, чъиритæ иууылдæр фых куы сты, цæмæннæ хæрæм, уый ма цæй гуылтæ кæны Æдзи?»

– Саукъах, ардæм рацу æмæ дын, Æртхурон циу, уый равдисон. Уыныс ацы стыр чъири, йæ цъар – бæзджын, йæ мидæг хъæбæр цыхты стыр къæрттытæ. Ноджы ма йын йæ мидæг нывæрдзыстæм æхцатæ. Куы сфыца, уæд æй байуардзыстæм – уый райсом уыдзæн, ахсæв нæ фæтчы – æмæ амонджындæры фæуыдзæн æхцаджын хай, иннæйы нæ. Цæттæ мын сты æхцатæ дæр: æвзист æртæ абазийы æмæ иу сызгъæрин сом. Уыцы сом мын кæддæр дæ фыды фыд радта...

Кæдæй нырмæ æвæрд мын у!.. Фыццаг мæ йæ бахардз нæ фæндыд – зæгъын, махмæ дæр сомыхъомæн сызгъæрины хъæстæ уæддæр уа, – стæй та йæ нæхионы номыл дардтон... Ныр йæ афон æрцыд, кæстæртæн æй раттын хъæуы, фæлæ лæппу ам нæй, Саукъах та нырма сонт у, искуы йæ фесафдзæн, кæнæ йын æй исчи асайдзæн...

– Саукъах, мæ зæрдæдарæн, ардæм кæс: уыдон æвзистытæ – дæуæн дæ дыууæ æфсымæрæн; уый та – сызгъæрин, дæ фыдæн, мæ иунæг лæппуйæн, йæ нывонд фæуон. Сызгъæрин кæй фæуа, уый – амондджындæр....

– Фæлæуу-ма, Æдзи, æз ацы ран исты бæрæг бакæнон æмæ мæн фæуа, – нал фæлæууыд Саукъах.

– Нæ, мæ хъæбул, ам хæрамгæнæн нæй; ам рæстыл хъуамæ цæуай: кæмæн цы йæ амонд уа – уый! Кæд дæумæ æрхауа, мæ лæппу, уæд æй уæртæ зест чырыны æфсæйнаг къоппы нывæр æмæ, дæ фыд куы ‘рбацæуа, уæд ын æй равдис. Уый дын æй нæ фесафдзæн.

– Æдзи, æмæ æртхуронæй дæуæн нæй хай?

– Алкæмæндæр дзы ис, мæ хур, нæ бинонтæй – алкæмæн дæр. Æрмæст мæн афтæ фæнды, æхцаджын хæйттæ мæ лæппуты куы фæуиккой. Æдзийы зæрондæн йæ удылхæцджытæ, йæ зæрдæйы ‘нцæйттæ уыдон сты...

– Мæнæй дæр зæгъыс, Æдзи?

– Дæуæй? Æвзæр къæбила цыдæр, æмæ мæ ныфсы цæджындз ды куы дæ. Кæм сты иннæтæ?.. Ам не сты! Ног аз йæ фыдæлты артдзæсты цур чи бады? Саукъах, мæ хъæбул! Уæдæ хæдзары цæджындз чи у? Уый дæр уый! Йæ фыдæлты артдзæстыл æртдзых чи кæндзæн, æдзæрæг фæуын чи нæ бауадздзæн фыдæлты уæзæг? Саукъах! Зæронд Æдзийы чи баныгæндзæн æмæ йын йæ ингæны дæлфад-уæлфад бæлæстæ чи ныссадздзæн? Уый дæр Саукъах! Раст нæ зæгъын æви?

– Раст зæгъыс, Æдзи. Æз сæ иууылдæр бакæндзынæн. Æрмæст ды мæлгæ ма акæн, хорз? Мæ зынг бахуыссæд, кæд сæ иууылдæр нæ бакæндзынæн!

Кæс-ма, цæй зæрдиаг сомы кæны ацы хъæндил!..

– Æй, къæбæда, сомытæ кæнын не ‘мбæлы, Æдзийы хъæбул. Æз æмæ ды кæрæдзиуыл æнæ сомы æмæ ард куынæ æуæндæм, уæд дзы сомы ницыуал акæрддзæн. Уæд нæ ныхæстæ уæддæр фæмæнг уыдзысты...

– О, æмæ сæ æз иууылдæр сараздзынæн дæ ныхæстæ...

– Хорз, мæ лæппу, хорз! Æз дæр дыл куынæ дау кæнын... Ныр та скæнæм гуылтæ æмæ сывæллæттæ, цæмæй нæ хъæубæсты бирæ уа лæппутæ æмæ чызджытæ...

«Ай мæнæ мæрдты диссаг: куыд арæхсы Æдзи йæ зылынмылын къухтæй чызджытæ æмæ лæппутæ аразын хыссæйæ. Раст ын æцæг сывæллæтты хуызæн куы сты!..»

– Ныр та, Ædзийы хорз бындар, фыркъатæ æмæ цæукъатæ саразæм: нæ хæдзар æмæ нæ хъæу фосцух куыд нæ уой. Бирæ фос сын куыд уа!..

«Пецы дзулфыцæн байдзаг кодта Ædзи лæппутæ, чызджытæ, фыртæ æмæ цæутæй. Цы сæ кæны утæппæтæй?.. Бавæрдта сæ пецы, дуар сыл бахгæдта, æртхурон тебæйы фыхти æмæ йæ æрфæлдæхта. Арт цæмæн бæстæтты схъауа? Е-е! Бынтон æй æрмынæг кодта æмæ фынгмæ бацыд. Æвæццæгæн, фос кæрдзыны фых ничи кæны...»

– Мæ лæппу, рацу, ныр скувæм. Бæрæг æхсæв у æмæ нæхи бабæрæгбонхуыз кæнæм. Фæйнæ сыкъайы баназæм, фæйнæ чъирийы æрпирæм æмæ хуысгæ. Ногбоны ‘хсæв фæрныг фынтæ фæуыны фæрныг лæг.

«Хин у, æвæдза, Ædзи дæр!.. Куыд дардыл фæкуывта – хъæбултæн, хæрæфырттæн, йæ хъæубæстæн, Иры бындартæн... Кæй кой нæ ракодта, зæдæй, дзуарæй сæ фæнымадта æмæ стæй æгасæй иу сыкъайы дзаг арахъхъ абынæй кодтам дыуæйæ!.. Иу комдзаг... Дыууæ комдзаджы... Æфсæдгæ бакодтон æви мæ хъуыры кæрдих нал цæуы... Уый та мæм чи дзура: фынæй, фынæй, фынæй!.. Мæ цæстытæ бынтон куы бацъынд сты... О-о-о! Куыд уæззау сты цæсты уæлтъыфалтæ!.. Уый мын, æнхъæлдæн, Ædзи дауы мæ сæр, хъæлæс уый у: «Хуыссæг дæ æрæнтъыхта, мæ лæппу...»

Бирæ бакуыста абон, йæ нывонд фон, æмæ фæллад у... Ныртæккæ дын уат акæнон, мæ зæрдæйы уидаг... Стæй мæнæн дæр афон у. Зæронд усы бадт дæр ницы пайда у... Чи зоны, æмæ та фыны искæйты фенон, фæныхас та кæнон семæ... Ам ма дзы чи ис нæ хъæубæстæй, уыдонимæ ныхасæй сфæлмæцыдтæн... Уыдон та, æвæццæгæн, мæнæй схъыг сты...

Афынæй сдзырдмæ, йæ сæрыл хаст фон... Хуыссын хъæуы, мæ бадт дæр ницыуал у... фынг схорз хъæуы... Нывæфтыдтæн пецы уадзæн нæй, æртхурон дæр æртыкъахыгмæ райсын хъæуы... Чъиритæ, нæ уæлдæйттæ къуырф тæбæгъы бын æркæнын хъæуы...

Цæй, уынгмæ ма акæсон, нæ хъæубæстæм. Зæронд аз фæцæуы, мæнау. Æвæццæгæн, фæстаг хатт æрцыди мæнмæ ног аз, ног фарн... Фæндараст зæгъон зæронд азæн, фæци, никуыуал фембæлдзыстæм, йæ кой дæр нал уыдзæн. Ног азимæ райсом дзурдзыстæм...

Скъæт дæр ма абæрæг кæнин?.. Нæ, цæугæ сæм нал бакæндзынæн,

мæ фосы муртæм. Нæ амонд цы уа, уый уыдзæни. Кæд ныззайа хъусцæгджын, уæд ныззайæд. Дæркъ нал у, йæхæдæг бахизæд йæ цоты. Саукъахы ‘хгæд дуар райсоммæ нæ бакæндзынæн, хъусцæгджын цыппар сæныччы куы ныййара æмæ сæ йæ къæхты бын най куы кæна, уæддæр. Уадз, æмæ лæппу йæ фæрныгыл бауурæнда. Адæймаг йæ амонд æмæ йæ фарныл куы ‘ууæнда, уæд тыхджын у зæрдæйæ дæр, армæй дæр.

Бадынц нырма хъæубæстæ. Сæ рухс цæуы! Уæ, Хуыцау, нæ уæзæгыл нын цард æмæ рухс макуы ахуыссын кæ! Мæгуыр хæххон адæм стæм æмæ нын батæригъæд кæн, нæ бæстæ нын æдзæрæг ма фæкæн, нæ адæмы амондцух æмæ æнæфарн!.. Стæй мæ уд дæ къахы бынты фæхъхъау!..

Нæ, нырма хъæубæстæ стæм, Цæргæсбадæн, цæрæг адæм! Æгæрыстæмæй Хъайсынонтæм дæр рухс судзы нырма, – ног фарнæнхъæл сты дыууæ зæронды! А Сандыртæ бирæ сабиты хицау сты, Хъаратæн нырма сæ уазджытæ дæр ам сты æмæ сын цæй æнæбадгæ ис, фæлæ Мысыр æмæ йе ‘фсин дæр бæрæгбон кæй кæнынц, уый царды нысан у.

Æз дæр мæ рухс хъуамæ судзгæ ныууадзон. Уыдонæй дæр исчи куы ракæса, уæд ын уадз æмæ æхсызгон уа: иунæгæй цæры Батуйы чызг, фæлæ сæ хæдзарæй рухс цæуы – царды нысан!

Мит фæлмæн уары æмæ нæ хæдзæрттæ рухс куынæ уаиккой, уæд та, сæ фæздæг цыма миты бынæй цæуы, афтæ зынид дардмæ...

Мæгуыр Сабе!.. Фыццаг хатт ыл æруарыд мит мæрдты бæсты, æмæ йын, æцæг, æмбæрзæн цикъæйау у... Дæхи дзы нынныуæрд, мæ хо, дæхи!...

5. ФÆРНЫДЖЫ ХЪУГ ДЫГÆЙТТÆ АРЫ

Ногбон райсом арфæтæ уарзы – сæдæзтæ фæкæнынц нæ хохы адæм сæ кæрæдзийæн. Сыгъдæгзæрдæ арфæ цæуаг у – æнхъæлынц адæм æмæ тынг раст у, мæ судзгæ мæрдтыстæн. Уыйадыл Ногбон райсом искæй хæдзармæ фыццаг сабиты фервитынц: сывæллонæй сыгъдæгдæр зæрдæ кæмæн ис! Æрмæст искæмæ бацæуыны размæ фæрныг лæг йæхи хæдзары митæ бакæны, йæхи къæсæрæй бахизы, арфæтæ дзургæ.

Дзæбæх æрбабон æмæ дын стынафон у, æвæдза, Батуйы чызг!..

Арт скæн, мæ бон, дæ хæдзар схъарм кæн, стæй Саукъахы дæр райхъал кæн..., Афтæ, уæдæ!..

– Лæппыз, сыст, дæ нывонд фон, æмæ нæ фосмæ бакæсæм. Фенæм, кæддæра дын цы къух, цы зæрдæ ис, фарн дæм æмхиц у æви дæм дардæй кæсы. Хæрз сывæллон у æмæ йæм нырма фынæй кæнын цæуы, фарны маст æй бæргæ нæй, фæлæ йæ цардыл ахуыр хъæуы, нæй гæнæн...

«Цæй фарны кой кæны, цымæ, Æдзи, æхсæвыцъæхæй мæ куы никуы стын кодта?.. Фæлæуу-ма, фæлæуу! Дысон скъæты дуар куы сæхгæдтон фосыл, зæронд азы!.. Ног аз æй бакодта, æвæццæгæн, æмæ йæм цæуын хъæуы... Фынæй дзы нал ис. Кæм сты, кæ, мæ пысултæ?.. Æ-и!.. Æдзи мын сæ артмæ схъарм кодта æмæ цæй æнцон кæнæн сты!..»

– Диссаджы хорз къах дын разынд, мæ лæппу, – фарны къах!.. Хъусцæгджын ныззад æмæ ныййардта – кæсыс, дыууæ сæныччы, галыйæстæ, æвæццæгæн, нæлтæ сты, – æнæхъæн цæутæ!.. Ноджы ма нæ дæркъ дæр ныззад, æмæ уымæн æз заинаг æнхъæл дæр нæ уыдтæн!.. Дæлæ йæ фарсмæ цы урс-урсид сæныкк ис, армыдзаг, мæгуыр!..

«Æмæ мын æвзæр къах цæмæн хъуамæ уыдаид, кæмæй фыддæр дæн?.. Æниу хорз у, афтæ кæй рауад хабар, ныр æй нæ хъæу зондзысты: Саукъахæн, Æдзийы лæппуйæн, хорз къах ис! Ныр мын бар ис æмæ алы хæдзармæ дæр уæндонæй бацæуон сæдæзтæ кæнынмæ: «Уæ ногбонтæ уыл кæддæриддæр дзæбæхæй цæуæнт! Мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уал амонды уæ уæд!..»

– Æдзи, цæй, ды уал фосы бынтæ расæрф, æз та мæ къуда фыййагæй холлагдонмæ бафæд кæндзынæн æмæ тæсчъы хос нынæмдзынæн. Мæнæн мæ цырыхъхъыты хъустæ бæрзонд сты – мит сæ нæ ныккæлдзæн... Дæуæн дæ сабаножкатæ æгæр ныллæг сты.

– Æ, хæйрæг! Дæу уый фæнды, æмæ та дæ раппæлон: раст дæ фыды фыд Сидæйы калд кæныс мит!..

– Æмæ уæд цы, Æдзи? Сидæ кæд, мыййаг, æвзæр лæг нæ уыд?

– Дæ фыд дæр уый хуызæн куы рацыдаид! Хорз фæфæдтæ кодтай алырдæмыты, ныр цом хæдзармæ, мæнæ дын ногдыгъд æхсыр раттон!..

– Абон æртхурон уарын нæма фæтчы, Æдзи?..

– Нæма, дæ нывонд фæуон, æмæ цы тагъд кæныс? Мæнæ уал

нæ дысоны чъиритæй истытæ ахсынæм, стæй ам нæ уыдзыстæм?! Кæд дæ хъæуы – æхсыр дын ахсидон!..

– Нæ, цæй æхсыр, исты ма чысыл гыгъгъы дæн! Чъиритæй бахæрдзынæн. Сихорæн æхсырыл цымгæ кæд скæнай, уæд уымæй дæр бахæрдзынæн, стæй уæд æртхурон дæр кæд рачъепп кæниккам...

– Хорз, мæ лæппу, дæ дзырд фод. Ныр уал аходæн бакæнæм, стæй уæд Сандыртæм бауай æмæ сын сæдæзтæ ракæн. Куыд дын бацамыдтон, уый дæ нæма ферох?

– Нæ, хорз æй бахъуыды кодтон: мæ сæрыл цал æрдуйы ис, уал амонды уæ уæд!..

– Æрмæст уый дæр фаг у. Кæд ма йыл истытæ афтауай, уæд уый та – уæлдай хорз, сирыл сой куыд акæнай, уыйау...

– Хæдзаронтæ! Уазæг нæ уадзут? – Цамелы цъæхснаг хъæлæс куы у, уый фæразæй ис мæ лæппуйæ...

– Мидæмæ, Цамелыхъо, мидæмæ! – Дæ чысыл рынтæ дын ахæрон, кæд цæйас лæджы ныхас кæныс! Мæ зæрдæ мын куыд барухс кодта!..

– Ногбоны хорзæх уæ уæд! Уæ алы ног азтæ дæр уæ сæрæгасæй æмæ хъæлдзæгæй æййафæнт! Фарн æмæ уын амонд хæссæнт! Мæ сæрыл цал æрдуйы ис æмæ ноджы мæ къухы цал халы ис, – йæ армы цы хосы гуцъула ис, уый, æвдисæнау, размæ куыд радардта! – уал амонды уæ уæнт! Хуыздæр арфæтæ ма кæд ис, уыдон дæр уæ хай уæнт!..

– Стыр бузныг! Стыр бузныг, мæ лæппу! Дæ хостæ æмæ дæ худ та мæнæ тæрхæгыл æрæвæр æмæ мыл атыхс, мæ зæрдæдарæн, стæй ма уый фæстæ цыдæртæ дзуринаг дæ æмæ сæ ранымай...

– Цамелыхъо, фæлæуу-ма, утæппæт арфæтæ дæхæдæг базыдтай? Æви ма дын исчи аххуыс кодта?

Уый мах лæппу куы фæрсы, æвæццæгæн æм хардзау æркаст, кæй дзы фæразæй, уый...

– Уæдæ! Мæхæдæг.

– О хуыздæр фæуай, мах чи ‘рхъуыды кодта. Рацу нæ фынгмæ, дæ рын бахæрон, æмæ истытæ аууилæм, стæй уæд хъазут, кæм уæ фæнды, уым – абон уын бар ис, сæрибар стут изæры онг.

– Мæнæн нæй бар. Баба афтæ, æз, дам, дохтырмæ хъуамæ ацæуон æмæ, дам, ды та дæ мады цур хъуамæ фæлæууай...

Æмæ æз Саукъахмæ рацыдтæн – иумæ хъазæм, науæд иунæгæй куыд лæудзынæн гыццийы цур?..

– Фæлæуу-ма, æмæ дæ мад рынчын фæцис, мыййаг? – æниу цы фæрсын сывæллоны: усæн йæ арыны рæстæг æрæввахс, æвæццæгæн, æмæ дохтырмæ цæудзæн Сандыр...

– Уæдæ нæу рынчын, дысон ын лæппу райгуырд!..

– Хъусджын къæлæу, æмæ мын æй раздæр цæуылнæ дзырдтай, дæ арфæтæ куы ныддаргъ кодтай, Цолайау, уæд афтæ цæуылнæ загътай: мæ мадæн лæппу райгуырд?..

– Лæппу æмæ ноджы иу лæппу!

– Уый та куыд?

– Куыд куыд: иу лæппу æмæ ноджы иу лæппу.

– Дыууæ лæппуйы, фаззæттæ?!

– Фаззæттæн нæ зонын, фæлæ, дам, дыууæ сты. Дысонбонмæ Хъараты уазæг устытæ махмæ уыдысты, дыууæ, дам дзы дохтыртæ сты горæты, æмæ йæ уыдон дзырдтой.

– О хуыздæр фæуай, Цамелыхъо! Кæд раст зæгъыс, уæд дын хæрзæггурæггаг дæ сæныкмæ ноджы иу сæныкк æмæ ма сæ мад дæр. Дысон нæ хъусцæгджын сæгъ махæн дæр дыууæ цæуы ныйиардта. Æмæ де ‘фсымæртæн – æхсыр, дæуæн – сæныччытæ.

«Цыма сæ Цамелыхъо ныййардта уыцы фаззæтты, уый цинтæ йыл нæ кæны Æдзи!.. Уæд махæн æртæ сæныччы кæй райгуырд, уый та мæн тыххæй у... Замманайы дæргъæццон куывдтытæ рауагъта Æдзи Цамел æмæ йе ‘фсымæртæн. Дысон иу хуыпп акодта æрмæст сыкъайæ, ныр фæйнæ хуыппы махæн, иннæ йæхæдæг аныз та... Цыдæр йæ дзæбæх зæрдæйыл у Æдзи!..»

– Хуингæ та цы кæнынц, уæд, Цамел, де ‘фсымæртæ?

– Бæлвырд ын ницы зонын, фæлæ уазæг дохтыртæй иу афтæ: нарты фæсивæдæй, дам, сты, гуыппырсартæй æмæ, дам, Æхсар æмæ Æхсæртæг хъуамæ хуыйной...

– Æмæ, æцæг, гуыппырсартæ сты? – аныз тон, æндæр цы къахын сывæллоны, уый нырма цы ‘мбары...

– Цы бæрæг сын ис. Гъеуым хæцъилты цыдæртæ тыхт ис æмæ, куырм кьæбылатау, хъыс-хъыс кæнынц. Иу хатт Хъусойы къæбылатæ дæр раст афтæ кодтой, Хъусой-иу хъæстæл нуазынмæ куы рахызт балкъоны бынæй, уæд...

– Ай дын мæ мæрдты къух, Цамел, уæдæ уыдон æнæмæнг Æхсар æмæ Æхсæртæг уыдзысты! Дохтыр усæн та йæ цæрæнбон бирæ, ахæм хорз номæвæрæг чи у! Лæппутæ, сымах хæрут, æз

та уал æхсыр рахсидон. Æвгъæддонæн æхсыр хорз у, стæй задыл цымгæ. Зады ссад мæм нæй ныртæккæ, фæлæ æхсыр ис æмæ йæ рахсидæм. Бæгъатыр, цæмæй бæгъатыр, дам, дæ? Мæ армы цы ис, уымæй!.. Афтæ мах дæр, Цамелыхъо. Æндæра æвгъæддонæн бæргæ истытæ хъæуы. Æниу цы тагъд кæнæм. Ам нæ уыдзыстæм, кæд нæ бон исты уа, уæд? Нырма бонты мыстытæ нæ бахордтой, нæ, Цамел. Уæзæгыл læппутæ куы фегуыры, уæд зæрондæн дæр йæ цæрæнбонтæ фылдæр кæнынц. Æндæрæбон дæр ма мæ мæлын фæндыди, фæлæ ныр – нал! Хъуамæ ма Æхсар æмæ Æхсæртæгимæ аныхæстæ кæнон. Уæдæ!..

* * *

«Диссаг у ацы Цамелыхъо дæр!.. Ныры онг-иу мæм сыбыртт нæ уæндыд, мæ дзыхмæ мын каст – цы зæгъдзынæн. Ныр ын æфсымæртæ куы райгуырд, уæд зæндтæ амонынылсхæцыд, мæнæн нæ, Æдзийæн дæр!.. Ничи йæм кæсы...»

– Ныр мах нæ хæдзары нал цæрæм. Баба зæронд пец уаты сæвæрдта æмæ уым цæрæм. Нæхи цæрæн гыццийæн æмæ йæ læппутæн ныууагътам – уырдæм, дам, нæ фæтчы цæуын. Ома устытæн фæтчы, фæлæ лæгтæн нæ.

– Уаргæ бакодтат уæ мадимæ æви?..

– Баба афтæ, уыдон, дам, махæй не сты, Быцентæй, дам, сты.

– Нæ, мæ læппу, уый уын гæды дзырд фæци дæ бабайæн дæр æмæ дæуæн дæр. Læппу алкæмæй дæр вæйиы, адæмæн иумæйаг у, куы бæзза, уæд. Бынмиз куы рацæуа, уæд кæй фæнды уæд. Быцентæ хорз мыггаг сты, æмæ уыдонæй куы рацæуой, уæд уый мæгуырау нæу. Фæлæ ныр, – йæ къæхты миттæ цæгъды Æдзи балкъоны, – дæ нымадмæ гæсгæ, сымах ардæм хъуамæ бацæуат, – лæгтæ стут! – Æз та, зæронд ус, уæртæ зæронд цæрæн уатмæ бацæудзынæн. Лæуут, мæ læппутæ, мæнæн уым хуыздæр у, зæронд стæг хъарм бирæ уарзы...

– Æдзи, мах дæр демæ бауадз, ницы дæ бахъыгдардзыстæм, стæй дзургæ дæр ницы кæндзыстæм, æрмæст пецмæ нæхи тавдзыстæм...

– Æмæ уымæй дæр раст зæгъыс æниу, мæ læппу... Рацæут, сымахæн фæтчы, уый ас лæгтæн у æвæтчиаг уырдæм цæуын...

«Ади æмæ Еуа махæй фæраздæр сты, уæртæ йæ цуры бадынц, æвæццæгæн ын уыдон дæр цыдæртæ æрбахастой. Цы, дам? Сандыр, дам, дохтырмæ ацыд. Уазæг дохтыртæ, дам, афтæ:

хъæусоветы дохтыр, дам, хъуамæ зона хабар æмæ йæ рынчынмæ кæса, мах, дам, ын æнæуый феххуыс кодтам.

Æдзи фæрстытæ кæны Быценоны. Æвгъæддон та йæ цæмæн хоны, цымæ?.. Æркаст ын йæ лæппутæм дæр, «цæстæй уын хай ма уæд» загъта, ныр та Быценонæн æхсыр цымын кæны... Йæ алыварс рауай-бауай систа... Фæлтау пецы цур сбад æмæ дæхи батав, Быценон уаты хуыссы æмæ йын цы у, Æдзи та дуармæ ис сæумæцъæхæй... Цымæ сæ лæппутæ та цы хуызæн сты?.. Æвæццæгæн, махыл сæ уынын не ‘мбæлы, æндæра нын сæ Æдзи равдыстаид...»

– Ади, мæ рæсугъд чызг, ды куыд хъавыс ныр, иу лæджы гæбаз никуыма самал кодтай? Кæнæ ды, Еуа? Афон уын у, афон, мæ хуртæ. Цъæхилонæн сымах цахъхъæнæй уæ фыдыл фондз азы цыди... – Æдзи та фæрсыныл схæцыд, Сандыр æй мæнгæй пракурор нæ хоны.

– Æмæ мах чындзы куынæ цæуæм, Батуйы чызг, – йæхи цæй суфа æнкъард акодта Ади. – Мæнæ мæ хо моладзантæм сфæнд кодта æмæ йæ æз дæр иунæгæй куыд ауадзон, гуыргæ дæр иумæ куы ракодтам, уæд?..

– Уый хорз хабар, цыма, нæу, – Æдзи дæр йæхи фæтызмæгау кодта. – Сымах афтæ фæнды æмæ уын лæгтæ куы уаид, фæлæ сывæллæтты фыдæбон æмæ мæтæй та ирвæзт куы уаиккат, нæ?..

– Уый та куыд, ома, Батуйы чызг? – нæ йæ бамбæрста Евелинæ æви хынджылæг кæны?..

– Куыд вæйиы, афтæ. Ныры чызджытæн, зæгъынц, уый амонын нæ хъæуы, ахуыр адæм сты. Нæ, мæ чызджытæ, нæ мыггаджы махæн моладзан æмæ хуыскъ ус никуы уыд, фæлæ – мæйттæ æмæ хæræфырттæ. Бамбæрстай, мæ къæйных чызг? – Уый Адимæ дзуры. – Дæ аххос у хъуыддаг сæрысуангæй, æндæра мæнæ Еуа рагæй дæр сабыр чызг у, коммæгæс...

Ади Æдзимæ бацыд æмæ йе ‘фцæджы ныттыхст.

– Разы, Батуйы чызг. Уалдзæджы мæ ахуыр фæуд кæны æмæ йæ уæлвæд цæуын чындзы, æрмæст мын дзырд ратт, куыд мæ нæ фæсайдзынæ: мæ чындзæхсæвмæ æрцæудзынæ Хъараитимæ æмæ мын кувæг сбаддзынæ фынгыл. Уый нæй, уæд дзы чындзыцыд – нæй! Лæг ссардзынæн, сывæллæттæ – нæ уыдзæн! – йæ цæстытæй хины худт кæны Ади.

– О хæйрæг, уæдæ афтæ у, уæд дын дæ фæлмæнтæ пысырайæ

рацæфтæ кæнон! – ныр та йын хъæбыстæ кæны Æдзи, æрдæбон – уайдзæфтæ. – Хорз синтæ куы сæвæрдтай, мæ чызг, – иннæрдæм та ныззылд. – Афон дын у, стæй нæ сиахсаг кæд, уæхи загъдау, маладез læппу нæу, уæд йæ хъуыддаг лæгъз нæ ацæудзæн, цыма...

– Уый та цæмæн зæгъыс, Æдзи? – æвæццæгæн ын йæ зæрдæ ‘лхæны, æндæра йæ афтæ никуы хуыдта Ади. – Уыйбæрц фыдсыл мæ æнхъæлыс?

– Фыдсыл та цæмæн: уырс, мæ чызг, уырс – дур дæр бадон кæндзынæ!

– Алæ-ма, Батуйы чызг, ды та иууыл æвзæртæ дзурыс!..

– На, мæ чызг, мæ мæрдтыстæн, хæрзтæ дзурын. Мæ удхæссæг хуыскъ у – усæй дæр, лæгæй дæр, фосæй дæр. Хуыцау цы хъуыддæгтæн рафæлдыста læджы, уыдонæй алкæмæн дæр хъуамæ бæзза læг, хъуамæ сæм арæхса, стæй хъуамæ цæхæр уа хъуыддаджы, чъырын арт. Сымсымгæнаг læг мæнæн мæ уæнгæл у, мæ чызг. Læджы хуызæн хъуамæ уай алы хъуыддаджы дæр, Уастырджийы ‘мсæр. Нысæнттæн сæ фæндзтæм куы фæбæллут, уæд сывæллæттæн та сæ иугæйттæм? Нæ, мæ лымæн, сывæллæттæ дæр хъуамæ фондзæй къаддæр ма ныййарай æмæ уæд уыдзынæ атъличнæ, кæд нæ, уæд гæххæттыл атъличнæ мæн ницæмæн хъæуы.

– Хорз, Æдзи, хорз, разы. Гæххæттыл атъличнæ уал дæн. Уый уал дæм æвзæр нæ кæсы, нæ? Уæдæ мой дæр кæнын. Ууыл дæр разы дæ. Æмæ уæдæ сывæллæттæ та уый фæстæ уыдзысты, æрмæст кувæг хъæуы чындзæхсæвы фынгыл æви нæ?

– Нæ дæ ферох и, хæйрæг? Æз дын дзырдсайæн ныхæстæ куы кодтон, кæд дæ, зæгъын, айрох уаид, фæлæ, марадз зæгъ, кæд ды мæнæй хæйрæгдæр нæ разындтæ... Цæй, разы дæн, кæд ма уæдмæ ахæссон, уæд. Кæд уæдмæ афардæг уон мæ дард балцы, уæд та-иу мæм ды ‘рбацу æмæ-иу мын рухс зæгъ, ходыгъд мын куы баххæссыс, гормон...

– Балцы кой ныууадз, Æдзи, – ныттыхстис та йыл Ади, цыма уый Æдзи у! – Уырдæм никуы никæмæн байрæджы. Дæу дæр ачындз кæндзыстæм, куы дæ сфæлмæцæм, уæд. Фæлæ нæ ныр-ма фæлмæцгæ дæхæдæг кæныс, лæггад æмæ рæвдыд дæуæй æййафæм хистæрæй-кæстæрæй. Батуйы чызг, ды мах хæлиудзыхæй уадзынмæ хъавыс æмæ уый раст нæу! Нæ дæ ауадздзыстæм. Æндæр ницы, фæлæ ма цалынмæ дзурын дæ бон уа, уæдмæ дæ нæ ауадздзыстæм. Фынгыл дæ бон бадын куы нал уа,

уæддæр дын микрофон дæ разы сæвæрдзыстæм æмæ нын уатæй кув. Афтæ цæугæйæ нæу, Батуйы чызг, нæ, мæ хур!

– Хорз, мæ чызг, хорз, лæууын. Куынæ тагъд кæнын æз дæр. Мæнæ дзырдæн загътон, уæддæр Хуыцау мах кæм бафæрсдзæн йæ хъуыддæгтæй, æмæ, зæгъын, мыййаг, исты, уæд-иу уæхимæ худинаг ма ‘руадзут. Æгъдау канд цæрынæн нæ хъæуы, фæлæ мæлынæн дæр, стæй марды бавæрынæн дæр...

– Тæрсгæ ма кæн, Æдзи, мах дæр, сымах нæ куыд æнхъæл стут, хистæртæ, афтæ сæфт не стæм. Æгъдау ма махмæ дæр аззад уый бæрц.

– Æгайтма, æгайтма, мæ хъæбул... – цымæ цы ныхъхъус Æдзи?..

* * *

Цæй æвзæр стут, цæ, мæ хур... Мæнæ иу æвгъæддонмæ дыуæ дохтыры фæцырд ис. Ныр æм æртыккаг та æрвылбон хъуамæ кæса...

Æз мæ дыккаг лæппуйы хуымы ныййардтон. Иунæгæй карстон, æвиппайды мæ ссардта æмæ ма кæдæм фæцыдаин, кæмæ фæдзырдтаин?.. Хъæр кæдæм фехъуыстаид, ахæм ран карстой Цъæхилон æмæ не ‘фсин, стæй уыдон цур ноджы иу цалдæр æндæр усы, фæлæ сæм хъæр кæнын нæ уæндыдтæн – не ‘хсæн Хъарайы фыд хъиухъилтæ цыргъ кодта цъерихъилы сæрвасæныл æмæ йæм уайсадгæ кодтон. Хорз уыд, æмæ уый æмбаргæ лæг разынд, æвæццæгæн, исты фæхатыд æмæ мæм устыты рарвыста...

Быценон та хъармы бады æвгъæды, дохтыры хорз ын – æвгъæдгæс... Цы ма вæйиы хуыздæр... Ныры устытæ, махау, нал фыдæбон кæнынц сæ сабитыл – сæ арыныл дæр, сæ хæссыныл дæр. Чи зоны, махæн нæ чысылтæ уымæн зынаргъдæр уыдысты?.. Чи зоны, æмæ сæ уымæн бирæ уарзтам?.. Ныр рæстæг раивта, æмæ сæ мах та фыццаджы уарзондзинад домæм. Чи зоны...

Фæлæ уæддæр удæн зын у, йæ сабиты уарзондзинад куынæ хата, уæд. Мæнæ мæ лæппу иуæй-иу хатт чиныг æрæрвиты æмæ дзы фыццаг йæхи лæппуйы фæфæрсы... Афтæмæй фæрсинаг та зæронд мад у. Кæлæддзаг уый у, ингæны ис йæ иу къах, фæлæ уый нæ бафæрсы... Цалынмæ йæхи кæстæртæ ам нæ уыдысты, уæдмæ-иу никуы фыста, Уæддæр-иу адæмæн дзырдтон: фыссы, сæрæгас у, æхца дæр мын æрвиты...

Уымæн сывæллон куы райгуырд, уæд æз фырцинæй арвмæ сырæзтæн, хъуамæ йæм цæугæ акодтаин, фæлæ кæдæм, чи мæ акодтаид? Авдæны тъæпæнтæ йын бахуыдтон, авдæны хæцъилтæ сарæзтон, йæхи сыппа, кæддæр ын йæхицæн кæй самал кодтон, уый, зæгъын, кæд йæ лæппуйæн сбæззид – ныхсадтон æй, ныссыгъдæг æй кодтон, æрттывдтытæ калдта... Уалынмæ йæхæдæг æрцыд æмæ мыл худти: ахæм хæцъилты ма, дам, ныр чи тухы сывæллон? Ацы сурдымæн та, дам, цæмæн хъæуы, мæ лæппу, дам, тамако куынæ дымы. Уый дын ныры уарзондзинад... Æмæ мады зæрдæ куыд лæууа? Æниу, чи зоны, афтæ 'мбæлы?.. Чи зоны, ныры мадæлты уарзондзинад дæр ахæм у?..

Хуыцау фод сæ тæрхон, æз сын цы кæнон?.. Хорз у, æмæ ма сывæллæттæ кæй гуыры, кæрæдзи куыд уарздзысты, ууыл сæхæдæг фидауæнт. Æрмæст мæ зæронд цæстытæ нæ уæзæгыл сабитæ уынæнт, æндæр мæн ницы хъæуы!..

6. МÆЛГÆ АЛЧИ ДÆР ИУНÆГÆЙ КÆНЫ

Уары та мит... Æгæр уары ацы аз... Стыр хæстæй фæстæмæ ахæм мит никуыуал уыд, æнхъæлдæн... Мацы фыдбылыз расайа – зæй, æндæр... Цыдæр мæрдвæлурс мит у ацы аз, æви мæнмæ афтæ кæсы? Цæстæй рæстмæ нал уынын, сайын мæ байдыдтой... Кæддæр, гæдыйау, æхсæв дæр уыдтон, ныр мæм миты урс дæр йæхи хуызæн нал кæсы...

Канд цæстытæ не сты, мæ зонд дæр йæ бынаты нал ис... Фынтæ ма нæ уыдтон, уый амонд мæ уыд, æмæ-иу æхсæв дзæбæх бафынæй дæн. Ныр сæ нал фæразын... Æрвылæхсæв мæрдтимæ архайын æмæ та æрдæгæхсæв райхъал вæййын. Раздæр сæ хъуыды дæр нæ кодтон. Райсоммæ-иу мæ ферох сты. Ныр сæ, цыма, тæрсын байдыдтон... Зæронд æмæ саби иу сты – мæнгæй нæ акæнынц. Сабийау стæрсаг вæййы лæг зæры бон, æндæра марды фыны фенынæй цы ис?..

Зæрдæ дæр нал бæззы... Сæр дæр... Æрвылбон рисгæ æмæ тъизгæ чи кæна, уый цæй сæр у, цæй зæрдæйæн бæззы. А-ныр та боны цъæхтæм ацы иунæгæй уыдон рыстмæ хъус æмæ сын быхс...

Цы сæ хъæуы мæрдты дæр, нæ зонын... Кæд мæм сидынц

сæхимæ, уæд мæ иу конд акæнæнт, науæд, кæйдæр æвзæр уазæгау, фæхъуызын-фæцæуын цы систой, æрвылæхсæв мæ цы мæстæй марынц!.. Мæнæ мæгуыр иунæг ус дæн æмæ мæ æнцойы мард акæн, æнæмæнг мын хъуамæ мæ фæстаг бонтæ сæнад кæнай!.. Нæй, Хуыцау никуы ис, æниу, мæ уд йæ фæхъхъау, æндæра зæххыл хъуамæ иу æнæрæстдзинад, иу хæрам æмæ тæригъæд дæр ма уаид...

Хорз у, æмæ лæппуйы Цамелимæ ныууагътон Сандыртæм. Ам та уый дæр, мыййаг, мемæ райхъал уыдаид æмæ фыдæхсæв кодта. Ныр мын дыууæ хатты райхъал цырагъы рухсмæ æмæ нал бафынæй, цалынмæ та-иу йæ цуры æрхуыссыдтæн æмæ рухс ахуыссын кодтон, уæдмæ. Æвæццæгæн мын тæрсы æмæ уымæй фесхъиуы йæ фынæйæ... Æгъуыссæгæй та сывæллон тæригъæд у...

Цæй, сыстон та, уæдæ... Галиу фарсыл куынæ ‘рзилон æмæ рахиз къухы ‘нцой куынæ сыстон, уæд дзы ницы рауад. Мæ буар иууыл, сыгъды тæппалау, æмрыст кæны, уæнгтæй иуы дæр фезмæлын нæ фæнды, фæлæ ма мæм ма байхъусæнт, ам сын Нини нæй...

Уый та ма цавæр у?.. Мæ цæстытæ куы атартæ сты, мæ зæрдæ бахъарм æви?.. Хуымæтæджы рахъил дæн, æндæр куы ницы ‘рцыд, уæд цы кодта ацы дзæгъæйладжы сæр?.. Нæй, цæрынæн нал бæззын æмæ, цалынмæ мæ сывæллæттæн даринаг æмæ фыдбылызы хос нæ фæуон, уæдмæ цæуын хъæуы ацы дунейæ...

Кæрдзын æмæ цæхх, æцæг у, сарæх сты, фæлæ адæймаджы цардамонд канд уыдонæй нæу, нæдæр искуы уыд... Маст æмæ сагъæсæн ныр ноджы фылдæр аххосæгтæ ис... Уæ рæстæджы, мæрдтæ, лæг фылдæр-фылдæр йæ сабитæн къæбæр самал кæныныл хъуырдухæн кодта. Йе стырдæр масты сæр уый уыди. Æмæ-иу кæд сабитæн сæ гуыбын æфсæст уыд, уæд уый та – амонды хуыздæр, бæстыдзаг амонд!..

Ныр уый ницыуал у... Гуыбыны фаг алчидæр ары, ууыл мæт кæнын худинаг дæр ма у. Афтæмæй та ныры мæгуырæн йæ хæрд, йæ дарæс, йæ хæдзары дзаумайы аргъ раджыйы хохаг хъæздыгмæ ницы уыд фæллойæ.

Ныр æндæр цыдæр мæстытæ фæзынд дунейыл, æндæр сагъæстæ сын уынгæг кæнынц сæ зæрдæ адæмæн. Цы сты, цавæр, уымæн æз дæр бæлвырд ницы зонын. Сæрыхил сæ никæмæнуал

лæууы, цалдæр æрдуйы ма дзы кæмæн аззайы, уымæн дæр урс-урсид афæлдæхынц, усгуры кармæ нæма ацæуы, афтæмæй. Сагъæссаг сæ куы ницы уаид, сæ зæрдæ, сæ уд æнцой куы уаиккой, уæд афтæ кæниккой? Кæцæй!..

Ноджы сыл цыдæр ног низтæ сыстадысты. Сымах уыдæттæн ницы зыдтат. Сымах цы низтæй тыхстыстут, уыдон ныр лæппын дохтыртæ дæр дзæбæх кæнынц. Фæлæ мæнæ ныры низтæ – зæрдæскъуыд, уæлдай туг сæрмæ куы ссæуы, уый æмæ хæфсниз кæй хонынц, уыдонæн дохтырты цæутæ, пъырафисортæ дæр ницы фæразынц.

Уый ныхасыл куы ныддардтон, æнхъæлдæн, мæ мæрдты... Нæ, мæнæн ахæм не сты мæ мæрдтæ, сур ныхасæй кæй арвитай... Рухс зæгъын хъæуы... Цы ис, уымæй... Цырагъ ссудзон, арынджы ма картофджыны кæрстытæ ис, хъуырджын дурыны арахъхъ... Хъæбæр цыхт дæр мæм ис, ногконд дзултæ... Ноджы царв къусы... Æндæр мæхицæн дæр ницы ис æмæ сын цы ‘рхæссон?..

Цæй, рухс дзæнæты бадут, мæныл рухс зæгъын кæмæн æмбæлы, уыдон уе ‘ппæт дæр. Чырыстийы рухсы бад, нæ лæг...

Уыцы лæппу, дыууæ ныхасы, рæвдауæн цæстæнгас æмæ армыдзаг æхсæртæй дарддæр ницы уыд не ‘хсæн, фæлæ мын уымæй мæ сидзæр уд уæдæй абонмæ тавтай, сусæг хурау, æмæ, дзæнæты хуыздæр цы ис, – дæ хай фод...

Мæ зæрдæйы скъуыддзæгтæ, мæ дарæг хъæбултæ, рухсы бадут, кæм стут, уым... Уæ мады зæрдæ уын кæд хæрынæн бæззы, уæд уын уый дæр тайæн æмæ хæлар фод...

Мæ мад, мæ фыд, мæ хотæ, ме ‘фсымæртæ, – иууылдæр уе ‘цæг бæстæм ацыдыстут æмæ дзæнæты рухсы бадут, ацы къæбæртæ мæ разы куыд сты, афтæ сымахмæ дæр сыгъдæгæй хæццæ кæнæнт!..

...Дзыгы! Ардæм-ма рацу, мæ нывонд фæуай, изæры дæ скъæтæй хъарммæ куы рахастон, уæд мыл хорз куы узæлыдтæ, уæд мæ ныр нал зоныс?.. Гъа, кæрдзыны мур дæ урс мукъутæн. Мæнæ куы фæасдæр уай, фыд дыл куы рахæца, уæд та дæ æргæвдгæ кæндзынæн. Уæдмæ кæд мæ лæппу дæр æрцæуид, йæ фæхъхъау фон, сæныччы фыд бирæ уарзы.

Уæд та йæм тел арвитин?.. Æгæр цуттытæ кæнын удæгæстæй мæрдты ‘хсæн æмæ йæ куынæуал фенон, сæрдмæ куынæуал сфаг уон?... Фæлæ йæ зымæджы тарфы йæ куыстæй чи къуылымпы кæны?..

Диссаг сты ныры адæм – бафæндыд сæ, уæд райсом ам сыстдзæн йæ уатæй, цай бацымдзæн æмæ изæры та Мæскуыйы балæудзæн æхсæвæр хæрынмæ... Фæлæ афæдзы бонтæй уыцы иу бон рахицæн кæной, уый фадат сын нæй æмæ афтæмæй сæ цардæй æппæлынц... Мах, дам, мæймæ дæр стæхдзыстæм!..

Гормон, мæймæ фæрнæй фæтæх, фæлæ уый размæ дæ мады дæр абæрæг кæн, æмæ дын фæндараст уæддæр зæгъа... Нæй, нæ, дам нæ 'вдæлы!.. Сæ мадæй сæм мæй феввахсдæр æмæ ма сæм ацу æмæ фæнды дзур, фæнды ма...

Цæй, мæ судзгæ мæрдтæ, рухсаг ут, ацы сыкъа та мæнæн хæлар!.. Маргæ мæ куы кæна, уæддæр мын ын æнæнуазгæ нæй. Æниу мæ сæр тъæппытæ хауы, мæ цæстытæ тарытæ кæнынц, фæлæ уын, чи зоны, фæстаг хатт рухс кæнын, стæй мæхæдæг рухскæнинаг фæуон... Ибонты дæр та, Сабейы хисты, къæбæдаты ныхас мæ хъустыл æруад: «Батуйы чызг та йыл цы кæуы, йæхæдæг дæр рæхджы уым балæууинаг куы у, дыууиссæдзæм бонмæ йæм хæццæ кæндзæн æмæ кæугæ та, цыма йæ никуыуал фендзæн, уыйау кæны...»

Ницы кæны... Æгайтма... Ам дæр мын аразинаг ницы баззад, тынг мыл чи бахъынцъым кæна, ахæм дæр дзы ничиуал ис... Чызджытæ сæхæдæг дæр ныр зæронд устытæ сты, лæппуйы та æз тынг не 'ндавын... Кæд мæнæ Саукъах?..

Бæргæ тæригъæд у, фæлæ йын ницы уыдзæн: сывæллон рохгæнаг у. Йæ мады рæвдыдмæ мæн уайтагъд айрох кæндзæн... Кæд ма искуы йæ зæрдыл æрлæууон, уæд йæ амонд – хуыздæр, науæд дæр мын дзæбæх рацæрæд.

Алæ-ма, дуармæ акæсон, мит æгæр ма ныууара... Дымгæйы уддзæф никуы ис, æмæ æмуырдыг цæуы мит... Урс-урсид, мардæмбæрзæн цикъæйау... Иу дыууæ боны афтæ куы фæуара, уæд хæхтæ сæмвæз уыдзысты... Цъиу уæлгоммæ куы схуысса, уæд йæ къæхтæ Хуыцауыл сæнцайдзысты...

Дзæнæты сабыр ныцци дуне... Тæхуды, æмæ ма læджы зæрдæйæн дæр ахæм сабыры фадат куы уаид уæд та афæдз иу цалдæр боны... Науæд сыгъд æмæ уырыдæй, знæт æмæ мæстæйдзагæй кæй бон у цæрæнбонты... Æвæджиау сабыр... Æвæццæгæн, ныр дæ мид-зæрдæйы дæр фæдис ныхъхъæр кæн, уæддæр Чырыстийы къуыпмæ фехъуысид...

Æмæ, дам, горæтмæ цæмæннæ лидзыс цæрынмæ... Кæй бон у уыцы богъ-богъмæ хъусын бон-изæрмæ, æрвылбон?.. Мæнæн

нæу мæ бон, æмæ иннæтæн нæ зонын... Æвæццæгæн, уыдонæн у... Федтон дзы фæсивæд, цæйдæр фырдзырды къоппытæ, фыййауы хызынтау, æрæфтыдтой се ‘фцæджы, афтæмæй уынгты лекка кæнынц æмæ сæ къоппыты æрдиаг цæуы... Диссаг сты, лæджы хъустæ уынгты хъæрахстæй рæсигæ ныккæнынц, уыдон та ноджы хъæлæбайы хос се ‘фцæджы хæссынц!..

Сæхицæй сын зарæджы хъæр ма фехъусай – къоппытæ та баифтындзынц... Æниу, чи зоны, раздæры адæм сæ дунейы сабырæй фæлмæцыдысты æмæ зарын уымæн уарзтой?.. Æмæ куыд зарыдысты!.. Æнæдæндаг зæронд дæр-иу «Уастырджи» ныццæлхъ ласта, уæд, уадындзы хъуырау, уыдис йæ хъæлæс...

Ме сфæлдисæг Хуыцау, куыд-иу зарыдысты хосгæрдæнты!.. Куыстдзагъд æмæ чырыстийау æвронг адæм!.. Уый никуыуал уыдзæн, æвæццæгæн... Йæ кой дæр ын мæ цахъхъæнтæ мæрдтæм семæ ахæсдзысты.

Цон, арт скæнон æмæ мын мæ læппуйы хæдон кæд райсоммæ быд фæуаид, бирæ дзы нал баззад. Мæнæ йын æй фæскомахсæн арвитдзынæн хъыбылы цæхджын фыдимæ... Арт хъæуы, суазал, сæныкк дæр йæ хуыссæнæй, æвæццæгæн, уымæн фæгæпп кодта...

Æтт, мæ бон куыд бакалд, Сабейы ми мыл ма ‘рцæуа, фæлтау куынæ ‘ргуыбыр кодтаин ацы дзæгъæйладжы пецмæ... Саугуырм бадæн æви? Электры рухс куы судзы, уæд цавæр у?.. Уатмæ ма куы бахæццæ уаин, уæд мын, чи зоны, ницы уаид... Цæй, афæлварон æмæ кæд сыстин æмæ къулы ‘нцæйтты уатмæ бахæццæ уаин...

Æ, мæ хур, Батуйы чызг, афæлвар-ма фæстаг хатт, иу стадма, науæд афтæ дæр кæдмæ læудзынæ, – пецы раз дæ цыппæртыл?.. А-ма, фест-ма!..

Ох-хай, гъе, æнхъæлдæн, бынтон куы асхъиудтон зæхмæ!.. Худинаджы мард кæндзынæн... Æцæг, сыджытдзар замманайы æхцон уазал хæссы буармæ... Мæ сæры рис мын кæд æрсабыр кæнид æмæ райсоммæ сыстынхъом фæуаин...

Худинаг кæндзынæн!.. Уæд та Саукъах куы фæуыдаид мæ цуры... Нæ йæ хъуыд уадзын Сандыртæм... Гъеныр мын искæмæ фæдзурид æмæ мæм фæкæсиккой... Хъæр дæр кæмæ фехъуысдзæн чъырынæй... Æмæ хъæр мæ бон у?..

Худинаг!.. Худинаг!.. Бæргæ, райсоммæ ма куы ахæссин, уæд мæхи горæтмæ аласын кæнин. Науæд мæ сывæллæттæн цæрæнбон-

ты сæ цæстмæ дардзысты – сæ мад, дам, зæфцы фыдæй, иунæгæй, æвæгæсæгæй кæмæн ныммард, уыдон, дам, не сты!.. Фидисæн цы фæнды зæгъ, æндæра уыдон мæрдтæй здахæг сты?.. Цы ма мын фæахъаз уаиккой?..

Тæригъæд у мæ лæппу... Ацы митуарæны куыд æрбацæудзæн горæтæй?.. Ацы рыг миты, ацы урс-урсид миты фæндаг уыдзæн?.. Кæд схур уа, уæд къахкъæлæттыл уæддæр цæудзæн... Æмæ ма ис къæлæттæ, зонынц сæ горæты?..

Уæй, куыд саурыст кæны мæ сæр, цыма мæ исчи дзæккорæй ныххафта... Горæты, дам, галты афтæ фæцæвынц æргæвдæны... Æнæзæрдæ адæм бирæ ис!..

Тæригъæд у мæ лæппу... Дард Сыбырæй ардæм... Йæ хæдон дæр мын быд нæ фæци, йæ фæхъхъау фон...

Нæй, æз райсоммæйы фаг нал суыдзынæн, æмæ худинагæй байдзаг бæстæ... Куыд æнæбон дæ, адæймаг, æмæ афтæмæй куыд дардыл фæнывæндыс дæ царды хабæрттæ!.. Фæззæгмæ ма цæрын æнхъæл уыдтæн æмæ фæллæйттæ кодтон мæ лæппуйæн!.. Цыма мæ фæллой цух у!..

Фæлæ уæдæ ам хæхбæсты дæр куыд цардаин – æнæфос, æнæхæдзар?.. Худинаг мæм каст мæ удæгасæй... Ныр æз нал уыдзынæн æмæ уæд худинагæй мæнмæ ницыуал хауы... Мардмæ фæстагæтты худинаг нæ хауы.

Мæ фæндтæ дæр нал акодтон кæронмæ... Адийы чындзæхсæвы мын скувын æмæ базарын дæр нал бантыст... Мæ дзаумæттæ Быценонæн дæттинаг уыдтæн æмæ ма ныр цы? Мæ гауыр чызджытæ ам цы раййафой, уымæй йын ницы авæрдзысты, йæхæдæг та хæсгæ ницы акæндзæн, æндæра мæм фæдисы уымæй раздæр ничи схæццæ уыдзæн...

Мæ пирæн, мæ арынг, мæ сирма сасир, дзара, сыхырнатæ... Ноджы ма дзы цыдæртæ уыди дæттинаг æмæ мын баззадысты... Ныр чырыны дæгъæл аргæ дæр нал скæндзысты, йæ дуар ын кæд асæттой...

Уæддæр лæппу тæригъæд у, мæ сæр амæла... Мæ мæлæт дæр ын фыдбылызæн куы фæуа... Митвæндаг... Зæй – æндæр зоны... Дæ-дæ-дæй, Хуыцау бахизæд – йæ карчы лæппын дæр Хуыцау ахæм фыдбылызы макæмæн баппарæд!..

Цæй, уæд та йын кæд ницы уаид – йæ мад лæгæн иу хатт амæлы æмæ йын цæй æнæрцæугæ ис?!. Ам кæд тынг не стыхсид – нозт мын цæттæ у, кусæрттаг – æнцон ссарæн, ссад дæр мæм фагæй уæлдай ис, фондз голладжы дзуллаг, чи сæ хæры...

Куыд æнцон фæкæсыс æнæниз лæгмæ æмæ куыд зын дæ, мæлын!.. Цалынмæ мæ мæлæт не ‘рхæццæ, уæдмæ мæм мæрдтæ дæр къæппæввонг лæууыдысты, мемæ сын ныхасæй бафсис нæ уыд... Ныр куы фæтыхстæн, уæд дзы ничиуал зыны. Уæд та дзы иу мæ размæ куы рацæуид, мæ фæндаг мын куы фенцондæр кæнид!.. Кæцæй!.. Æвæццæгæн, адæмæн иумæ фæцæрæн ис, фæлæ мæлгæ алчи дæр иунæгæй кæны...

Æтт, мæ зынгыл, мæ хъæбулты ма иу уынд уæддæр куы фæкодтаин... Нал... Ницыуал... Фæцис мæ рæстæг... Саукъах дæр мæ цуры нал фæци!..

* * *

Æхсæв-бонмæ уарыд мит. Райсом бæстæ ныггуыппæг, митуарæн фæцис, хур ракаст æмæ йæ тынтæ тыбар-тыбур кодтой урс-урсид миты рыгыл. Æдзæм, урс-урсид æмæ уазал рæсугъд адардта хæхбæстæ. Цæргæсбадæн. Урс миты бынæй цыппар фæздæджы æмраст фæцыди арвмæ. Дымгæйы уддзæф никуыцæй ис.

Саукъах æмæ Цамел бацыдысты Батуйы чызджы кæртмæ. Саукъах дис кæны: Æдзи йæ фосмæ цæуылнæ базылд, аходæнафонæй куы ахызт?.. Фæд куынæма рацыд хæдзарæй, уæд цавæр диссаг у?..

Ма фæрынчын уа Æдзи?.. Уæд æз та мæ зæрдæйы дзæбæхæн фынæй кодтон Сандыртæм?.. Æтт, мæ зынг куыд бахуыссыд!..

Бацыди Саукъах комкоммæ хæдзары дуармæ æмæ йæ æртæ хатты фидар ныххоста. Дзургæ ницы кодта: тарст, мыййаг æм куынæ сдзура Æдзи, уæд ма стæй цы ми кæндзæн?.. Æрæджиау нал фæлæууыд.

– Æдзи, æз дæн, дуар бакæн, фосмæ зилын хъæуы!..

Ничи радзырдта Саукъахмæ, æмæ йæ зæрдæ бауынгæг: цæмæй тарстæн, уый мыл цæудзæн!.. Исдугмæ сагъдауæй аззад, цы акодтаид, уымæн ницыуал зыдта, стæй фæхъуыды кодта, цæй-ма фæрссагæй бакæсон – цы ‘рцыд нæ хæдзары, кæм и Æдзи...

Сугсæттæн къуыдыр батылдта фæрссаджы размæ æмæ бакаст мидæмæ. Уыны, пецы раз дæлгоммæ фæлдæхтæй хуыссы Æдзи. Йæ къухтæ размæ æппæрст – æвæццæгæн стад æмæ йæ бон нæ баци; йæ сæр рахиз русыл сыджытдзары уæлæ... Æдзийæн йæ иу цæст зыны Саукъахмæ, фæлæ уый дæр цъынд...

– Æдзи! – йæ тых, йæ бонæй ныхъхъæр кодта Саукъах, фæлæ йæм ничи ракаст, æрмæст сæныкк сгæпп кодта фæрссаджы уæрæх

дæлвæйнæгмæ æмæ тæригъæддаджы цæстытæй нымдзаст Саукъахмæ, стæй уынгæг хъæлæсæй бауасыд.

Базыдта йæ бон Саукъах æмæ йæ цæссыгтæ ныггæр-гæр кодтой. Æрхызт къуыдыræй æмæ кæугæ-кæуын дзуры Цамелмæ, ас лæгау:

– Цу-ма, Цамел, Сандыræн зæгъ: ардæм, зæгъ, рацу, Батуйы чызг, зæгъ, цыдæр кодта...

Цамел кæртæй цалынмæ хызт, уæдмæ йæхи урæдта Саукъах, стæй ныббогъ-богъ кодта.

Нырма ничи зынд фæдисы, æмæ Саукъах йæхи æруагъта къуыдырыл, йæ цæсгом йæ дыууæ армы дзыхъхъы нытътъыста æмæ кæуы, æнæдзургæ, ас лæгау.

1968–1969 азтæ.
«Фидиуæг», 1970 аз, № 2

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

МÆТ СЫГЪДÆГ КÆНЫ УДЫ

ЗÆХХЫЛ МÆ УДЫЙАС КÆЙ УАРЗТОН

Зæххыл мæ уды йас кæй уарзтон,
Гъе уый мын бадомдта мæ уд.
Мæ цард йæ сæрвæлтау æрхастон,
Фæлæ мыл аивæй уый худт.

Уый загъта: «Додойаг дæ къона,
Йæ удæн чи нæ зоны аргъ!
Мæ бæсты чи кæны тыхтона,
Сæркъулæй чи хæссы мæ уаргъ!»

Æз ын йæ хъуыдытæ æмбæрстон,
Фæлæ дзы н' агуырдтон мæ мызд.
Фæндыд мæ уый уды æрбæстон,
Цæмæй фыдбылызæй уа хызт.

Ныр ын мæ тæригъæд дæр барст у,
Фæлæ нæма банцад мæ рис.
Кæмæн нæ йе 'намонд йæ уарзт у,
Кæмæн та хи уарзын йæ низ.

ЦАС БÆРКÆДТÆ ИС...

Цас бæркæдтæ ис уды къæбицы,
Уым нæ ивгъуыд нæ фидæныл баст.
Уый нæхæдæг ныууадзæм нæ уарзт,
Фæлæ уымæй цы рох кæны – ницы!

Ног та зæрдæ мæн ласы хъæмæ.
Уым кæддæр æз нæ бафсæстæн уарзтæй.
Уым ныууагътон мæ уæзæг, æмæ
Ныр мæ зæрдæ куыд риссы йæ мастæй.

Уым ыстъалытæм баххæссæн ис,
Рагъæй рагъмæ сыбар-сыбур хъуысы.
Уыг – æхсæвдзу – ныккæны фæдис,
Мæй фæсрагъæй хуыснæгау ысхъуызы...

Уым мæ фыдæн йæ уды æмбис,
Уым мæ мадæн йæ армы нысæнттæ.
Ныр сæ царды кæддæры нывæндтæй
Баззад зæрдæйы судзаггаг рис.

ЕХХ, МÆ БАЛЦÆН ЙÆ БÆРÆГ ÆМБИСЫ...

Ехх, мæ балцæн йæ бæрæг æмбисы
Рындзыл бадгæ цæмæ у мæ каст.
Кæд мæ зæрдæ мæ ивгъуыдыл риссы,
Уæд мæ фæндаг куынæ фæуа раст.

Æз мæ азтæ нымайын уырзтыл,
Фæлæ ивгъуыдæн уый дæр цы хос у.
Цæст нæ хæцы мæ царды хæрзтыл,
Фæлæ цард та æнæ мæн дæр хорз у...

Чи йæ зоны – мæ уды рæбын
Æз хуыснæггагау тары цы ‘мбæхсын....
Æз нæ арæхсын уырдæм ныккæсын,
Уды хос та нæ арын æппын.

Афтæ цардæн йæ бæрæг æмбис,
Ныр лæууын æз фæрсгæйæ йæ рындзыл.
Цард тызмæг у, рæстдзинад æм ис –
Уый куы фена мæ сæнттæ – тæрсын дзы...

ЦАРДÆН ЙÆ ХÆРЗТÆМ БÆЛЛÆМ

Цардæн, цардæн йæ хæрзтæм фæбæллæм.
Арфæ, арфæ нæ дæлæвзаг ис.
Буц хæлæрттыл мах узæлгæ ‘мбæлæм,
Фæлæ не ‘мбарæм искæйы рис.

Мах нæ уарзæм фыдох æмæ рыст.
Цардæй домæм æнцой æмæ ривæд...
Кувæм – уадз нæ фыдбылызæй хызт,
О Хуыцау, фæлæ уадз нæ нæ хивæнд...

Мах нæ зонæм – æнцой раны цад
Дзаг у хинæй, кæлæнæй, мæнгардæй.
Тохы гуылфæны чи у æнцад,
Уый – æнæхай уæлахизы цардæй.

Уæдæ райс ды фыдохæй дæ хай –
А дунейæн йæ рыст у æгæрон.
Тарды чи ис – æрцу йæм æмгæрон –
Стæй «фæрыстæн дыл» уымæн зæгъай!

Ма тæрс – уды сыгъдæг кæны мæт.
Фæлæ уымæн цы пайда ис тасæй.
Ис дунейы ныммæлæн æгасæй,
Æмæ уымæй хуыздæр у мæлæт.

МИГЪТÆ

Мигътæ, кæдæм лидзут – иу æхсæв загътон.
Гъемæ тæхуды уæ цард!
Уыцы ран иу хатт мæ бæллиц ныууагътон –
Ууыл дæн абон æнкъард.

Мигътæ, бæрзондæй фæлгæсын æнцон у,
Æмæ æвзарын нæ цард!
Цавæр у, чи у зæххон лæг, кæцон у –
Уый у уæ цæуæнтæй дард.

Мигътæ, зæххæй уын æрвитын салæмттæ.
Федтон уæ иу хатт куыддæр...
Федтон уæ сæрмæ æз уыцы бæрзæндтæ,
Æмæ сæ мысын ныр дæр...

АБАЙТЫ Эдуард

КУЫРДАДЗ У ЦАРД

* * *

Пысырайы уыраугæ сыгъд нæ бавзæрстай,
Дæ къахы бын дæр никуы фæныхст сындз,
Лæппуйау Терчы знæт гуылфы нæ бафсæрстай,
Къуымæлы дæр дæ никуы бахауд бындз.

Цы дæ рауайдзæн афтæмæй, цы? Бадт дзуллаг!
Сылы дæр ма куы схуырх вæййы, куы схуырх.
Фæлмæнком цæвæг дзалайы кæм бацъула,
Уым дурбыны куыннæ фестдзæни хырх?!

Фæзæгъынц, ном æрмæстдæр у фæзилынæн,
«Сослан» ном дæр бæргæ хæссыс – нæртон.
Алæфтимæ лæджыхъæд хъæуы симынæн.
Дæ ном та циу? Фæдæгъдхæтæлæй топп!

Пехуымпар загъта: «Айк мæцъисæй тулдзыстут,
Уæ дыууæ иуæн – Агуыры æфсад».
Куырдадз у цард, йæ цæхæры мах судздзыстæм,
Æнæсæрыдæй ма баззай, Сослан!..

* * *

Мæ зæрдæ – æрхæндæг, куы ссау уа,
Цы зæрдæйæ скæнон уæд урс?
Мæ зæрдæмæ гæсгæ – мæ дзаума,
Цацатæй мæ ма кæнут буц!

Дон аласдзæн дзаумайы чъизи,
Æндæр цæуылдæр æз тыхсын:
Йæ сау митæй саудзæсгом чи сси,
Цæмæй ис, цæ, уымæн ныхсæн?..

* * *

Афтæ цæр, дæ фæстæ
Хорзæй мысой дæу,
Истæмæй дæ хæрзтæй
Искæй зæрдыл лæуу.

Барджыты ерысы
Н' акъуырдтон æз цъоз,
Æмæ мын нæ мысынц
Хорз адæм мæ хорз.

Дугъæттæй нæ уыдтæн,
Дугъæттæй – дæрддаг.
Хъузонæн бæззыдтæн
Иу цыбыр дæрддзæг.

О, фæлæ кæд дугъы
Исчи уыд уæлдæр,
Ис дзы уæд мæ тухæн –
Иу æвзыст уæддæр...

* * *

Мæстæй тыфылтæ
Ма кал бынмæ,
Хос дæм тъыфылтæй
Сдæттын, бæргæ...

Баззад нæ размæ
Дзургæ хæзна:
Азимаг растмæ –
Азымхæссаг.

Мæкъуыл дæ узы,
Зилы дæ сæр?
Нæ, уый бындурзылд
Кæныс, æвзæр!..

Æмæ цы фыцыс,
Уæлæ мæгуыр,
Арвмæ æрцындзыл
Амай мæкъуыл!..

Уазал фæнычы
Къæхтæ куы уой,
Сæр уæд фæрынчын,
Сæр уæд – дæ кой...

* * *

Фæдæн сæм фыдæхсæв,
Мæ цæстытæ – гом.
Мæ хуыссæг цы хуыснæг
Фæхаста æргом?

Мæ фысым, дæу мысын:
Фынгæн дардтай д' арм.
Мæ цытæн хæцыдтæн
Дæ нуазæныл дæр.

Сæ диссаг – сæрисгæ
Фæрæткарст фыдджын,
Уæддæр мын нæ хъæбын –
Зæрдæскъæф адджын.

Фæтевзæ дæр уе 'взæрст
Хъуымацæй уыд хуыд,
Кæд исчи уæ хъисджын
Зыгуымыл хуыссыд...

Мæ тъахтин мæм тахти
Цæстуайæн сæнтты.
Мæ хъæццул – мæ фæддзу,
Мæ мады рæтыд.

Уым тавс и! Йæ уафсы
Дæр ма куы ис тавс.
Рæбынæй нæ мынæг
Фæнычы та – цас?!.

Сæ рудзынг фæрухсдзыд,
Ам хур дæр – æндæр.
Бон – дзир-дзур. Фæлидзон,
Фæхæссон мæ сæр.

Мæ хъиутæ нæхимæ
Куы хæрын. Нæ къуым!
Мæ хуыснæг æд хуыссæг
Уым раздæхдзæн, уым...

* * *

Карк нырма нæма ратахт йæ бадæнæй,
Куыдз тымбылтæй къæсæрыл хуыссы.
Цъиуызмæлæг нæ, нæма ис адæмæй,
Уасджытимæ ‘рмæст дæ хъæр ыссыд.

Раджы стаг – æвæсмон. Хъуамæ бонræфтæм
Ды фæуай дæ фæстаг уис дæр хаст.
Де ‘хсæвæй цы атонай – дæ бонмæ ‘фты,
Уый та – цардмæ. Уасджытимæ раст!..

* * *

Мæ цым та æрцымдта
Сæуæхсиды сырх.
Йæ гага – йæ рагарт,
Йæ зынгæй ыссыгъд.

Уæлхъæдæй рæгъæдæй
Ныр рагæй у цыд.
Фæрдгуытæй фæкуыдта
Йæ гагатæ цым.

Ænхъæлдæн, æнхъæлмæ
Ægæр мæм фæкаст.
Ныттар и сырх дари –
Мæ цин æмæ маст.

Зæрæхсид – цæрвæхсид –
Ærвгæрон ыссыгъд.
Мæ цымæн та, цыма,
Æз райстон йæ сырх...

* * *

Æнгузæн зæххыл фæцæуы йæ къæрцц,
Рагъæнæй райсдзынæ тагъд та дæ кæрц...
Уæлæ фæхицæн йæ балæй зырнæг.
Скатай ис. Дуртæ баууилай, зымæг!..

Абон дæм зæрдæ фæкъæссавæлдæхт,
Схауæггаг уыцы зырнæгау, фæтахт.
Хъарм бæстæ н' агуры – хурджын хæрзтæ,
Зымæг дæр ын уыдзæн удыбæстæ.

Нал баззад бæласыл иунæг æнгуз.
Хъуамæ уæ фæззæгæй ма уат æбузн...
Иунæг сыфтæр ма йыл ризы мæнау,
Раст, цыма, мæнæ фæстаг удæртау...

* * *

Нæй мæм гæдымитæ, нæй,
Уарзын, уæд уарзын.
Сыкъа йæ тæккæ бынæй
Уарзын æз нуазын.

Размæ мæм худыс, фæсте
Лыг кæныс счъилтæ.
Залгъæдау ды дæ хъæстæ,
Худгæ марг чидæр.

Мидæмæ тухæд æлхуый,
Йе 'хснудгæ – 'ддæмæ.
Къуыбылой скæны цæстгай
Цъындайы къæбæл...

АДÆМӨН СФÆЛДЫСТАД

ТАУРÆГЪТÆ, ЗАРДЖЫТÆ[1]

БОЛА ÆМÆ МÆХЪХЪÆЛОН БОГАЛ

Арвыкомы ирæттæй чидæр мæхъхъæлон фыййауимæ фæбыцæу æмæ йæ амардта. Мæхъхъæлоны фысвос æмæ хъуццытæ дзæгъæлæй баззадысты. Ирæттæй сæм ничи бавнæлдта, æмæ хъуццытæ цалдæр боны æнæдыгъдæй уым хъизæмар кодтой. Ничи сæм зылди æмæ тæригъæд уыдысты. Уæд хистæртæ загътой:

– Мæхъхъæлмæ ацæут æмæ бафидаут, кæннод фæтудджын уыдзыстæм.

Лæгтæ Мæхъхъæлмæ ацыдысты æмæ сын сæ цыды сæр загътой, бафидауæм, зæгъгæ, цыдæриддæр нын зæгъат туджы аргъæй, мах уын æй фосæй бафиддзыстæм, сæдæ фысы уын ратдзыстæм.

Ацы хабар æрцыди æртынæм азты. Бола уыцы рæстæг царди Кæсæджы. Ам зæгъын хъæуы уый, æмæ Бола йæ фыдæлты уæзæг, йæ райгуырæн хъæу ницы хуызы ныууагътаид, фæлæ æндæр гæнæн нæ уыд. Тынг æдзæстуарзон адæм фæзынди Хъобаны, æмæ уыдон бирæ æнаххосджын адæмы бабын кодтой – Сыбырмæ сæ ахæссын кодтой. Болайы дæр йæхицæн æнцад цæрын кæм бауагътаиккой, æмæ йæ бахъуыди агурын сабыр къуым, æдасæй йæ царды бонтæ кæм арвыстаид, ахæм. Фæлæ йæ уым дæр нæ уагътой.

Мæхъхъæл, фидауыныл разы стæм, загътой, æцæг уый размæ уæ лæгдæры ардæм ракæнут, стæй бæрæг уыдзæн хабар.

Хистæртæ арвыстой кæстæрты Боламæ, Кæсæгмæ, æмæ сын уый нæ бакуымдта. Уæд та арвыстой сылгоймæгты. Зæронд устытæ иуæндæсæй Болайы раз сæ кæлмæрзæнтæ æрытыдтой æмæ сæ зонгуытыл æрлæууыдысты, лæгъстæ йын кодтой.

– Уæуу, Хуыцау уын æй ма ныббара! Ныууадзут мæ – æз

---

[1] Таурæгътæ æмæ зарæг ист сты чиныг «Иры хæзнадонæй». Чиныгуадзæн «Ир», 2010. Сарæзта йæ Торчынты Таймураз.

зæронд læг дæн! – загъта Бола. Фæлæ йæ кæм уагътой, æмæ æфсармджын ирон læг семæ рацыди. Ныллaстой йæ Мæхъхъæлмæ. Уым та йæ ныхмæ рауагътой мæхъхъæлæн сæ лæгдæры. Уый та разындис домбæйттæарæзт, фæлæ тынг ныллæг адæймаг.

Хæцынтæ райдыдтой. Болайæн фыццаг тынг зын уыдис ацахсын læджы, амал нæ ардта, куыдæй йыл фæхæст уыдаид, уымæн. Уæдмæ Бола йæ уæрджытыл æрхауд æмæ йæ ныхмæлæууæджы астæу ацахста, зæххыл æй æртъæпæн кодта æмæ йæ æрæлхъывта. Мæхъхъæлонæн йæ хъæлæсæй туг скалди, æмæ йæ ахастой. Мæхъхъæл састы бынаты баззадысты æмæ бафидыдтой. Фосæй дæр ницыуал бацагуырдтой. Фæлæ сæ чидæр фæгуырысхо, кæд ирон нæу, зæгъгæ. Ирæттæм ахæмтæ кæцæй æрцыд. Кæд, мыййаг, кæсгон у æмæ нæ ирæттæ сайгæ кæнынц, зæгъгæ.

Бавдæлдысты æмæ арвыстой лæгтæ Кæсæгмæ уыцы хабар сбæрæг кæнынмæ. Семæ ацыдысты ирæттæ дæр. Куы ныххæццæ сты, уæд сын уырдыгон адæм – кæсæгæй, хъазахъхъагæй – иууылдæр æмдзыхæй загътой:

– Ацы læг кæсгон нæу, уый ирон у. Æгас дунейы кæй зонынц, уыцы номдзыд хъæбысæйхæцæг – Хъаныхъуаты Бола. Уый чи нæ зоны, ахæм иунæг дæр нæй.

Æмæ уæд мæхъхъæл дæр уæлдай ницыуал загътой æмæ аздæхтысты фæстæмæ.

Ацы хабар радзырдта хъарман-сындзыхъæуккаг ***Едзиты Руслан.*** *Ныффыста йæ* ***Торчынты Таймураз*** *2002 азы.*

ЗАЛИАГ КАЛМ

Бацыд цуанон læг тар хъæдмæ, ныдздзæгъæл ис. Ныххауд стыр сау дзыхъхъы. Дзыхъхъы алыфарс æртымбыл калм. Кæсы калм læгмæ. Тæрсы læг, топп дæр дзы ферох. Баппæрста калммæ кæрдзыны æрдæг. Ахордта калм кæрдзын. Баппæрста иннæ æрдæг дæр. Ахордта калм уый дæр. Амоны калм læгæн, схиз, зæгъгæ.

Læг нæ уæнды. Уæд калм йе ‘рдæг дзыхъмæ ауагъта, æрбатыхст læгыл, сласта йæ. Læгæрды æвæды калм, амоны læгæн, цу мæ фæдыл, зæгъгæ.

Цæуы læг калмы фæдыл, бацыдысты æндæр дзыхъмæ. Хуыс-

сы дзы калм. Амоны калм лæгæн, топп ыл цæв, зæгъгæ.

Фехста лæг цалдæр хатты. Фæцæфтæ калм, фæлæ ма уæддæр тынг æрæлхъывта лæджы. Иннæ калм, лæджы æрбахонæг, æрбамардта калмы.

Фелвæста йын йæ дзыхæй цыкурайы фæрдыг æмæ йæ лæгмæ радта. Бацыд цуанон йæ хъæумæ. Иу стур кæмæ уыд, уымæ фестад цыппар, дæс фысы хицаумæ – сæдæ. Тынг схъæздыг сты, бирæ исбон сæм баци.

Хъæуы хъæздгуытæ тынг сызнæт сты, нал цыд сæ цард сæ зæрдæмæ. Арвыстой æндæр цуаноны иннæ калмы марынмæ, бынтон, дам, схъæздыг уыдзыстæм.

Бацыд цуанон калммæ. Калмæн йæ цæстытæй кæлы туджы цæссыджытæ.

– Ферох мын кодтат мæ хорздзинад, æмæ мæм марынмæ æрбацыдтæ.

Нал амардта калмы цуанон. Æрбацыд йæ хъæумæ. Цы мæгуыр уыдысты раздæр, уымæй бирæ мæгуырдæр фесты.

Радзырдта йæ ***Æмбалты Додтан*** *1980 азы.*

ХАЗБИ ÆМÆ УÆРÆСЕЙЫ ПАДДЗАХ

Уæрæсейы хæдхæцæг паддзах куы басаста Биасланты ‘лдæртты æмæ дыккаг уаргъ куы æрæвæрдта Кæсæджы фæллойгæнæг адæмыл, уæд та йæ сармадзаны дзыхтæ сарæзта Ирмæ.

Иры сæрибардзинад байсыны тыххæй кæронмæ басæттын хъуыд Хъобангом, фæлæ уый сæ къухы не ‘фтыди Уырысы æфсæдтæн.

Куыд дзурынц, афтæмæй Хазби цалдæр хатты схæцыд Уырысы æфсæдтимæ æмæ-иу сæ фæстæмæ атардта.

Хазби уыдис хорз цуанон, бæрæг дардта комы. Иухатт фехъуыста, Уырысы æфсæдтæ сæхи стыр ныббырстмæ кæй цæттæ кæнынц, уый æмæ фервыста кæмттæм фæдис хъæргæнæг.

– Лæг чи у, уый тохмæ рацæуæд, æрбабырсынц нæм паддзахы æфсæдтæ.

Фæдис хъæргæнæг Санибамæ бацыдис, æрæнцад хъæбатыр лæг Куындыхаты Хъæвдынмæ.

– Кæцæй? Хæрзгæнæг дæ Хуыцау фæкæнæд, – афарста йæ Хъæвдын.

– Æз дæн фæдисхъæргæнæг, паддзахы æфсæдтæ æрбацæуынц, æмæ мæ Хазби рарвыста. Хæст стыр уыдзæн Дыууæдонастæу, æмæ куыд æрцæуат, афтæ.

Хъæвдын загъта:

– Æмæ куыд ныууадзæм нæ Рекомы кусæртытæ æнæ ‘ргæвстæй?

Уæд сын хъæргæнæг загъта:

Уæдæ уæ зæронд мад – Сыбенон,
Æмæ уæ хæрзбын бакæнæд уæ Реком...

Уырдыгæй хъæргæнæг Хъæнимæ ссыди æмæ бадзырдта Санаты Беслæнмæ. Уыдонæн дæр фехъусын кодта хабар. Беслæн йæ авд фыртимæ рацыди лулæ дымгæйæ, заргæйæ æмæ æрцыди Хазбимæ Дыууæдонастæумæ. Санаты Азджери дæр ныфсджын лæг уыди. Уый æрбадти иу къорд лæгимæ Мыхы.

Дæргъæвсмæ дæр уыдис фæдисхъæргæнæг. Æппæты фыццаг Дæргъæвсгомæй ныххæццæ джимарайаг Порæты Тотырбег, Дæргъæвсæй – Зорæты Мæхæмæт æмæ æндæртæ. Куырттатæй рахæццæ йе ‘мбæлттимæ Гуыриаты Дзамбег, Джизийæ – Хъариаты Умар иу къорд лæгимæ. Уалынмæ хæст стынг ис.

Уырысы æфсæдтæ куы бамбæрстой, сæ бон ницы бауыдзæн, уый, уæд Дыууæдонастæуæй фæстæмæ аздæхтысты. Сараты фæзы сæ Хазбийы æфсæдтæ цæгъдгæ куы фæцæйтардтой, уæд дыууæ салдаты Хазбийы разæй бæласы ауон бамбæхстысты æмæ йæ амардтой. Хазбийы амарды фæстæ сæ уæддæр иннæтæ атардтой.

Уырысы æфсæдтæ æрæнцадысты Дзуары ‘фцæджы хуссары.

Уырдæм та сæм æфцæджы тигъгыл бахъуызыдысты иры хæцæг адæм, æхсæвмæ æрцæттæ кодтой дуры цæндтæ æфсæдтыл атулынмæ. Æхсæвы Абхазовы æфсæдтæ куы æрфынæй сты, уæд сыл уæле дуртæ рауагъгтой. Бæстæ базмæлыд сæ гыбар-гыбурæй, æмæ æфсæдтæ хуыссæгхъæлдзæгæй схъомпал сты.

Алыгъдысты æхсæвы уырдыгæй Арвыкоммæ æмæ уым æрæнцадысты. Сæ фæдыл та ацыдысты уырдæм дæр Порæты Тотырбег, Гуыриаты Дзамбег, Санаты Беслæн йæ авд фыртимæ, Аспиаты Хъауырбег æмæ æндæртæ æмæ сæхицæн æфсæдты сæрмæ сцæттæ кодтой цæрæнбынæттæ.

Райсом бон куы ‘рбарухс, уадындзæй куы бауасыдысты Абхазовы æфсæдтæ, уæд сыл уæле дурæй æхсын райдыдтой. Раз-

дзог сын скъаманды кодта иры хæцæг адæмы ‘рдæм, фæлæ сæ ирон адæм рафсæрстой. Фæлæ сын Хохы Хъахъхъæдурæй хæрзгæнæг фæци, æмæ сæ уый æрбакодта æндæр фæндагыл æхсæвыгон. Æрбахизын сæ кодта Цымийы ‘фцæгыл æмæ сæ ныккодта Санибайы æфцæгыл.

Æфсæдтæ æнæнхъæлæджы фестадысты райсомæй æхсæвыцъæхæй Хаситы уæлвæзы. Адæм сæ куы ауыдтой, уæд сæ хæдзæрттæ дзæгъæл уагътой æмæ хæхтæм лыгъдысты.

ЦИГСИИ-йы архив

Таутиаты Солæман Алыккаты Хазбийы ролы.

ХАЗБИЙЫ ЗАРÆГ

– Ой, Хазби! Дыууæдоныастæу нæм,
Ой, ой, æрбабырсынц, ой, не знæгтæ.
Хъæбатыр Хазби, гъей!
Ой, ой, афтæ куы бадзуры сæрæнгуырд Хазби:
– Ирон барæг цæмæйты вæйиы, гъой!
Ой, ой, йæ саргъ æмæ йæ идонæй, гъей!
Ой-ой, хæстон лæг та цæмæйты вæйиы –
Йæ кард æмæ йæ ливорæй, ой!
Ой, Куырттаты конд хуымтæ нын,
О-ой, дыккагæй рувинаг, ой.
О-ой, сау хæстмæ чи нæ рацæуа,
Уымæн та – мыггагмæ худинаг!

О-ой, Хъобангомы нын алы гæнах дæр,
О-ой, зæгæлæнгом, зæгæлæнгом, гъей!
О-ой, Хазби уæд афтæ куы бадзуры:
– О-ой, Иры бархийыл райсомы хæсты –
Мæ мæлæнбон, мæ мæлæнбон, ой, тох!

Зарæггæнæг ***Мамиаты Елдзарыхъойæ*** *йæ ныф-фыста* ***Плиты Грис*** *1935 азы. ЦИГСИИ-йы архив.*

ХАЗБИЙЫ ЗАРÆГ

(Вариант)

Ой, иу райсом, зæгъы, Хазби йæ мадмæ бадзуры, ой:
– Дысоны ‘хсæв, дам, дын фыдфынтæ рауыдтон,
Ой, фыдфынтæ рауыдтон, Дзыцца, ой!

Ой, цыма, дам, нæ мæсыджы сæрмæ,
Ой, дыууæ сау бæлоны кæрæдзийы пакъуы,
Ой, бындзыггай истой, – куы дзуры.

Ой, цыма, дам, нæ сау хъуг
Йæ рæхыс йе ‘фцæджы, – загъта, –
Афтæмæй рацæйцыд, рацæй, мæ хæдзар.

– Ой, уыдон, дын хорз фынтæ куы не сты, мæ хъæбул,
Ой, хорз фынтæ дын куы не сты,
Ой, мæ хъæбул, ой!

Гъей, Хъайтыхъойы лæппу, Ирыстоны богал
Афтæ куы дзуры, афтæ,
Ыстыр тохы размæ, ой!

Гъей, къуымых кардæй, дам, фæрæт хуыздæр у,
ме ‘мгæрттæ,
Гъей, Гæналдоны сæрмæ ныл тохы бон ныккодта, гъей,
Гæналдоны сæрмæ, ой!

Гъей, æгады цардæй, дам, мæлæт хуыздæр у,
ме ‘мгæрттæ,

Гъей, тагъд-ма рацæут, загъта, тохмæ, гъей,
Дыууæдоныастæумæ.

Гъей, дзындзалæгæй, дам, кæрдæджы хус хуыздæр у,
ме ‘мгæрттæ.
Гъей, уынгæг тох,
Гъей, Алыккаты Хазби, гъей!

Гъей, тæрсаг лæгæй, дам, мæлæт хуыздæр у,
ме ‘мгæрттæ,
Гъей, уынгæг тох,
Гъей, Гæналдоны сæрмæ, гъей!

Ой, ирон барæг, зæгъы, саргъ æмæ идонæй, лæппутæ,
Гъей, тагъд-ма рацæут, зæгъы, тохмæ,
Гъей, Ирыстоны фырттæ, ой.

Ирон тох, дам, нын кард æмæ ливорæй æрцыди,
Кард æмæ, зæгъы, ливорæй,
Паддзахы ‘фсæдтимæ, гъей.

Ныффыста йæ ***Бæрæзгаты Майрæм.***
ЦИГСИИ-йы архив. Фольклор.

ХЪУЫССÆТЫ БÆХ

Цобыкъатæ Хиуы комы æлдариуæг кæнын куы райдыдтой, уæд сæ тæваг ирон адæмтæм дæр хæццæ кæнын райдыдта. Ирон адæмæй хъуамæ скодтаиккой хъалондар. Сæ туджы æртахæй цы мæгуыр муртæ, мæгуыр капеччытæ куыстой, уымæй дæр хъуамæ Цобыкъатæн фыстаиккой хъалон, уыдаиккой уæззау æфсондзы бын, сæ сæр схъил кæныны бон сæ куыннæуал фæуыдаид, афтæ. Тырсыгомы æмæ Хуырæн дæлейы адæм уый сæ сæрмæ не ‘рхастой. Æрæмбырд сты Къобмæ. Арвыстой Цобыкъатæм Сæнамæ. Уыдон æрбацыдысты æмæ уынаффæ кæнын райдыдтой. Хъуыссæты Алыксандр, зындгонд лæг, хорз зыдта гуырдзиагау дæр, се ‘хсæнæй сыстадис æмæ райдыдта дзурын: «Мах, мæгуыр ирон адæм, хъæздыгдзинадæй нæм куы

ницы ис, бирæтæ цуангæнгæйæ куы цæрынц, уæд уын цавæр хъалон бафидæм? Цы фæйнæ гæбæр хъуджы нæм ис, уыдоны урссаг сымахæн куы раттæм, уæд нын нæ сывæллæтты хурхытыл ныххæцут, æмæ амæлой. Нæ бафæраздзыстæм уыцы уæззау уавæрæн, кæнæ цард, кæнæ мæлæт». Цобыкъаты ælдар ацы ныхæстæм куы байхъуыста, уæд æм хорз нал фæкастис. Бамбæрста, тугкалд кæй æрцæудзæнис, уый æмæ йæхи фæурæдта.

Рæстæг цыдис. Иу бон Хъуыссæты Алыксандры дуармæ иу чапар æрхызтис йæ бæхæй. Мынайæгтæ дисы бацыдысты, ай цы хабар у, зæгъгæ. Алыксандр ælдары зæрдæмæ тынг фæцыдис ныхасæй дæр, стæй уындæй дæр. Сæвæрдта йæ ирон хъæутæн чапарæй. Кæд æй нæ фæндыдис уыцы куыст кæнын, уæддæр йæ бон «нæ» зæгъын нæ бацис. Йæ куыст хорз цыдис, ælдар дæр дзы сæрыстыр уыд. Къорд рæстæджы фæстæ æрбарвыста Алыксандрмæ: «Дæ хорз æмгæрттимæ, дæ хорз хъæуккæгтимæ мæ хæдзары куыд сæмбæлай, афтæ». Уый бæргæ нæ фæндыдис, зыдта йæ, уый фæстæ йæ бирæ фæлхæстæ кæй бахъæудзæн, уый. Хæдзар дæр ахæм рæвдз кæм уыдис, ælдары фæхонынæн бирæ цыдæртæ хъуыдис. Араст йæ хорз хъæуккæггтимæ Цобыкъатæм.

Куыннæ фæбадтаиккой хорз, куыннæ дзы уыдис хæрд, нозт, скодтой æфсымæргæндтæ. Куыд кæрæдзиуыл стырзæрдæ не суыдзысты, кæрæдзиуыл гадзрахатæй нæ рацæудзысты, уый тыххæй банызтой. Сæ бадт кæронмæ куы ‘рхæццæ, уæд Цобыкъаты ælдар сыстадис æмæ загъта: «Мæ бæхтæ Сæнайы сæрмæ цъыхырыйы хизынц, дæ зæрдæмæ дзы кæцы фæцæуа, уый дæхицæн равзар æмæ йæ алас». Ælдарæн йæ бæхгæстæ уыдысты кæсгæттæ. Йæ бæхтæ-иу зымæгон Кæсæджы уыдысты, сæрд та – Сæнайы. Алыксандр уыцы бæхтæм акастис, стæй бæхгæстæн загъта, уæхæдæг мын раттут, кæцы мын уæ цæст уарзы, уый, зæгъгæ. Бæхгæстæ æрбаластой рæгъауы кæронæй сау мæллæг байраг. Алыксандрæн йæ зæрдæмæ нæ фæцыдис, фæлæ цы гæнæн уыд. Æркодта байраджы ælдары размæ. Уый йæ куы федта, уæд фæтъæлланг кодта: «Уыцы байраг дæуæн чи радта, уый дæ тæригъæд дæр æмæ мæ тæригъæд дæр фæхæссæд!» Алыксандр æй æрбакодта Мынамæ. Байраджы саргъахуыр райдыдтой. Байраг уыдис сагартæн, ома ælвæст, йæ раззаг æрдæг фæстаг æрдæгæй ставддæр уыд. Бакаты хæдзары ацы байраг дыууæ азы куы фæцис, уæд ыл адæм, хъæубæстæ сæ

цæст æрæвæрдтой. Йæ хъуын дæр кодта æрттивгæ. Цыбыр ныхасæй, диссаджы бæх ссис.

Алыксандр Уæлвæзмæ цыдис алы бон дæр æмæ-иу цыбыр рæстæгмæ йæ куыстытæ конд фæцис. Иу рæстæджы, Мынамæ цæугæйæ, кæцыдæр хъæуы афæстиат æмæ йыл баталынг. Мынайæ Окрохъанайы астæу ис иу айнæг къæдзæх, «Хæйрæджджын къæдзæх» æй хуыдтой. Уырдæм куы бахæццæ, уæд къæдзæхæй кæйдæр хъæр фæцыдис. Ратылд дзы сыджыты къуыбар æмæ сæ разы цæхгæрмæ æрлæууыд. Бæх æвиппайды ныххуыррытт кодта, нал комы размæ. Алыксандræн йæ сæры хъуын арц сбадтис. Бæхы æрцавта. Ууыл ехсы цæф никуы сæмбæлдис. Фехста йæхи размæ æмæ уайтагъд Мынайы балæууыд.

Радзырдта йæ фæндаджы хабар сæ бинонтæн. Æфсин скодта æртæ луасийы, æмæ скуывтой: «Кæд исты фыдбылыз уыдтæ, уæд дæ хъомыс ацы æртæ луасимæ фæуæд. Алыксандрмæ мацы бар дар». Уыгард ныккодтой, æмæ хъуыддаг ууыл ахицæн. Лæг уæззауæй уæззаудæр кодта, нал хæцыд йе уæнгтыл. Бинонтæ старстысты, сæ цæссыг калдтой. Кокайты Знауыры ус Бабале цардис Гагуаты, хъуыстгонд дæсны уыдис. Æрцыдысты йæм, радзырдтой йын Алыксандры хабар.

Бабале аджих, стæй загъта: «Зин æй асхуыста. Уæ хъомы астæу хъулон рæуæд ис, æмæ йæ снывонд кæнут, фыдбылызæй йæ цы дзуæрттæ бахизой, уыдонæн».

Нывæндтæ бæргæ скодтой, фæлæ дыккаг бон лæг ахицæн йæ цардæй. Комбæстæ æрæмбырд сты æмæ йæ баныгæдтой.

Бæх йæ хицауы куы нал уыдта, уæд уасыдис, агуырдта йæ барæджы. Донмæ-иу æй куы ауагътой, уæд-иу афардæг, Алыксандримæ цы хъæуты уыдысты, уыцы хъæутæм. Изæрæй-иу фæстæмæ уасгæ æрбахæццæ, йæ хид-иу калдис, афтæмæй. Лæджы зиан сын уый нæ ракодта, ацы бæхы тæригъæд куыд хъардта бинонтæм. Хæргæ дæр-иу нал кодта, афтæмæй лæууыдис æнкъардæй йæ кæвдæсы раз. Хъуыссæты Аслæмырзæ æмæ Цæболты Бехъан, сæ амонд æвзаргæйæ, бæхтыл бацыдысты Тырсымæ. Хъал лæппутæ тыхтард фæкодтой бæхты. Бакаты саулох æрыгон бæх нал уыдис, тынг бафæлмæцыдис, афтæмæй ма Окрохъанамæ рахæццæ. Кокайты Уанез хъæуыхицауæй куыста. Бæхы ахæм хуызы куы федта, уæд схъæртæ кодта Аслæмырзæйыл, цæуыл амардтай бæхы, зæгъгæ. Байста йын æй æмæ йæ скъæты бакодта. Йæхæдæг Хъуыссæтæм барвыста.

Сæ бæхмæ рацыдысты æмæ йæ акодтой сæхимæ. Бæх йæхи æруагъта, хæргæ нал кодта, æнæхъæн къуыри йæ уд исын нæ фæрæзта. Хæдзары хистæр Бака рахæссын кодта хоры куыси æмæ йæ бæхыл бакалдта: «Алыксандр дыл уæлæуыл куыд бадтис, мæрдты дæр дыл афтæ бадын куыд фæраза, ахæм лæвар дæ уæд». Бæх базыр-зыр кодта, иу хатт ма Бакамæ скастис æмæ йæ уд систа. Хъуыссæтæ галтæ дзоныгъы сифтыгътой, сæвæрдтой йæ дзоныгъы æмæ йæ, Бæлæсты бын кæй хуыдтой, уырдæм ныллaстой. Цикъæйы йæ батыхтой, стыр дзыхъхъ ын скъахтой æмæ йæ банымгæдтой.

Алы аз дæр, хуымтæ æхсæдгæйæ, дуртæ калдтой, кæм ныгæд уыдис, уырдæм æмæ уый бæрзонддæр кодта. Хъуыссæтæ ныр дæр ма фæдзурынц, нæ саулох ацы цæнды бын ныгæд ис, зæгъгæ. Ацы саулох куы амардис, уæд комбæсты хæстæг хъæутæй æрбацыдысты, тæфæрфæсгæнæгау кодтой, уæ сæры бæсты фæцæуæд уæ адджын фос, зæгъгæ. Хъуыссæтæ æрбацæуæг адæмæй фефсæрмы сты æмæ кусарт акодтой.

Хъуыссæты Митяйы *ныхæстæй йæ ныффыста* ***Туаты Гæлæу.*** *ЦИГСИИ-йы архив.*

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Францаг нывгæнæг Гилберт Легранд дæс азæй фылдæр архайы, фыццаг бакастæй адæймаджы дисы чи не ‘фтауы, ахæм дзауматæ цардæгас скæнынылл. Йæ куыстытæ йын фенæн ис Францы алыхуызон музейты. Йæ нывтæ уæлдай цымыдисдæр скæнынц сабиты. Нæ равдыст сарæзтам Гилберт Легранды куыстытæй.









BATIPRO
NEUF-RENOVATION

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег

«ÆГАС ИРÆН ЙÆ ЦЫТ»[1]

(Интегративон урок
Едзиты Сослæнбеджы аивадæй)

Дыккаг урок

(Ирон литературæйæ)

Урочы темæ. Едзиты Сослæнбеджы сурæт æмæ аивадон сфæлдыстад ирон поэзийы.

Аив кæсын поэтикон уацмыстæ æмæ æрдзурын скульпторы сфæлдыстадыл. Æмдзæвгæты аивадон фæрæзтæ ссарын.

Урочы эпиграф фыст у фæйнæгыл.

...дуртæ
æрæгас ысты, бацыди сæ удтæ,
дзыхтæ, цæстытæ, хъустæ сыл æрзади,
сæ уазал уæнгты схъазыди цырен туг.

Хъодзаты Æхсар

I. Эпиграфы бакасты фæстæ ахуыргæнæг ратты ахуырдзаутæн цалдæр фарсты йæ мидисы фæдыл:

– Чи уыд уыцы зындгонд ирон скульптор, кæй къухты змæлдæй *«дуртæ æрæгас ысты, бацыди сæ удтæ...»?*

– Цы зонут Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстады тыххæй? Цавæр диссаджы уацмыстæ сфæлдыста скульптор?

– Цавæр хъæумæ хæстæг ис Сослæнбеджы шедевр – монументалон кувæндон ирон адæмæн æппæты кадджындæр æмæ уарзондæр дзуарæн? Зæгъут кувæндон æмæ дзуары нæмттæ.

---

[1] Райдайæн кæс «Мах дуджы» 2017 азы 8-æм номыры.

II. Фыццаг ахуырдзау дзуры æмдзæвгæ.

Дзуццаты Хадзы-Мурат

Едзиты Сослæнбеджы автопортрет

(Куыд дын ис уромæн
дæ монц, дæ туг æмæ дæ рондзимæ?!)
Дæ рахиз къух –
быцæуæвæрд
дæ уæрагæй дæ роцъомæ,
Тыхæй дын уромы,
тыхæй дын уромы дæ сæр
(Дæ сæры сагъæстæн
нæй Тыгъд æмæ Афоны арæн,
къæсæр),
Дæ галиу къух
æруагъта йæхи
дæ галиу уæрагыл
(Цыма йæ амад цъæх дурыл
уæ хъæуы сæр рагъыл) –
Тыхæй дын уромы дæ къух,
уромы йæ
тыхæй
(Дæ къухтæ дзырдтой хуыздæр
хæрзифтыгъд æвзаггæл дзыхæй), –
Тыхæй дæ уромы Зæхх –
планетæ Зæхх –
хауæггаг, хитæг,
Уый уымæн,
æмæ планетæ Зæхх
цæры дæ мидæг, дæ мидæг.

(Мыхуыргонд цæуы журналæй: Мах дуг, 2000, №6.)

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Лæмбынæг бакæсут æмдзæвгæ æмæ зæгъут: цавæр у поэты цæстæнгас адæмон скульпторы аивадмæ?

2. Хадзы-Мурат йæ æмдзæвгæйы æвдисы Сослæнбеджы адæймагон æмæ сфæлдыстадон сурæт. Бафтыд поэты къухы скульпторы фæлгонц равдисын?

3. Цавæр *аивадон мадзæлттæй* пайда кæны поэт, цæмæй ирддæрæй сфæлдиса скульпторы портрет? *(Риторикон фарст, фæлхатæнтæ, абарстытæ, олицетворени, метафорæтæ).*

4. Цавæр хъæлæсы уагæй кæсын хъæуы ахæм æмдзæвгæ? Кæмæн-ма ис уырыссаг зындгонд поэттæй ахæм æмдзæвгæйы формæ?

5. Дзуццаты Хадзы-Мураты уацмыс æрмæст Сослæнбеджы тыххæй у? Æмдзæвгæйæн ис философон мидис. Раргом кæн дæ хъуыдытæ уый тыххæй.

6. Цæмæн æрцыдысты мыхуыргонд ныхæстæ *«Тыгъд», «Афон», «Зæхх»* стыр дамгъæйæ? Цæй миниуæг у уый?

7. Куыд æмбарыс поэты ацы метафорæйы мидис: *«Тыхæй дæ уромы Зæхх – / планетæ Зæхх – / хауæггаг,/ хитæг,/ Уый уымæн,/ æмæ планетæ Зæхх/ цæры дæ мидæг,/ дæ мидæг»?*

8. Дæ зæрдæмæ фæцыди Хадзы-Мураты æмдзæвгæ? Цæмæй?

III. Дыккаг ахуырдзау дзуры æмдзæвгæ.

Хъодзаты Æхсар

Дурын балладæ

Адæмон скульптор
Едзиты Сослæнбегæн

Уыдис æхсидгæ вулкан, магмæ.
Стæй цавддур фестади мыггагмæ:
йæ мидæг тохы монц ныддур,
йæ мидæг аныгуылди хур.

Хæцыд йæ дур-уидæгтæй хохыл,
лæзæрыд мингай азты рохы.
Уæд дын æм Едзион ыссыд,–
йæ риуы уарзты арт ыссыгъд.

Уый дурыл йе ‘ндон сарт æруагъта,
хъазуатæй къахта æмæ къахта.
Фæчиудта хъæубæсты йæ цыт.
Дзырдтой: «Йæ сæрызонд фæцыд».

Арт цагъта Едзион йæ удæй,
арт къахта зæронд лæг цъæх дурæй.
Æмæ куы баххæст артмæ арт,
æрмæст уæд аппæрста йæ сарт.

Куы райхъал тохы монцæй рох дур,
куы скасти дуры хуылфæй ног хур,
уæд хъæумæ зæронд лæг æрцыд.
Æрцыд æгас Ирæн йæ цыт.

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодзаты Æ. Зынджы бардуаг).

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Уæ зæрдæмæ фæцыди Хъодзаты Æхсары «Дурын балладæ»? Цæмæй?

2. Цавæр лирикон поэзийы хуыз у *балладæ?*

3. Калоты Г. æмæ Джусойты Н. сæ «Литературæзонынады терминты цыбыр дзырдуат»-ы афтæ амонынц дзырд «балладæ»-йы нысаниуæг*: «поэт канд йе ‘нкъарæнтæ æмæ хъуыдытæ нæ, фæлæ уыдон кæцæй æвзæрынц, уыцы хабар, цау кæм æвдисы, ахæм къаннæг сюжетон æмдзæвгæ».* Цæмæн схуыдта йæ æмдзæвгæ Æхсар *«Дурын балладæ»?* Кæй тыххæй æмæ цавæр цаутæ равдыста йæ поэтикон уацмысы поэт?

4. Куыд равдыста æмдзæвгæйы поэт дуры равзæрд æмæ цæмæй?

5. Цавæр æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытыл æфтауы чиныгкæсæджы ацы æмдзæвгæ?

6. Æмдзæвгæйы ныхас «*арт*»-ыл æмбæлæм цыппар хатты: 1. *«йæ риуы уарзты арт ыссыгъд»*, 2. *«арт цагъта Едзион йæ удæй»*, 3. «*арт къахта зæронд лæг цъæх дурæй», «æмæ куы баххæст артмæ арт».* Цавæр дзырд у ацы ныхас? *(Бирæнысанон).* Цавæр поэтикон мадзæлттæй пайда кæны поэт, ацы дзырдыл цы рæнхъыты æмбæлæм, уыдоны?

7. Куыд хуыйны ахæм поэтикон фæрæз: *«скасти дуры хуылфæй ног хур», «йæ мидæг аныгуылди хур»?* Цæмæн пайда кæны уымæй поэт? Ссар æмдзæвгæйы ноджы дæр ахæм фæрæз: *(«райхъал тохы монцæй рох дур», «йæ мидæг тохы монц ныддур»).*

8. Чи уыд уыцы «зæронд лæг» – «*æгас Ирæн йæ цыт*» чи сси, уый? Цы зонут Едзиты Сослæнбеджы цард æмæ аивадон сфæлдыстады тыххæй?

9. Дзырд «*цыт*»-æн зæгъ йæ синонимтæ.

IV. Æртыккаг ахуырдзау дзуры æмдзæвгæ.

Айларты Чермен

Едзиты Сослæнбег

Йæ уæззау куыст куыд фæрæзта æдзух?!
Зындонау дзы йæ уд æнцой нæ ардта,
Йæ дæндагæй нын хурты цырагъ дардта,
Дзæбугыл хæцгæ райгуырди йæ къух
Æмæ дзы хоста, алы бон дæр хоста,
Чысдуры-иу куы бауагъта йæ уд,
Уæд-иу йæ бæсты сулæфыд рæсугъд
Æмæ та амонд мæйрухсимæ носта.
Æрдзон дуне уæлтæмæнад цы хуыдта,
Гъе уымæй йын йæ Хуыцау радта хай
Æмæ дзы кодта стыр бæркæдтæ най.
Йæ уды арт йæхæдæг дæр нæ уыдта
Æмæ дзы никуы барухс кодта фаг
Йæ фидæнмæ сырх уардиджын фæндаг.

(Мыхуыргонд цæуы журналæй: Мах дуг, 1999, №6).

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Лæмбынæг бакастыстæм Айларты Чермены æмдзæвгæ. Уый райдайы риторикон фарстæй: *«Йæ уаз куысты куыд фæрæзта æдзух?!»* Æмæ йын дæтты дзуапп йæ сонетæй. Дæуæн та цавæр уыдзæн дæ дзуапп ацы фарстæн?
2. Куыд цæуы æмдзæвгæйы æвдыст скульпторы уæззау сфæлдыстадон куыст? Цæимæ бары уый поэт?
3. Куыд æмбарут ацы поэтикон рæнхъыты нысаниуæг:
«Йæ дæндагæй нын хурты цырагъ дардта»
«Чысдуры-иу куы бауагъта йæ уд»
«Æмæ дзы кодта стыр бæркæдтæ най»?
4. Ссарут сонеты аивадон фæрæзтæ. Дæсны сæ пайда кæны

йæ уацмысы Чермен? Хъæуынц æмдзæвгæйы уыдон?

5. Цæмæн скульптор *«йæ уды арт йæхæдæг дæр нæ уыдта / Æмæ дзы никуы барухс кодта фаг / Йæ фидæнмæ сырх уардиджын фæндаг»?*

Цавæр уыд, дæумæ гæсгæ, Сослæнбеджы *«Хуыцауы хай»?*

V. Цыппæрæм ахуырдзау аив кæсы æмдзæвгæ.

Хъодзаты Æхсар

Едзион Сослæнбег

Кæуылдæрты бæхбадт ыскодта Цыт,
сæ удтæ-иу нырмыдул ысты й ‘армы...
Цыд Едзион æртæхæхсад нæудзармыл,
бæгъæввад æмæ счъилвадыгæй цыд
йæ кусæнуатмæ – Хурхоры бæрзондмæ.
(Зæронд тæрсы бын рухс кувæндон уыд).
Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ,
æмæ йын хаста Едзион... йæ уд[2].

Æндзæрста чидæр хи гуылы бын арт...
Æндзæрста уый дæр: пиллон уагътой дуртæ.
Лæдæрсти туг йæ пырх æнгуылдзтæй дудгæ.
Нымæтын ехс-иу басгуыхти йæ сарт...

Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ...
Ныр Едзионæн йе ‘рцыдмæ цæрут.
Хæцы йæ бæсты Хурхоры бæрзондыл
Хæцаг калмимæ «Уастырджи» – цæрдуд.

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодзаты Æ. Зынджы бардуаг).

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Едзиты Сослæнбеджы цардæй цавæр цаутæ сты бындурон Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæйæн? Уæ зæрдæмæ фæцыдис поэты уацмыс? Цæмæй?

2. Цæмæн цыд скульптор *«æртæхæхсад нæудзармыл», /*

---

[2] Ныхас цæуы, Сослæнбег Къорайы хъæуы сæрмæ Хурхоры къуылдымыл егъау дуры уæлæ цы ныв сарæзта, ууыл.

бæгъæввад æмæ счъилвадыгæй... йæ кусæнуатмæ...»? Цы уыд уымæн йæ зæрды саразын *«Хурхоры бæрзонды»?* Цавæр цыртдзæвæн сныв кодта уым Едзион?

3. Куыд æмбарут ацы поэтикон рæнхъыты мидис:

«Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ,
æмæ йын хаста Едзион... йæ уд»?

Цы у нывонд? Кæмæн æй фæкæнынц? Цавæр поэтикон мадзалæй пайда кæны ацы рæнхъыты Æхсар? Ис хи «*уд*» дзуарæн снывонд кæнæн?

4. Æмдзæвгæйы автор хуымæтæг ныхæстæй сныв кодта адæмон скульпторы æрвылбоны уæззау сфæлдыстадон куыст. Ссарут уацмысы уыцы бынат æмæ йæ лæмбынæг бакæсут. Цæй руаджы бантыст Сослæнбегæн Хурхоры къуылдымыл дуры уæлæ Уастырджийы хуыз скæнын? Цы нысан кæны ацы ныв: *«Лæдæрсти туг йæ пырх æнгуылдзтæй дудгæ»?*

5. Цавæр уыд Едзиты Сослæнбеджы *«нывонд» «Уастырджийæн»?* Цæмæн фæлхаты поэт ацы поэтикон рæнхъ дыууæ хатты: *«Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ»?* Цавæр нысаниуæг ис ам дзырд *«Уастырджи»*-йæн?

6. Цыппар хатты æмдзæвгæйы рæнхъыты кæрон уынæм мах бирæ стъæлфытæ. Цы нысан кæнынц уыдон мæнæ ацы рæнхъыты:

«Æндзæрста чидæр хи гуылы бын арт...»
«Нымæтын ехс-иу басгуыхти йæ сарт...»

Бардуæгтæй кæмæ уыд алæмæты *«нымæтын ехс»* æмæ цæмæн?

7. Адæмон скульпторы сурæты æмæ йе сфæлдыстадон куысты нывты Æхсар пайда кæны алыхуызон поэтикон мадзæлттæй. Цавæртæ дзы раиртæстат æмдзæвгæйы? Ранымайут сæ.

8. Куыдæй февзæры нæ цæстыты раз Сослæнбеджы къухтæй конд Хурхоры Къуылдымыл Уастырджийы ныв?

9. Ссар æмдзæвгæйы тексты антитезæ – ныхмæвæрд. *(«Æндзæрста уый дæр: пиллон уагътой дуртæ», «Æндзæрста чидæр хи гуылы бын арт».*

10. Лæг йæ æцæг æнусон дунемæ куы ацæуы, уæд йæ фæстæ цы баззайы? Цы ныууагъта махæн йæ амæлæты фæстæ Сослæнбег? Цавæр философон хъуыдытыл æфтауы чиныгкæсæджы Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæ?

VI. Фæндзæм ахуырдзау аив дзуры æмдзæвгæ.

Косты Лизæ

Аивад

Едзиты Сослæнбеджы рухс ном дзы арын

Нæ зары хъæз – уый къадзитæ дæлзæххæй
Мæстæймарæгау мин хъæлæсæй уасынц.
Æри мын, цæй, дæ къæбæрæй, дæ цæххæй –
Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц.

Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц,
Ды та зæгъыс: «Мыййаг мæ буд нæ мизы...
Сæрæнгуырдтæ сæ хай тыхæй дæр байсынц...
Ам курæггаг læджы хъуыры нæ хизы».

Æнусон Уалдзæг номхæссæнæн баззад.
Мæ уд – тæлтæг – æнцойдзинад нæ ары.
Зæрин къæвда мæ сæрыл уары, уары, –
Æви мыл уæгъды рог базыртæ базад?!

Куырм дур куы зоны уаз хъæлæсæй зарын,
Къуырма къухæй йын ма фехал йæ зарæг.
Дæу тыххæй æз аккаг дзырдтæ нæ арын,
О, диссæгтæ! – мæ цин дæ, стæй мæ марæг!
Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц...

(Мыхуыргонд цæуы журналæй: Мах дуг, 2000, № 6).

Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

Хъæз – тростник.
Къадзитæ – дæлимонтæ, хæйрæджытæ.
Æри мын дæ къæбæрæй, дæ цæххæй – ды цæмæй цæрыс, ирвæзыс, уымæй мын фæхай кæн.
Мæ буд нæ мизы – хъæздыг, хъал нæ дæн.
Тæлтæг – сæртæг, рог.
Уаз хъæлæсæй зарын – зæллангæнаг, диссаджы алæмæттаг.

Мæ цин дæ, стæй мæ марæг! – аргъ кæмæн нæй, ахæм алæмæттаг адæймаг.

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Уæ зæрдæмæ фæцыди Косты Лизæйы æмдзæвгæ? Цæмæй?
2. Ацы поэтикон уацмысæй Лизæ ары адæмон скульптор Едзиты Сослæнбеджы рухс ном. Куыд æвдыст цæуынц æмдзæвгæйы цыртытæ аразæг æмæ аивады ахастытæ?
3. «*Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц*» –æмдзæвгæйы ацы рæнхъ поэт фæлхаты æртæ хатты. Уый хуымæтæджы нæу. Цæмæн пайда кæны автор ахæм поэтикон фæрæзæй? Рабæрæг кæн ацы поэтикон рæнхъы нысаниуæг фыццаг, дыккаг æмæ æртыккаг ран æмдзæвгæйы.
4. Чи у поэты адресат: «*Дæу тыххæй æз аккаг дзырдтæ нæ арын*», кæй хоны автор: «*мæ цин дæ, стæй мæ марæг!*»
5. Цавæр поэтикон фæрæзтæй пайда кæны æмдзæвгæйы автор? Ссар уыдон тексты æмæ зæгъ: куыд пайда кæны Косты Лизæ не ‘взаджы рæсугъддзинæдтæй æмæ йæ аивадон гæнæнтæй.

VII. Ахуыргæнæг йæхæдæг дзуры Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæ.

Дзаболаты Хазби

Дзуры фыдæлты мæсыгыл уагъд къухвæд

Æз къухвæд дæн æрмæст.
Фæлæ нæ дæн æнæуд.
Мæ армы хæххытæ сты царды таурæгъ дзурæг.
Мæн никуы бадаргъчынд фæндаггон лæгмæ курæг,
Мæныл æфсæнбыдæй хъадамантæ нæ лæууыд,
Фæлгæсыс дисгæнгæ мæ дуры уагъд æнгуылдзыл…
О, ацы къæйтæ сты уæнгдыхæй ист мæ армыл.
Æз хъуамæ кодтаин ныв галуантæ.
Ныббар мын…
Фæлæ хъуыди мæн тох
Æлвæст кардæй дæ гуырдзыл…

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Дзаболаты Х. Д. Уацамонгæ)

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цæй тыххæй у Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæ? Цæмæй фæцыд уæ зæрдæмæ?
2. Зоныс, цавæр марды цыртдзæвæнтыл, йæхи къухтæй амад хæдзæрттыл æмæ скульптурæтыл баззад Едзиты Сослæнбеджы къухвæд? Цæмæй хицæн кæны Сослæнбеджы аивад, йæ къухвæд иннæ ирон скульпторты уацмыстæй?
3. Дæумæ гæсгæ, цавæр уыдысты нæ адæмон скульпторы *«дуры уагъд æнгуылдзтæ»*? Æрфысс уыдоны дæхи ныхæстæй, пайда кæн æмдзæвгæйы рæнхъытæй.
4. Цæуыл дзурæг сты скульпторы *«армы хæххытæ»*?
5. Цавæр нысантæ æвæрдта йæ размæ нывгæнæг? Бафтыдысты уыдон йæ къухы? Цæуылнæ?
6. Куыд æмбарут ацы рæнхъыты нысаниуæг: *«Фæлæ хъуыди мæн тох / æлвæст кардæй / мæ гуырдзыл»*?
7. Цæуыл дзурæг у бирæстъæлфыг поэтикон рæнхъ *«Ныббар мын»*-ы кæрон. Цæмæн куры хатыр чиныгкæсæгæй скульпторы къухвæд, цæй тыххæй? Цы йын нæ бантыст саразын йе сфæлдыстадон царды?
8. Кæм-иу ныууагътой сæ къухвæдтæ мæсыгамайджытæ æмæ цæмæн? Цæй нысан у ацы æгъдау?

VIII. Æхсæзæм ахуырдзау дзуры æмдзæвгæ.

Чеджемты Геор

Едзиты Сослæнбег æмæ Цъæх Айнæг

Цъæх дурмæ цадæг байхъуыста æрмдæсны,
Йæ къух ыл хъавгæ-узæлгæ хæссы:
«Йæ мидæг чи уыдзæн?» – Хуыцау йæ дæсны,
Фæлæ мæнæн йæ базонын хæс у.

Мæ сидтмæ иугæр Уастырджи нæ фæзынд,
Уæд ис, æвæццæгæн, зын ран.
Цъæх айнæг дур... кæс-ма, куыд хъæрзы...
Æви, мыййаг, нæма райгуырд Сослан?»

Ныр ацы дурæн абон у йæ Хуыцау
Зæххон лæг – хъуамæ дурæн радта цард!
Æртæ хæзнайы рахаста сæхицæй:
Йæ дзæбуг, духъ – æрттигъон æмæ сарт.

Фæскуывд æрмдæсны дурыл сарт æруагъта –
Фæзгъæртæй хауы сау айнæджы фарс.
Йæ къупп-къупмæ æртахти маргъ дæр,
Æрхъуызыд æрхыл Цымты къохæй арс.

Кæсынц æм джихæй хосдзæуттæ дæр дардæй:
«Сослæнбег уа? – фæсайдта йæ хæйрæг!»
Кæсынц æм фарны зиууæттæ æнкъардæй
Æмæ фæзæгъынц: «Хорз лæг уыд, хъæлæкк».

«Хъæубæсты ‘хсæн бæргæ уыди нымады».
«Куысты, фæллойы раззагдæр – фыццаг!»
Сослæнбег та сæ иуы дæр нæ хаты –
Йæ зæрдæ у уæларвы рухсæй дзаг.

Æрмдæсны дзуры уазал дурмæ: «Чи дæ?
Зæгъ мын дæ ном æмæ цæрай!
Лæгæн йæ дзуар куы нæ зына йæ сидтмæ,
Уæд зон: зын раны и, сæрæй.

Ныллæууыдтæн Цъæх Айнæгæн æвгъæдгæс,
Мæ уды хъарм ын – фарнхæссæг, нывонд.
Фæзынди дурыл ауонау Лæгдзæргæс! –
Хуыцау, нæ Ирæн амонды ныв уæд!

Мæ Сыгъдæг Уарзт нæ дзыллæйæн лæвар у,
Æндæр уæйыгау чи фæлдахы дур?!
Ирыстонæн йæ даргъ фæндаджы фарн уæд! –
Æмæ йыл макуы, макуы аныгуылæд Хур».

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Ирыстоны поэзи: Чиныг сарæзта Хъодзаты Æ. – Дзæуджыхъæу).

Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

Цадæг – сындæггай, сабыргай, æнæ тагъд ызмæлдæй.

Æрмдæсны – къухæй, армæй дæсны чи у, ахæм лæг.
Духъ – æрттигъон – дурлæгъзгæнæн дзаума.
Айнæг – къæдзæх.
Фæзгъæртæй хауын – къæртгай хауын.
Хæйрæг æй фæсайдта – сæрра ис, йæ зондæй фæцух.
Хъæлæкк – æнæмæнг, бæгуыдæр, ай-гъай.
Лæгдзæргæс – Нарты Уастырджи.

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Сослæнбегæн йæ кæцы цыртдзæвæныл æрцыд фыст Чеджемты Георы æмдзæвгæ? Зæгъут ын йæ ном. Кæм ис уыцы цыртдзæвæн?

2. Дуримæ баст сты Нарты кадджытæй цалдæр. Уыдонæй нын иу нæ зæрдыл æрлæууын кодта æмдзæвгæйы автор. Зæгъут ын йæ ном. Кæцы нæртон хъайтары райгуырдимæ баст у уый?

3. *«Фæскуывд æрмдæсны дурыл сарт æруагъта»* – зæгъы автор Сослæнбеджы куысты райдианы тыххæй. Цæмæн æмæ кæмæ куывта Едзион? Цавæр уыд йæ куывд?

4. Куыд æвдыст цæуы æмдзæвгæйы Едзиты Сослæнбеджы куыст цыртдзæвæныл? Куыд *«радта дурæн цард»* æрмдæсны?

5. Цæмæн схуыдта поэт дзæбуг, духъ – æрттигъон æмæ сарт – *«æртæ хæзнайы»*?

6. Æмбæрстой адæм Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстадон куыст? Цавæр лæгыл нымад уыд Сослæнбег хъæубæсты ‘хсæн?

7. Куыд æмбарут ацы поэтикон рæнхъыты мидис:

«Сослæнбег та сæ иуы дæр нæ хаты –
Йæ зæрдæ у уæларвы рухсæй дзаг»?

8. Скульпторы *монолог* – æмдзæвгæйы аивадон мадзæлттæн сæ иу. Дыууæ хатты пайда кæны уымæй Геор поэтикон уацмысы: йæ райдиан æмæ йæ кæроны. Цæмæн? Цы нысан ис уыдонæн уыцы бынæтты?

9. Сси Едзионы конд Лæгты дзуар Уастырджийы цыртдзæвæн ирон адæмæн *«амонды ныв»*, ис дзы *«Ирыстонæн йæ даргъ фæндаджы фарн»?*

IX. Æвдæм ахуырдзау дзуры æмдзæвгæ.

Хъодзаты Æхсар

Дурты сонет

Уый уарзтой дуртæ. Загътой дзы лымæн.
Сæударæй сæм-иу Хурхормæ ыссыдис.
Бæгъæввадæй-иу се ‘хсæнты фæзылдис...
Йæ Сарт, йæ Дзæбуг – Хин æмæ Кæлæн,

Куыстой, æрттывтой, калдтой-иу тæмæн.
Æгомыг дурæй сусæг хъæлæс хъуыстис:
«Мæ туг дæ, ме ‘стæг, хион дæ мæнæн»[3].
Æмæ-иу лæгыл бафтыди цымыдис.

«Цы куыстай рагъыл, – фарстæуыд æй хъæуы, –
Сослан, Сослæнбег, дурæй гуырд, нæртон?»
Тыххæйты-иу ныуурæдта йæ кæуын:
«Уым дурты ‘взагыл дуртимæ дзырдтон».

Ныр дуртимæ нæ бæгъæввад апостол
Фæдзуры дуртæй йæ ‘рдиаг, йæ монцтыл.

(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Хъодаты Æ. Хуыцауы бон).

Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

Хурхор – Сындзыхъæуы сæрмæ цы къуылдым ис, уый ном.
Мæ туг, ме ‘стæг – хион, тугæй иу кæимæ у, ахæм.
Апостол – Чырыстийы дыууадæс ахуырдзауы ном.

Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цæмæн схуыдта йæ æмдзæвгæ автор *«Дурты сонет»*? Зæгъ дæ хъуыдытæ уацмысы номы тыххæй.

2. Дзырд *«дур»* æмбæлы æмдзæвгæйы тексты цалдæр хатты: *«Уый уарзтой дуртæ»*, *«Æгомыг дурæй* сусæг хъæлæс хъуыстис», *«дурæй гуырд, нæртон...»*, «Уым *дурты ‘взагыл дуртимæ дзырдтон»*, *«... дуртимæ ...апостол / фæдзуры дуртæй йæ ‘рди-*

[3] Кадæг нын куыд амоны, афтæмæй Нарты Сослан райгуырди дурæй. Адæмон скульптор Едзиты Сослæнбег та Нæртон Сосланы æмном у: Сослан – Сослæнбег.

аг, йæ монцтыл». Цы нысан кæны ацы дзырд, кæй ранымадтам, уыцы дзырдбастыты æмæ хъуыдыйæдты? Зæгъ, цавæр аивадон фæрæзтыл æмбæлæм ам дзырд *«дур»*-имæ?

3. Цавæр бастдзинад ис Хъодзаты Æхсары поэтикон уацмыс æмæ зындгонд нæртон кадæгæн?

4. Автор ныффыста дзырдтæ *«Сарт»* æмæ *«Дзæбуг»* стыр дамгъæйæ æмæ сæ схуыдта *«Хин»* æмæ *«Кæлæн»*. Цæмæн?

5. Уацмысы тексты ссарут *этноним* – бынаты ном, ам та у къуылдымы ном – уымæ гæсгæ мах базондзыстæм хъæу æмæ цыртдзæвæны нæмттæ. *(Хурхоры бæрзонд, къуылдым, Сындзыхъæуы сæрмæ, Лæгты дзуар Уастырджийы цыртдзæвæн)*

6. Дзырд «*дзурын*» хауы бирæнысанонтæм. Æмдзæвгæйы тексты ссарут ацы ныхасы синонимтæ.

7. Æмдзæвгæ фæвæййы ахæм рæнхъытæй:

«Ныр дуртимæ нæ бæгъæввад апостол
Фæдзуры дуртæй йе ‘рдиаг, йæ монцтыл»

Куыд æмбарут ацы рæнхъыты мидис? Раргом кæн дæ хъуыдытæ. Цæуыл у йæ ныхас «*нæ бæгъæввад апостолæн*»? Кæмæ дзуры дугты сæрты «*йæ монцтыл*» Едзиты Сослæнбег?

X. Урочы кæрон ахуыргæнæг æмæ ахуырдзаутæ æрдзурдзысты, Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстад æмæ **сæрмагонд скульптурæйы аивады тыххæй** дæлдæр цы фарстытæ дæттæм, уыдонмæ гæсгæ:

1. Кæй зоныс зындгонддæр дунейы скульптортæй? *(Фидий, Мирон, Пракситель, Микеланджело, Роден)*

2. Зæгъ ирон зындгонд скульпторты нæмттæ. (Дзантиаты Алыксандр, Тауаситы Сослæнбег, Дзантиаты Инал æмæ Давид, Хайаты Валодя, Дзанæгаты Чермен, Баллаты Надеждæ, Гадаты Лазæр, Санахъоты Сергей, Соскъиты Владимир, Тотиты Барис, Дзбойты Михал, Фидараты Батрадз, Цæрикъаты Мæирбег, Цорæты Дауырбег, Шанаты Барис)

3. Дæ зæрдæмæ цæуынц Едзиты Сослæнбеджы цыртдзæвæнтæ? Ис Едзионæн «*йæхи æрмдзæф*»?

4. Дæумæ гæсгæ, цæмæй хицæн кæнынц Сослæнбеджы аивадон уацмыстæ иннæ ирон скульпторты куыстытæй?

5. Цавæр бынат ахсы скульптор Едзиты Сослæнбег ирон адæмы æмæ Ирыстоны культурон царды? Ис схонæн йæ аивадæн «*адæмон*»? Цæмæн?

6. Кæм æфснайд сты Сослæнбеджы тымбыл скульптурæйы

техникæйы конд уацмыстæ? Кæм ис фенæн йæ къухтæй конд къустæн, лæдзджытæн æмæ нуазæнтæн?

7. Сослæнбег у «*æгас Ирæн йæ цыт*»? Чи загъта афтæ Едзионæй? Цæмæн?

Хæдзармæ куыст: бархийæ 1) чиныгмæ æнæкæсгæйæ сахуыр кæнын æмæ аив кæсын æмдзæвгæ Едзиты Сослæнбеджы тыххæй; 2) ныффыссын нывæцæн ахæм темæйыл *«Цæмæй мын у зынаргъ Едзионы аивад?»*

Уроктæм цæттæ кæнгæйæ, мах пайда кодтам бирæ аивадон æмæ наукон чингуытæй æмæ журналтæй. Дæлдæр хæссæм мадæлон æвзаджы ахуыргæнджытæн уыдоны номхыгъд:

1. *Биазырты Л., Биазырты К.* Дуры-иу бауагъта уд // Мах дуг, № 2000.

2. *Биазырты Л., Биазырты К.* Едзиты Сослæнбег (Альбом). – Дзæуджыхъæу: «Веста».

3. *Дзантиаты А.* Едзиты Сослæнбег // Мах дуг, 1973, № 10.

4. *Дзантиев А. А.* Сосланбек Едзиев. – Л.: «Художник РСФСР», 1979.

5. *Едзиты Р.* Мæ фыды тыххæй цыбырæй (мысинæгтæ) // Мах дуг, 2000, № 6.

6. *Казбеков К.* Горячее сердце большого мастера (С.М. Едзиев) // Советская Осетия, 1964, № 24.

7. *Майрæмыхъуаты Ф.* Тексты иумæйаг æвзæрст 10–11 кълæсты. – Дзæуджыхъæу: Олимп, 2009.

8. *Мзокты А.* Дунейыл анхъæвзта йæ зонд // Мах дуг, 2002, № 8.

9. *Мзокты А.* Нæ дуджы номдзыддæр дирижер // Мах дуг, 2007, № 2.

10. *Туганов М.* Скульптор-самоучка: Сосланбек Едзиев // Большевикон аивад, 1935, № 5.

11. *Цагараев В. А.* Рельеф «Уастырджи» Сосланбека Едзиева // Дарьял, 1994, № 4.

12. *Цагараев В.* Двое на одной дороге: Сосланбек Едзиев // Осетия. XX век, II выпуск, Владикавказ, 1996.

13. *Цагараев В.* Мастер: Жизнь и творчество Сосланбека Едзиева // Цагараев В.А. Искусство и время. – Владикавказ: Ир, 2003.

БАГАТЫ Лади

ХОРЗ ЛÆГ ХОРЗ ФÆД УАДЗЫ

(Гаппуаты Хъамболаты фырт Хъасболаты райгуырды 100 азмæ)

Ацы аз Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, советон афицер, саккаг ын кодтой æртæ ордены æмæ фараст майданы, адæмон ахуырады иттæг хорз кусæг Гаппуаты Хъасболатыл хъуамæ сæххæст уыдаид сæдæ азы. Уый уыд мæ хорз æмбал æмæ æмкусæг, æмæ мæ фæнды номдзыд ахуыргæнæджы удуæлдай фæллойы тыххæй радзурын. Уый ахæм адæймаг æмæ æнувыд кусæг уыд, æмæ йыл ныффыссын æмбæлы хицæн чиныг.

Хъасболатимæ базонгæ дæн 1937 азы. Уæд уый ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы педучилищæйы фæстаг (3-аг) курсы, æз та уæд 1-аг курсмæ бацыдтæн. 20-аздзыд хъаруджын лæппуйы училищæйы уæрæх кæрты фенæн уыдис æдзухдæр фæсивæды астæу. Ахуыры – раззагдæр, фæскомцæдисон организацийы комитеты уæнг, спорты, æфсæддон хъуыддæгты æнувыд архайæг.

Уæдæ алы сабаты дæр училищæйы залы цы хъазтизæртæ арæзтой, уыцы ран дæр активонæй архайдта хæрзконд, æвзыгъд лæппу Хъасболат йæ бирæ æвзонг æмбæлттимæ.

Ацы ран базонгæ дæн Хъасболатимæ. Ацы ран фæхицæн стæм, Хъасболат каст куы фæци педучилищæ 1938 азы, уæд, æмæ та 1950-æм азы афицерты дарæсы сæмбæлдыстæм нæхи пединституты кæрты. Нæ дыууæйы дæр ардæм æрбахуыдта ирон æвзаг æмæ литературæмæ уарзондзинад.

Институты фæстæ дыууæйæ дæр куыстам ахуыргæнджытæй, Хъасболат – Нартыхъæуы скъолайы, æз та – Къостайыхъæуы, фæстæдæр та – скъолаты ахуыры хайады сæргъæуджытæй, стæй скъолаты директортæй дæр.

Уæд, хæсты фæстæ, уыцы мæгуыр тыхст рæстæг, скъолаты ницыуал баззад, ахуыргæнджытæ ма уроктæм цæимæ бацыдаиккой, уый нал уыд – нæдæр цæстуынгæ æрмæг, нæдæр техникон фæрæзтæ, нæ исты таблицæтæ. Бынтон афтид уыдысты райдайæн къæстæ. Ардæм нæ хæццæ кодтой суанг ахуыргæнæн

Кавказ-
Осетия
НАР


ГАППУАТЫ ХЪАСБОЛАТ
ДИДАКТИКОН
ÆРМÆГ
Ирон æвзагæй
6 кълас
Багаты Лади, Гаппуаты Хъасболат
ИРОН
ÆВЗАДЖЫ ЧИНЫГ
3 кълас
САБИТÆН
ГАППУАТЫ
ХЪАСБОЛАТ
ГРАММА-
ТИКОН
ХЪÆЗ-
ТЫТÆ

чингуытæ дæр. Ахæм уавæр уыдис алы ран дæр. Фæлæ Хъасболаты уыцы зынтæ нæ урæдтой. Уый сфæнд кодта ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинет саразын. Йæ кой куы скодта директорæн, уæд уый не сразы.

– Физикæ, кæнæ хими цæмæй ахсджиагдæр сты ирон æвзаг æмæ литературæйæ? – дзырдта Хъасболат.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Хъасболат скъолайы иу кълас рахицæн кодта, æмæ йæ уæлкъæсæр фæзынд ставд дамгъæтæй фыст: «Ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинет». Иннæ къуыри та къласы къулыл сауыгъта Къостайы стыр портрет. Поэты ныв скодта Хъасболат йæхæдæг. Фæстæдæр йæ фарсмæ фæзындысты Брытъиаты Елбыздыхъо æмæ Коцойты Арсены сурæттæ. Арсен æмæ Елбыздыхъойы нывтæ æнцон ссарæн уыдысты, фæлæ Гæдиаты Секъайы къам никуы баззад, æмæ Хъасболат бирæ фæудхар кодта, фæрафæрс-бафæрс кодта санибайæгты, хъудыкоймæгты. Секъайы фырттæй иу уæд нæхи институты педагогикæйы ахуыргæнæгæй куыста, фæлæ уый дæр ницы баххуыс кодта Хъасболатæн.

Æрæджиау фæзынд йæ къам...Фыссæг кæмдæр хохы уыдис зианджынтæм, адæмы астæу лæууыд æмæ зынд йæ сæры фахс – иуæрдыгæй... Нывгæнджытæй йын чидæр скодта сæры иннæ фахс дæр, æмæ Секъа разынд.

Фæстæдæр кабинеты къултыл рарæгъ сты Гуырдзыбеты Бласкайы, Хъаныхъуаты Иналы, Мамсыраты Темырболаты, Малиты Георгийы, Багъæраты Созыры, Къубалты Алыксандры, Нигеры, Дæбейы, Бароны, Плиты Харитоны, Фæрнион Къостайы æмæ иннæ ирон фысджыты нывтæ. Цы фыссæджы уацмыс ахуыр кодтой скъоладзаутæ, уый къам-иу федтой ахуыргæнæджы къухы. Хъасболат урокмæ никуы цыд афтидармæй. Æрбахаста-иу исты цæстуынгæ æрмæг: кæнæ таблицæтæ, кæнæ техникон фæрæзтæ.

Ахуыргæнæг зæрдæйæ хатыдта: цæмæй скъоладзаутæ ирон æвзаг æмæ литературæ бауарзой, райсой дзы арф зонындзинæдтæ, гуырын сæм кæной стыр цымыдис сæ мадæлон æвзагмæ, уый тыххæй арæхстджынæй пайда кæнын хъæуы алыхуызон фæрæзтæй æмæ мадзæлттæй. Æмæ уыцы куыстытæ кæнынæн æнæмæнг хъуамæ уа алцæмæй æххæст кабинет. Фæлæ кæм ис ахæм æрмæг? Æмæ Хъасболат алы урокæн дæр цæттæ кæнын райдыдта уыцы æрмæг йæхи къухтæй... Афтæмæй азæй-

азмæ кабинет хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодта. Фæзындысты дзы джиппæйфыст таблицæтæ ирон æвзагæй, грампластинкæтæ зындгонд фысджыты ныхæстимæ, зарджытæ поэтты уацмыстæм гæсгæ. Фæстæдæр ссардта магнитофон дæр.

Иу хатт та изæрæрдæм Нартыхъæумæ куы ныццыдтæн, уæд ме ‘рдхорды баййæфтон цæхæрадоны. Æз бадис кодтон, цымæ цы ми кæны уыцы уымæлы бæлæсты астæу? Цы куыстай, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ зæгъы: «Мæхи урокмæ цæттæ кодтон. Магнитофоныл дыргъдоны фыстон булæмæргъы хъæлæс. Зоныс, скъоладзаутæ сауцъиуы æмæ булæмæргъы хъæлæс хæццæ кæнынц...» Уый фæстæ иумæ байхъуыстам, цы ныффыста, уымæ. Мæлæты сыгъдæг фыст рауад булæмæргъы зарын магнитофоныл, раст цыма мæ разы зарыд.

– Абон æй фехъусын кæндзынæн урочы сабитæн, райсом та сын сауцъиуы хъæлæс ныффысдзынæн. Уæд цæрæнбонты дæр скъоладзаутæ нал хæццæ кæндзысты ацы цъиуты хъæлæстæ!

Диссаджы фæллойуарзаг адæймаг уыд Хъасболат. Зивæг цы у, уый никуы зыдта. Цæстуынгæ æрмæг æмæ техникон фæрæзтæм та каст цыдæр кæлæнгæнæджы цæстæй. «Дæс хатты радзурыны бæсты дæ æрмæг иу хатт равдис скъоладзаутæн, æмæ дæ бамбардзысты, нал сæ ферох уыдзæн!» Афтæ куыста Хъасболат йæ кабинет сфæлгонц кæныныл. Кабинеты кой айхъуыст æнæхъæн районы ахуыргæнджытыл дæр. Фæстæдæр Хъасболаты равзæрстой сæ методикон иугонды разамонæгæй. Уыцы куыст Хъасболат æнæзивæгæй фæкодта 30 азæй фылдæр, фыццаг Орджоникидзейы районы, стæй та Дыгуры районимæ иумæ.

Хъасболаты куысты фæлтæрддзинадыл сæ цæст æрæвæрдтой Рухсады министрады кусджытæ æмæ Цæгат Ирыстоны ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты методисттæ. Ардæм, Нартыхъæуы скъоламæ, цыдысты семинартæм æппæт скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ. Хъасболат сын каст лекцитæ, æвдыста алыхуызон мадзæлттæ, амыдта, уроктæ аразын куыд ахадгæдæр у, куыд пайда кæнын хъæуы техникон фæрæзтæй, цæстуынгæ æмæ дидактикон æрмæгæй, уыдæттæ.

Цыбыр ныхасæй, Хъасболаты ирон æвзаг æмæ литературæйы предметон кабинет ссис ахуыргæнджытæ цæттæгæнæн дыккаг куырдадз педучилищæ æмæ институты фæстæ. Уæлдай цымыдисаг уыдысты Хъасболаты грамматикон хъæзтытæ. Арæзта сæ

фæсурокты рæстæг. Цæмæй скъоладзаутæ сæ мадæлон æвзаг бауарзой, уый тыххæй Хъасболат æрмæст къласы куыст æгъгъæдыл нæ нымадта. Фæсурокты куыстæн уый æрхъуыды кодта æнæхъæн системæ. Уым уыди литературон къордтæ. Скъоладзаутæ цæмæй сæ мадæлон æвзаг зоной, уый тыххæй хъуамæ æдзухдæр архайой ирон дзырдтимæ, хъуамæ сæ хъулау хъазой, уæд зондзысты дæсны дзурын æмæ раст фыссын.

Иу бон дын мæм Хъасболат Къостайыхъæумæ куы фæзынид. Мæнæн æхсызгон куыд нæ уыди! Аныхæстæ кодтам... Уæд нæ дыууæ дæр скъолаты директортæй куыстам.

– Цом министрмæ, – дзуры мæм, – æз баныхас кодтон, æмæ чингуытæ саразæм.

– Цавæр чингуытæ? – фæрсын æй.

– Дыккæгæм къласæн ирон кæсыны æмæ æвзаджы чингуытæ, – дзуапп радта уый.

Æз сразы дæн.

Хъасболат хæсты размæ педучилищæйы ахуыргæнгæйæ, æмгархъуаг, зонгæцух никуы уыди. Ныр, чингуытæ аразын куы сфæнд кодта, уæд цæмæндæр равзæрста мæн. Педучилищæйы ахуыр кæнгæйæ, мæн, фыццаг курсы студенты цас хъуыддæгтæ уыдаид æртыккаг курсы студент Хъасболатимæ? Мæ фыдыфсымæрты лæппутæ дыууæйæ йемæ ахуыр кодтой. Сæ иу – Лазыр, æмдзæрæны иу уаты царди Хъасболатимæ. Куы фесты каст училищæ, уæд акуыстой ахуыргæнджытæй дыгай азтæ, стæй бацыдысты Краснодары æфсæддон скъоламæ, фесты йæ каст æмæ лейтенанты пъагæттимæ ацыдысты хæстмæ. Ме ‘фсымæртæ хæсты фесæфтысты, Хъасболат уæлахизимæ сыздæхт йæ къонамæ. Фæстæдæр куыд рахатыдтон, афтæмæй æнкъард кодта, мысыд хæсты размæйы йæ уарзон æрдхæрдты, хæсты азар кæй басыгъта, уыдоны, уæлдайдæр Лазыры. Æмæ, æвæццæгæн, мæнæй иста уыдоны хæлардзинады монц. Мæнæн та-иу уыд æхсызгон сæ лæгдзинады кой-иу куы кодта, уæд.

Ныр чиныгаразджытæ куы систæм, уæддæр куыстам иумæ, уазæгуæтты цæргæйæ. Хъасболат уыд ахæм адæймаг, æртасæн кæмæн нæ уыдис. Истæуыл-иу куы дзырдтам, уæд-иу афарста:

– Хистæр чи у? – Æмæ та иу хъуыддаг ахицæн.

Хъасболат дзæгъæлы нæ æрымысыд райдайæн къæсты ног чингуытæ саразын. Куы ‘ркастыстæм, уæд ахуыргæнæн чингуытæ уыдысты, ахуыргæнæджы куыст æппындæр чи нæ зыдта,

скъолайы чи никуы куыста, ахæм авторты фыст. Хъуыди бынтон ног чингуытæ! Фæлæ сæ цæмæй сарæзтаиккам? Сывæллæттæн фыста æрмæст Къоста, æндæр ирон фысджытæй кæд стæмтæ, æмæ уыдон дæр мыхуыргонд нæ уыдысты. Мах Хъасболатимæ зылдыстæм библиотекæтыл, горæттæ æмæ хъæутыл, æмæ цыдæртæ ардтам, хастам сæ горæты уазæгуæттæм. Уым сæ æхсæвыгæтты кастыстæм, æвзæрстам сæ. Сывæллæттæн дзы цы бæззыд, уыдонæй арæзтам ног чингуытæ, фæлæ фаг æрмæг нæ уыд...

Уæд мах сбадтыстæм æмæ нæхæдæг райдыдтам сфæлдыстадон куыст. Ænæхъæн аз фæфыстам сывæллæттæн хъæугæ текстæ, æмдзæвгæтæ, радзырдтæ. Ирон чиныгфыссæг цы у, уымæй хъуамæ уа ирон, ирон сабийы цы хъæуы, цæмæ бæллы, цæуыл хъуамæ дис кæна, цæуыл хъыг кæна, уыдæттæ иууылдæр уой йæ туджы. Ацы ран Хъасболат уыдис, куыд фæзæгъынц, йæ гаччы. Заман та ахæм æркодта, æмæ Рухсады министрад акаст ирон мадæлон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддагмæ куыдфæндыйы цæстæй. Скъолайы директортæ ирон уроктæй сæхи иуварс ластой. Сывæллæтты мадæлтæ сæм курæг цыдысты, мæ сывæллоны ма мын ирон уроктæй суæгъд кæн, зæгъгæ, æмæ сын æххæст кодтой сæ курдиæттæ цингæнгæйæ. Ноджы ма министр ныффæрск, цæмæй райдайæн кълæсты ирон æвзагыл иу предмет дæр мауал ахуыр кæной. Фæкъаддæр сты ирон æвзаджы сахæттæ дæр. Хуыздæр цæстæнгасæй нæ кастысты сæ куыстмæ ахуыргæнджытæ дæр. Райдайæн кълæсты ахуыргæнджытæй бирæтæ ирон æвзаджы уроктæ ивтой кæнæ уырыссаг æвзаджы, кæнæ арифметикæйы уроктæй.

Нæ куыст нын хорзыл банымадтой министрады, стæй Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты методисттæ æмæ чиныгуадзæн «Ир»-ы кусджытæ.

1962 азы рацыдысты 2-æм къласы «Кæсыны чиныг» æмæ 2-æм къласы «Ирон æвзаджы чиныг». Ацы чингуытæ скъоладзаутæм куы фæхæццæ сты, уæд сæ уæлвæд мах ныффыстам æмæ рауагътам уыцы чингуытæн методикон амынддзинæдтæ. Ахæм методикон литературæ ирон æвзагыл фæзынди фыццаг хатт. Кæсыны чиныджы дæр æмæ æвзаджы чиныджы дæр алы хицæн урокæн дæр йæ методикæ фыст уыди хицæнæй. Уроктæ аразыны фæлтæрддзинад ахуыргæнджыты зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ домын райдыдтой, цæмæй йæ Хъасболат ныффыс-

са æмæ ныммыхуыр кæна. Æмæ абон Ирыстоны ахуыргæнджытæ уроктæм цæттæгæнгæйæ сæ разы æрæвæрынц Хъасболаты цæстуарзон лæвæрттæ 2-æм æмæ 3-æм къласæн кæсыны чингуытæ, 2-æм æмæ 3-æм къласæн ирон æвзаджы чингуытæ, 2-æм æмæ 3-æм къласæн методикон амындтыты чингуытæ. Хъасболат æдзухдæр лæууыд ирон æвзаджы ахуыргæнджыты раз. Уый зæрдиагæй куыста ног ахуырадон программæтæ аразыныл. Фынддæс азы дæргъы уыдис ирон орфографийæ паддзахадон къамисы уæнг, Рухсады министрады методикон советы уæнг, касти лекцитæ ахуыргæнджытæн сæрдыгон каникулты рæстæг. Абоны хуызæн ма хъуыды кæнын ирон æвзаджы методист æмæ иу схъæл директоры хъаугъа. Методист фарста директоры, цал урочы фæбадтæ де скъолайы, зæгъгæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы директор никуы бæрæг кодта ирон æвзаджы ахуыргæнджыты куыст.

– Уый тыххæй мæ министр дзуапп никуы бадомдта, – загъта директор.

Рухсады министрад æбæрнон, уазал цæстæй каст ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæныны хъуыддагмæ. Раст зæгъын хъæуы, 80-æм азты кæрон ма хицауад æмæ парти бæргæ райдыдтой формалон æгъдауæй бæрзонддæр æвæрын ирон æвзаг ахуыр кæныны фарста. Фæзындысты ног программæтæ, ахуыргæнæн чингуытæ æппæт кълæстæн дæр, методикон амынддзинæдтæ æппæт ахуыргæнæн чингуытæн 1-æм къласæй 7-æм къласы онг, грампластинкæтæ ирон литературæйæ, таблицæтæ, стендтæ ирон фысджыты сфæлдыстады тыххæй, фæлæ байрæджы. Ирон адæмæй æрдæг цæры горæтты æмæ уыдонæн сæ фылдæр ирон æвзаг нал ахуыр кæнынц. Фæлæ уыцы фадæтты дæр Хъасболат, йæ царды бæрц кæй уарзта, уыцы ирон æвзаг æмæ литературæйы тырыса бæрзонд дардта.

Стыр кад æмæ намысимæ ацыд Хъасболат йæ куыстæй, йе скъолайæ баулæфынмæ, пенсимæ. Нартыхъæуккæгтæ, сылгоймагæй, нæлгоймагæй, зæрондæй, чысыл скъоладзауы онг æрæмбырд сты скъолайы фæзмæ. Ам уыдысты районы разамонджытæ, Рухсады министрады минæвæрттæ, Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты методисттæ, сыхаг хъæуты скъолаты ахуыргæнджытæ, Хъасболаты æмбæлттæ, кæй ахуыр кодта, ныр æндæр горæтты чи цæры æмæ кусы, уыцы ахуыргæнджытæ, инженертæ, дохтыртæ, булкъонтæ, профессортæ, на-

укæты доктортæ, цæмæй йын зæгъой бузныг æмæ йæ афæндараст кæной улæфынмæ рæвдыдæй, равдисой сæ уарзондзинад сæ ахуыргæнæгмæ, сæ хъæуккагмæ. Хъасболат сæм хъуыста сабырæй, стæй схызт трибунæмæ (ахæм разæнгардæй йæ фыццаг хатт федтон). Ноджы йæ риуыл фыццаг хатт бакодта йæ хæрзиуджытæ: æртæ хæстон хæрзиуæджы, цалдæр майданы, уыдоны фарсмæ – орден «Кады нысан», «Адæмон рухсады отличник». Афæлгæсыд адæмыл æмæ цыма царды цы хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон банымайынмæ хъавыд, цыма йе 'ппæт амынддзинæдтæн кæронбæттæн кодта, уыйау загъта:

– Æз бирæ азты дæргъы æмбырд кодтон Нартыхъæуы равзæрды истори. Мæнæ ацы стыр альбомы у æвдыст. Абон æй лæвар кæнын фæсивæдæн. Дарддæр æй хæццæ кæнæнт сæ хорз хъуыддæгтæй. (Цæмæй зыдта Хъасболат, уыцы фæсивæдæй иу уыдзæн йæ фырт, ныртæккæ хъæуы уынаффæгæнæг Гаппуаты Хъантемыр). Ацы альбомы та сты нæ хъæуы æдзард хæстонтæ, нæ хъæбатырты номхыгъд æмæ сурæттæ. Макуы сæ ферох кæнут, уыдон мах тыххæй раттой сæ цард! Скъолайы сын сарæзтон музей. Исчи мæ куы фæрсид: «Хъасболат, амондджын дæ? Уæд ын дзуапп раттин: «О, амондджын дæн! Æрмæст ма мæ хæстон æмбæлттæ мæ фарсмæ куы уаиккой, уæд та – бынтон...» Уыцы ныхæсты фæстæ Хъасболат йæ къухæй ацамыдта скъоладзаутæм. Уыдон бæрзонд систой Хетæггаты Къостайы портрет.

– Уый та уын мæ ахсджиаг лæвар, скъоладзаутæ! Мæ дунейыл Къостайæ фылдæр никæй уарзтон, ирон æвзаг æмæ литературæйы бындурæвæрæг у, нæ ирон адæмы фарн, цыт æмæ цæсгом! Къорд бонтæ æмæ йыл æхсæвтæ фæкуыстон. Мæхи конд ныв у. Лæвар уын æй кæнын. Лæвар кæнын мæ уарзон скъолайæн ноджы, мæхи къухæй кæй сфæлгонц кодтон, уыцы кабинет. Ма суæлæхох ут уæ мадæлон æвзагыл! Æвзаг – адæм у! Æнæ адæм æвзаг куыд нæй, афтæ æнæ æвзаг адæм дæр нæ вæййы!

Цæмæй зыдта Хъасболат, ацы ныхæстæ йын йæ уарзон хъæубæстæимæ, йæ раздæры æмæ уæды ахуыргæнинæгтимæ фæстаг хатт кæй сты, уый... Скъолайы куыстæй куы фæхицæн, уæд дæр ма архайдта, фыста дидактикон æрмæг 7-æм къласæн, фæлæ йæ нæ фæцис. Уæззау низ æй бахъыгдæрдта...

Фыды фарн, дам, мæрдтæм нæ цæуы. Хъасболат цы бинонтæ

ныууагъта, уыдон – йæ цардæмбал Тотрон Зинæ, йæ цыппар лæппуйы, йæ цыппар чындзы, сæ зæнæг – нæ бауагътой фæцудын Хъасболаты кад. Сты хъæубæсты нымад фæллойгæнджытæ, уазæгуарзон, иузæрдион сыхбæстыл.

Хорз лæгæн мæлæт нæ вæйиы. Цы байтыдта Хъасболат хорзæй йæ хъæубæсты астæу, уый нæ ферох. Æрæджы сæ иумæйаг æмбырды, хъæуы куырыхон лæг, Белоруссийы республикæйы сгуыхт дохтыр Дулаты Созырыхъойы фæндонмæ гæсгæ, рахастой Хъасболаты ном сæнусон кæныны тыххæй уынаффæ. Æмæ йæ æххæст дæр скодтой. Нартыхъæуы иу уынгыл æвæрд æрцыдис Гаппуаты Хъасболаты ном. Хъасболаты номыл скъолайы байгом музей. Кæм цардис, уыцы хæдзары къулыл конд æрцыдис номарæн къæй йæ сурæтимæ.

Хъасболаты амардыл рацыд 26 азы, фæлæ йæ ном нæ рох кæны. Йæ мысæн бонтæм æрцæуы тынг бирæ адæм: скъолаты минæвæрттæ, Гаппуаты мыггаджы хистæртæ æмæ кæстæртæ, Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ фылдæргæнæн институты методисттæ, Ахуырады министрады кусджытæ, Фысджыты цæдисы, телеуынæны минæвæрттæ, скъолаты ахуыргæнджытæ, ахуыргæндтæ, хъæуы фæллойгæнджытæ, скъоладзаутæ, æнæхъæн республикæйы хæрзæгъдау адæм. Æмæ йын зæрдиагæй æрымысынц йæ ном. Нæ фыдæлтæ-иу хуымæтæджы нæ загътой: «Хорз лæджы ном æнустæм цæры».

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

БИЦЪОТЫ ГРИШ

(1932–2014)

Æвæджиауы курдиатджын прозаик, драматург, тæлмацгæнæг, литературæиртасæг æмæ публицист Бицъоты Хаджумары фырт Гриш райгуырди 1932 азы 21 майы Ставд Дурты хъæуы зæхкусæг бинонты хæдзары. 1950 азы каст фæци Черменыхъæуы астæуккаг скъола, 1955 азы та – Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологион факультет. Уый фæстæ бакасти Мæскуыйы Горькийы номыл литературон институты. 1960 азы кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы. 1961–1972 азты уыди чиныгуадзæн «Ир»-ы литературон хайады редактор, стæй Фысджыты цæдисы консультант. Фæстæдæр куыста журнал «Ногдзау»-ы, уыдис альманах «Литературная Осетия»-йы бæрнон секретарь, «Мах дуджы» сæйраг редакторы хæдивæг.

Ирон литературæйы хæзнадон зынгæ фæхъæздыгдæр Гришы уацаутæ æмæ романтæй: «Цæргæс тæхгæйæ фидауы», «Газгайы чындз», «Норст цæхæр», «Кæрдæджы стъалы»... Йæ роман «Арвы айдæн» ссис хрестоматион.

Йæ документалон уацау ын – «Ставд Дуртæ», дзæвгар азты фыдæбон, – ныммыхуыр кодта журнал «Мах дуг».

Гришы уацмыстæ къорд хатты рацыдысты Мæскуыйы дæр, æмæ сын критиктæ скодтой стыр аргъ.

Бицъоты Гриш цардæй ахицæн 2014 азы 7 декабры.

Бицъоты Гриш

ЦАЛЫНМÆ ЦАЛХ ТУЛА

Радзырд

Хадзысмел Финляндийæ Мæскуымæ æртахти хæдтæхæджы. Мæскуыйæ Беслæныхъæумæ схæццæ поезды. Уым абадти ныллæггуыффæ машинæйы æмæ сæ сыхаг хъæуы уынджы æргæпп кодта. «Ардыгæй хъæумæ та мын, æвæццæгæн, файтоны цæугæ æрцæудзæн», – йæ миднымæры загъта Хадзысмел, фæлæ йæ

алыварс афæлгæсыд æмæ йæ цæст лæгуæрдоныл дæр не ‘рхæцыд. Сæ хъæумæ ма ауайынтæ хъуыди, уый зыдта, уæддæр æрхъæцмæ нал хъæцыди. Ныртæккæ куы фæтъæбæртт ласид, уæд йæ ныхыл иу хиды таппуз нæма фæзынид, афтæ сæ кулдуарыл йæхи скъуырид. Æмыр æхгæд чумæдан æм ис, уый дæр дзы æрбайрох, уымæн, æмæ сæхимæ тынг рагæй нал уыди. Уæдæй нырмæ саби бахъомыл, æмæ аргъæуттæм хъусынхъом баци.

Дæргъæй-дæргъмæ уынджы ахаста йæ чумæдан Хадзысмел. Ахызти уæгъд быдырмæ. Кæройнаг хæдзары дуармæ цы устытæ лæууыд, уыдон ын йе ‘фсæддон дарæсы хуыз нал раиртæстаиккой, афтæ адард æмæ æхсызгонæн сулæфыди. Ныр æй ничиуал уындзæн æмæ йæ цæсгом бахъæцдзæн куыдфæнды къахдзæфтæй цæуын. Фæндыди йæ, исчи йыл куы ‘рбамбæлид, уый, йæ зæрдæ æхсайдта йæ мадмæ, йæ фыдмæ, йæ хомæ... Алы хатт дæр сæ сæрæгасæй, цардхъомæй ныййафы, фæлæ та ацæуы æмæ йæм афтæ фæкæсы, цыма дзы цыдæр æмбæхсынц.

Фæндаг, уæгъд æппæрст бæндæнау, ныкъкъæдз-мæдзытæ. Кæм-иу дзыхъхъæй йæхи фæсайдта, кæм-иу обауы иувæрсты бауади.

Йæ размæ рацыдаиккой, бидаркæ уæддæр ракодтаиккой, фæлæ тел нæ ныццавта.

Нартхоры хуым кæм фæци, уым стыр фæндагæй ацыди уæрдонвæд. Ууылты фæцу, æмæ дыргъдонмæ фæхæццæ уыдзынæ. Дыргъдоны æдде – уыгæрдæнтæ, ноджы æддæдæрæй та æхсæр уис фæласынц. Бон фæцæйцыди йæ кæронмæ æмæ уыцы фæндагыл мачи фæзына, уымæн уæвæн нæ уыди. Хадзысмел йæ чумæданыл йæхи æруагъта. Уæдæйсарæй йæ зæрдæ кæимæ дзырдта, уый бадти галуæрдоны цæхгæрмæ æвæрд фæйнæгыл. Йæ цъæх нымæтхуды бын йæ цæсгом æмбæхста. Галтæ цадæггай сæ къах истой, æфсондз сын ницы уæз кодта, æмæ сæ фæллад цæстытæ æрцъынд сты. Æнæбары сынæр цагътой. Уæрдон узæгау æнкъуысти æмæ, æвæццæгæн, лæппу афынæй.

Галтæ сæйраг фæндагмæ бахызтысты æмæ хъæуырдæм азылдысты. Хадзысмел цыма къуындзих фестад, уыйау уæрдон йæ цурты батылди. Фæндаггон йæ чумæдан фелвæста, баййæфта уæрдоны æмæ хъæрæй загъта:

– Дæ фæндаг раст, æфсымæр!

Гуыффæйы чи бадти, уый æнæбары разылди, равдыста йæм

йæ цæсгом æмæ Хадзысмелмæ афтæ фæкаст, цыма йæм æгæр хъæрæй сдзырдта. Йæ цæстытæ – уымæл, йæ цæсгом зæрæстон хуымау хæмпæл. Сæрыхъуын уыйбæрц куы рацæуы, уæд æй сфасынц. «Кæд, мыййаг, зианджын у», – ахъуыды кодта бæлццон.

– Дæ хæссинаг сæвæр, – цæстызулæй йын гуыффæмæ бацамыдта уæрдоны хицау æмæ азылди. Гуыффæйы – дæлогммæфæлдæхт чыргъæд, дзаг голлаг, дыууæ сагойгомы бæрц ногкарст кæрдæг. Хадзысмел сæрхъæды сæрты байста йæ чумæдан æмæ ацыди уæрдоны фæдыл. Сбадын æй фæндыди – фæрсæй-фæрстæм куы сбадай, уæд æфсæрмæй истытæ уæддæр дзурдзынæ æмæ æнхъæлмæ касти галтæрæгæн йæхи æрхъуыдыдзинадмæ. Фæлæ уый йæ фæлвых нымæтхуды бын нымбæхста йæ цæстытæ. Уæдæй нырмæ Хадзысмелæн йæ сæр кæмæй зылди, йæ уыцы уæлвонг цин æрмынæг. Кæры-кæройнаг дæр ма йæ синысæртыл æрхæцдзæн, зæгъгæ, æнхъæлдта.

Кæронмæ афтæ куы фæцæуон, зæгъгæ, катай фæцагайдта Хадзысмелы, цалхы разæй фæци æмæ уæрдоны хицаумæ бахудти:

– Дæ цуры, зæгъын, иучысыл куы абадин.

Галтæрæг цæхгæр фæйнæгыл тыд нымæты рыгтæ асæрфта æмæ æнæбары бакодта:

– Сбад.

Цæлхытæ-иу гуыргъахъхъы куы ныггæпп ластой, уæд сæ-иу уæрдон батылдта æмæ-иу Хадзысмел галтæрæджы кæм йæ сынæгæй басхуыста, кæм йæ рæмбыныкъæдзæй. Уый-иу базмæлыд, кæронмæ йæхи ласта. Йæ къæхтыл – хæцъилдзабыртæ, сæ уæлфæдтæ баихсыдысты. Уæфстæ, æвæццæгæн, æнæнад æрчъиагæй, æмæ ныйивæзтысты. Йæ хæлафы лæбырд уæрджытæ йæ къухæй æмбæрзта. Йæ къухтæ – цармрæдывстытæ, скъуыдтæ.

Хадзысмел фæтыхсти, уымæн æмæ уæрдоны хицау йæхицæй уыди карджындæр, афтæмæй æнахъом сабийау ныкъкъæмдзæстыг.

– Хъæуы цы хабæрттæ ис? – бафарста бæлццон. – Бахатыр кæн, кæд нæ хъæуккаг нæ дæ, уæддæр.

– Æз дæ зонын, – загъта галтæрæг. – Дæ нывондаг дын хизынмæ куы раскъæрынц, уæд иууылдæр дæ кой фæкæнынц.

– Хъæуы нывондæгтæй фылдæр цы ис.

– Хадзысмелы нывондаджы рæгъауы астæумæ дæр базонынц.

– Дæхи мын бацамон.

– Мæн цас нæ зонай, уыйас хуыздæр.

Галтæрæг ахызти уæрдонæй, сындзытыл цæуæгау акъахдзæфтæ кодта.

– Куы-иу сæмбæлæм, уæд дæм-иу цы номæй сдзурдзынæн? – бафарста та Хадзысмел.

– Фæнды дзур, фæнды ма – ныхас ницы давы.

– Цыдæр у, уæддæр мыл дæ зæрдæ фæхудти.

– Мæ зæнгтæ нындзыг вæййынц æмæ иуафон уæрдонæй æрхизын.

– Галтыл рагæй кусыс?

– Æдзæллаг галты мын раттынц. Куы бадзæбæх вæййынц, уæд та мын сæ байсынц.

Хъæстытæ дзурæджы хъæлæс æндæр вæййы, мæстджын ныхас хъæрдæрæй райхъуысы. Ахæм хъæлæсæй фæдзурынц, рис кæм нал баззад, уыцы мысинæгтæ.

– Иуахæмы бавдæл æмæ сæ макæмæуал ратт, – загъта бæлццон. – Афтæ бакæнæн нæй?

Дзуапдæттæг ын нæ фæци.

Йæ галтæ йын æндæрмæ куы раттынц, уæддæр, æвæццæгæн, иуварс азилы. Хæрзаг зын ын вæййы кæйдæр цыбæл цæстыты рог тъыбар-тъыбур уынын.

– Бæхтыл никуы куыстай? – бафарста Хадзысмел.

– Мæ галтæ мын куы фæисынц, уæд мын бæхтæй зæрдæ бавæрынц. Бæх зонджын у, ныхас дæр бамбары...

– Чызг дæр бæхтыл фескъæфынц.

– Æлæм дæр бæхыл ахæссынц.

Галтæрæгæн йæ улæфæнтæ фегом сты, йæ хъæлæсы азæлд кадавар цин. Хадзысмелмæ фæзынди, бæх сæйраг кæм уа, ахæм хабар радзурыны бæллиц. Цы федта, цынæ федта – алцыдæр мысыди. Дугъгæнгæйæ бæхы рагъыл уырдыг чи слæууы, уыцы барæджы кой ракодта. Уæрдоны хицау йæ нымæтхуд фесчъил кодта æмæ Хадзысмелмæ февдыста йæ дыууæ цинæрттывд цæсты.

Æрбаййæфта сæ афтид гуыффæ бричкæ. Цыбырбарц бæхтæ сæ сæртæ бæрзæндты хастой, сæ даргъ къубæлттæ-иу иуырдæм-иннæрдæм атасыдысты, ехсы къæрццытæм сын æнцон уыди æмызгъорд кæнын. Бричкæ аразæй. Фæлæууыд. Бæхтæрæг бæлццоны ном хъæрæй сдзырдта, бæлццон-бæхтæрæджы ном,

æргæппытæ ластой. Хадзысмел тихалæгæй рогдæр разынди – фелвæста йæ, æрзылдта йæ æмæ йæ зæххы асагъта. Бæхтæрæг йæ чемы куы æрцыди, уæд галуæрдонæй чумæдан фелвæста.

– Уадз нæ, – рухсдзæстæй загъта Хадзысмел. – Æххæст кæронмæ иумæ ацæуæм.

– Цытæ дзурыс! Абад æмæ хъæмæ дугъ кæнæм.

– Ды нæхимæ фехъусын кæн. Не ‘рцыдмæ нын фынг ацаразæнт.

– Сомыгондæй дзы сбадтæ? Уый дын нæртон æмбисонд!

Хадзысмел уæрдонмæ сгæпп кодта.

– Цæй, цы ма зæгъон, – бæхтæрæг æнæбары схызти йæ бадæнмæ æмæ ма йæм иу каст ракодта. – Куыддæр аив нæ рауади.

Бæхтæрæг йæ уæхсчытæ æнахуыр æлхъывд æркодта æмæ йæ бæхты знæтæй æрцæфтæ кодта.

– Рацу, сбад, – Хадзысмел уæрдонæй æрдзырдта лæппумæ. Фæлæ та уый йе ‘мбæхсæн агъуды бацыди. Уæнгмардæй къахдзæфтæ кодта. Хадзысмел фæхъуыды кодта: æрдæбоны бæхтæрæг ын йе ‘мбалы уæвгæ дæр нæ бафиппайдта. Йæ ныхæстæ дæр – фæсномыг. Галтæрæг кæд мæрдджын у, уæд æй цы цæсгомæй бафхæрдта?

Фæндаг хуымтæй хъомхизæнтæм ахызти. Иуран рахизырдæм фæтасыди æмæ обауырдæм йæхи байста. Галтæм нæ февзыстæуыд, сыбыртт дæр сæм ничи скодта, афтæмæй обауы ракомкоммæ ныллæууыдысты. Лæппу уыцы цадæгтай обауы сæрмæ схызти. Кæцæй æрбацыдысты, уыцырдæм йе ‘ргом аздæхта æмæ йæ худы бынты дард кæдæмдæр касти. Изæргæрæттæ æввахс æрбайстой сæхи, æмæ уынаг цæст дæр дардмæ ницыуал æргъæвтаид, уæддæр уæрдоны хицау æдзынæгæй фæлæууыд. Фæстæмæ дæр уæлдай къахдзæф нæ ракодта. Фæндагмæ рахæццæ, æмæ галтæ сæ бынатæй фенкъуыстысты. Ноджыдæр ма иу хатт фæтасыд фæндаг æмæ уæлмæрдтырдæм йæхи ныйиста.

Уæлмæрдтæ. Нæудзарм ныллæг ингæнтæ. Æгъуыз хъæдын цыртытæ. Галты та уромын нæ бахъуыд. Уæрдоны хицау сæрхъæды сæрты æрæвнæлдта гуыффæмæ, чыргъæды бынæй систа цалдæр армыдзаджы æмдымбыл сырх чылауитæ æмæ нæудзарм ингæнты æхсæнты уæлмæрдты æддаг кæронмæ ацыди. Цыртытæй иумæ бавнæлдта æмæ бандзыг. Æрæджиау ингæнмæ æргуыбыр кодта, кæд ыл чылауитæ æвæрдта.

Йæ раздæхынмæ Хадзысмел уæрдонæй æрхызти æмæ йын сæркъулæй ратæфæрфæс кодта:

– Рухсаг уæд зиан... Бахатыр кæн. Ницы зыдтон.

Цыдысты уæрдоны фæйнæ фæрсты. Зианджыны хъыгæй ныуæззау сты Хадзысмелы уæнгтæ, йæ абоны цинæй хъæумæ ницыуал баирвæзт.

– Кæд фæзиан ис?.. – æппынæрæджиау Хадзысмел уæрдоны сæрты лæппумæ бакасти.

– Радзурдзысты дын сæ, – загъта уæрдоны хицау. – Фæрсын дæр сæ нал бахъæудзæн.

– Фæрсын кæй нæ бахъæудзæн?

– Мемæ цæугæ дæ чи фена, уыдоны.

Уынгты змæлджытæ æндæргхуыз кæнын байдыдтой. Бæгъæввадкъах лæппутæ-иу сæ размæ фегуырдысты. Цыма-иу гуыффæйы кæрдæг армыдзагæй аскъæфтаиккой. Сæ цурты-иу куы баивгъуыдтой, уæд та-иу бакъорд сты, сæ сыбар-сыбур ссыди, ныхæстæй-иу цыдæртæ та Хадзысмелмæ хауди. Иу тигъыл бæлццон йæ чумæдан райста æмæ уæрдоны хицауæн раарфæ кодта. Галтæ цæхгæрмæ уынгмæ аздæхтысты, Хадзысмел та комкоммæ ацыди. Цанæбæрæг ауадаид, афтæ айхъуыста сывæллæтты хъæлæба ныхас. Ахæм ныхæстæ дзы раиртæста:

Дзыбын-дзыбынæг,
Æнæфсис, гуыбындзæл.
Дзыбын – хæйрæг,
Йæ фарс – фæйнæг,
Нæ йын уыдзæн зæнæг.
Йæ цалх нæ тулы,
Йæ гал нæ дзуры...

* * *

Æртæ боны æрхуы цайданы хъуырæй сыкъатæм фæкалди Дыдтайы æвæрд арахъхъ. Æртæ боны сæрдыгон хæдзары пецы арты цæст нæ бамынæг. Сабитæ-иу ацауындзæг сты Хадзысмелыл, йæ худ ын сæ сæртыл кодтой, йæ лейтенанты нысæнттæ йын сгæрстой. Хистæртæ йæ зæхмæ нал уагътой. Цыппæрæм бон дæр бæлццон бынтон рохуаты нæ баззад. Фæсаходæн сæм смидæг ис, Дзыбыны уæрдонæй йæ чумæдан исын кæмæн нæ бауагъта, уыцы бæхтæрæг. Дыдта йын йæ разы фынг авæрдта. Уазæгæн йæ арфæйы ныхас нал æмæ нал скъуыди. Хадзысмел æм фенхъæлмæ касти æмæ йæм Дзыбыны кой куынæ рауади, уæд æй йæхæдæг фæцагайдта:

– Иубон дыл Дзыбыны зæрдæ цыма фæхудти.

– Йæ ныхыл ын исты хъуыдытæ бакастæ?

– Хатыр дæр дзы нæ ракуырдтай, афтæмæй чумæдан фелвæстай...

– Æмæ уæдæ нæ къуытты дзыхæй сдзырдта? Цымæ цытæ дзырдта?

– Кæмæйдæрты дзæбæхдзинад зоны æмæ, дам, сын сæ цæмæй бафидон.

– Æмæ йын ницы бауынаффæ кодтай?

– Хъазын хъазын у, фæлæ лæджы цæрын цæуыннæ уадзут?

– Ды ам нæ вæййыс æмæ ницы зоныс. Фæлæ ма хъæуы искæйты афæрс. Арвы талынгты дзы æмбæхсынц... Æз дæрриу, Дзыбынæй цы дзырдтой, уый ницæмæ дардтон. Æмæ дын æй иуахæмы куы бафæлварин. Мæ зæрдæйæ йæм рухс рауагъ-тон, йæ размæ йын хъарм хойраг рахастон, батавтон æй æмæ уæрдоны бабадтыстæм. Уæртæ хъæды æрдузты хос ныккарстон. Уæрдон ацамайынмæ мæм, зæгъын, фæкæс. Уый мæм уæлæмæ æппаргæ, æз амайгæ. Хос замманайы дзæбæх бахус æмæ æхситтæй зарыдтæн. Уæрдон атылди, ныкъкъæс-къæс-иу кодта. Тылдысты цæлхытæ, тылдысты, стæй дын иуахæмы мæ хос иуырдæм куы фефсæрид. Мæнæ ацы фынгæй лæгъздæр раны. Цæлхытæ сæ бынæттæй дæр нæ фæиртæстысты. Уæдæ хосы хал дæр раст мæ цонджы дæргъæн. Æмæ та йæ халгай фæцамадтам. Æз мæстæй фыцын, уый йæ цæст дæр не 'рныкъуылдта. Хиды таппуз нæ рахъардта йæ тæрныхæй. Атылдысты та цæлхытæ. Уæрдоны алфамбылай силлæг дæн, куы кæдæм фæбыцæу кæнын мæ сагой, куы кæдæм. Иу æрхы ныууадыстæм – ницы. Доны сæрты бæхызтыстæм – ницы та. Куыддæр цæлхытæ лæгъзы атылдысты æмæ мæ мæ хид сæрфынмæ февдæлд, афтæ та хос зæххы абадт. Æмæ ууыл дæр нæ ахицæн мæ фыдæбон. Раст хъæугæрон мæ галиу цалхы дæндæгтæ базгъæлдысты, гъе, дæ Дзыбын уыцы фæрсты цыди... Уæдæ дын бухты-барахты ныхæстæ кæнын, æнхъæлдтай...

– Хос уыцы бон фыццаг хатт кæм амадтаис? – афарста Хадзысмел.

– Цытæ дзурыс! Мæкъуылтæ дæр та никуы самадтон? – уазæг фысымы цонгмæ февнæлдта, ома тагъд ма кæн. – Иу сæрд дæлæ Дзабоимæ уис ласынмæ ацыдысты. Дзабо хъæдгуысты базæронд æмæ дзы æрду дæр никуы фæхъуыд. Уыцы бон джидæ

фæрæтæй йæ рахиз къахы æнгуылдзтæ адзæнгæл ласта.

– Æвæццæгæн, адæймаджы акуырм кæны, – къахæгау загъта Хадзысмел.

– Йæ цæст цыдæр хъылмайæдзаг у. Йæ ныхас – марг. Иуаз æй Хъызлармæ фосимæ арвыстой. Фыййæуттæ-иу ныккатай кодтой, фæлæ сæрдар никæмæ байхъуыста. Æмæ цы?

– Заинаг фыстæ фефтыдтой!

– Искæмæй исты фехъуыстай?

– Мæ зæрдæ мæм афтæ сдзырдта.

– Мæ ныхæстыл мын былысчъил кæныс, гъемæ бафæрс...

Алкæйы фæрсыныл не ‘схæцыд Хадзысмел – бригадиры бацагуырдта. Бригадир иу къухæй Хадзысмелы цонгыл хæцыд, иннæмæй йæхи бæхы рохтыл. Бæх къахындзæг кодта, згъæллаггом-иу æрæууылдта, цыма йæ хъæбæрæй фæлвæрдта. Бригадир Хадзысмелыл узæлыд, уый та бæхæй йæ цæст нал иста. Дзыбыны ныхæстæ мысыди. Ацы бæхы фæстæ кæсгæйæ дæр Дзыбыны цæстытæй цины цæссыгтæ кæй рахъары, уый йæ уырныдта.

– Цалынмæ чындзæхсæв скæнæм, уæдмæ дын ауадзæн нал ис, – дзырдта бригадир.

– Чындзæхсæв дæр хабар у, фæлæ дæ разы ахæм дыууæ бæхы бричкæйы баифтындз æмæ сыл искæдæм афардæг у.

– Бæхы кой дæр кæныс.

– Дзаг бричкæ рогæн чи аскъæфид, дыууæ ахæмы дæм разынид?

– Разынид цы хоныс – ис нæм!

– Уæдæ ма бавдæл æмæ, мæнæн кæй радтис, уыцы бæхты Дзыбыны фыццаг скæн.

Бригадир дзырд дзырдыл æдæрсгæ нал бабаста.

– Тынг зæрдиаг курдиат мын у, – загъта Хадзысмел.

– Уый та дæ зæрдыл кæцæй æрлæууыд?

Дзыбынимæ фæрсæй-фæрстæм куы бадтысты, уæд Хадзысмел цæмæдæр гæсгæ ахъуыды кодта: «Цымæ чызджытæй никæйы фæдыл акæсы? Ус ын нæма уыдзæн».

– Дзыбыны хабæрттæй цыдæртæ зонын, – загъта Хадзысмел. – Ус куры. Чызг ын афтæ, нæ уынгты, дам, дæ бричкæ цы бон æрæскъæрай, уыцы бон минæвæрттæ æрбарвит.

– Нæхи хъæуккаг чызг? – цымыдисæй афарста бригадир.

– Минæвар дæ куы барвита, уæд æй базондзынæ.

– Чызджы хабарæн ницы зонын, фæлæ Дзыбын бæхтæ кæй фæагуры, уый æцæг у... Æмбисондæн баззади: сохъхъыр дæ, зæгъгæ, дам, цалдæрæй куы зæгъой, уæд дæ цæст бацъынд кæн. Къæмдзыгсындз фæсмын дарæстæм куыд æмхиц у, ныхæстæ йыл афтæ аныхæсынц...

– Бауæндыс сыл?

– Йæ мады йын нæ зыдтай?

– Кæд ыл искуы æнæнхъæлæджы сæмбæлдтæн...

– Хуыскъ бæласау джихæй касти. Адзæгъæл. Адæймагмæ-иу йæ чъылдым фездæхта. Æмыр къулмæ æргомздæхт фæуæд, уæддæр-иу æм кастаид æмæ кастаид, цыма йын-иу фæрсаггом фæци. Уæртæ уæлмæрдты æдде уыцы обауы сæрмæ фæцагъуыд. Ныр дæр ма чидæртæ изæргæрæтты сæ уæрдæттæ æддозты аздахынц.

– Йæ мад кæд фæзиан ис?

– Иу-цыппар азы йыл цæудзæн.

– Невропатолог ын йæ низыхъæд исты хуызы æмбарын кодтаид.

– Невропатологыл исчи бауæндыдаид, уый зæгъын мæ бон нæу, фæлæ, æнхъæлдæн, Гурджены ныхæстыл ничи фæгуырысхо.

– Гурджен чи у?

– Æрæджы фæзиан. Дæлимоны мæхи цæстæй федтон, зæгъгæ-иу ард бахордта. Фермæйы æхсæвгæсæй куыста. Хъæуы цыдæр бæрæгбон раййæфта, йæ хай йын нæ ныххастой æмæ æнафоны хъæумæ фæтъæбæртт ласта. Æмбис фæндагыл йæ размæ фæци... Сылгоймаг, дам, уыди, йæ сæрыхъуынтæ быдта, фæлæ ма йæм æндæр цыдæр хуызон дæр фæкаст – йæ æрфгуытæ бæхы æлвыд бæрцытау, цæстыты бынæтты – цæхæры къæрттытæ. Ахæм уынæртæ дзы схауди æмæ йæм хъыллисты хуызæн дæр фæкастысты, худыны хуызæн дæр, æртхъирæны хуызæн дæр... Цæвиттон, Гурджены йæ цæхæртæй асыгъта, йæ тæрттыл ын фæхæст, йæ хурхысæртыл ын цыма æндон цæг æрбавæрдта. Йæ улæфт фескъуындзæн, зæгъгæ, уæд ма загъта: «Лæггад дын кæндзынæн». Куы æрчъицыдта, уæд кæсы æмæ дын хъæугæрон куы фегуырид. Æхсæвы сæ хъуджы кæвдæсы фæфынæй кодта. Дæлимоны куы фенай æмæ цырагъы рухсмæ куы бацæуай, уæд суртæ кæнын райдайдзынæ, зæгъгæ, æрыхъуыста.

– Дæлимон Дзыбыны мады æнгæстæ ма рауайæд?

– Уæдæ!.. Уыйфæстæ сын Гурджен ссады голлаг баласта.

– Уæдæ мæ курдиат фæстæмæ айсон, зæгъыс?

– Бæхтæ ничердæм æххæссынц, – йæ сæр бакъул кодта бригадир. – Лæппутæй дыууæ боны рувынмæ чи ацæуы, уый дæр бæхтæ агуры.

– Ома Дзыбыны разæй дæр æндæр кæмæдæрты æрхауиккой, зæгъыс?

– Махмæ адæмы нæ зоныс...

– Дзыбыны тыххæй цы хъуыста Хадзысмел, уыцы ныхæстæн нæ райдиан бæрæг уыди, нæ кæрон. Ныхæстæ йæ здæхтой, æмбæхсынтæй-иу кæм хъазыдысты, уыцы дугмæ. Уым – хæхты – куыдзæппарæн былтæ, зæйласæнтæ, сæрсæфæнтæ. Уым зæрæдтæ – цæугæчингуытæ, удæгас таурæгътæ. Уым галдзармыйас зæххы гæппæлыл хæдзар дæр арæзтой, хор дæр ыл тыдтой. Уым адæмæн – къуындæг, дæлимонтæн – парахат...

Хадзысмелæн йæ фыдымады аргъæуттæ – кино-нывтæ. Фыдымад-иу дзырдта, дзырдта æмæ-иу тæккæ диссæгтæм куы бахæццæ, уæд-иу йæ цæстытæ аныхæстысты æмæ-иу йæ сæр æрцæйхауди. Фæлæ йæ лæппу фынæй кæнын уагъта.

Хадзысмел æмбæрстæ: таурæгъы иу кæронæй иннæмæ цæуын æй кæй бахъæудзæн. Науæд ницы базондзæн, Дзыбыны хæдзары къæсæрæй нæма бахиздзæн. Йæ Дыдта Дзыбыны мады кæй зыдтаид, уый æваст фæхъуыды кодта

Дыдтайы цыма нæфæтчиаг хойрагмæ æвналын хъуыди – Дзыбыны коймæ хорзау нæ фæци. Уайдзæф кæнын нæ бауæндыд, æргом ныхасæй æмбæхсти, фыртмæ бакъул кодта:

– Лæппу, æндæр кæй кой кæнай, уый дын нæй?

– Æмæ уæдæ Дзыбын мæ куывдмæ куы æрцæуа, уæддæр дзы æмбæхсгæ кæндзыстæм?

– Куы никæдæм фæцæуы.

– Ацы хатт сразы.

– Оууа, лæппу. Цæрæг уд мацæуыл æууæнда, уыйгæнæн куыд ис?

– Æдзæллаг стут, æндæр ын æхсæны тæрхон скæн, арты йæ басудз...

– Æмæ исчи йæ къона халы.

Дыдтайæн гæнæн нал уыди æмæ дзурынмæ фæци.

Цæвиттон, иу хъæуы цардысты мад, фыд, фырт. Фырт чысылæй афтæ фæци. Æхсæв-иу сæ къæртайы ныллæсыд,

æрфæлдæхт-иу къæрта æмæ-иу хæдзарæй атылди. Тæккæ былгæрон-иу, цынæ уыди, уый фестад. Лæгъзы куыд цæуай, афтæ хæдзары къулыл æдæрсгæ цыди. Зонгæ та йæ Тохсыры руаджы бакодтой. Тохсыры хæрæг хизгæ-хизгæ адоны цурмæ æрбафтыд. А Дзыбын, дам, ыл абадти æмæ йæ былгæронмæ атардта. Тохсыр удæнцой нал базыдта, кæдæм нæ азгъордта. Иу изæр йæ хæрæджы агурынæй куыд здæхти, афтæ йыл «Хæйрæджыты малы» цур иу чысыл лæппу æрбамбæлди. Мæ ном, дам, Дзыбын. Уæлæ, дам, дæ хæрæг хъæугæрон хызти. Цыхуызæн у, уый дæр ма йын загъта. Фæраст сты. Лæппу рогæн уади, стæй дын æвиппайды йæ къахыл куынæуал лæууид. Лæг æй суанг хъæугæронмæ йе ‘ккойы фæхаста. Уым лæппу æргæпп кодта. «Æтт, Тохсыр, гъер мын мæ дымæгыл хæц!» – сдзырдта йæм æмæ, дам, æвзыгъдæй куы азгъорид æмæ куы æрбадæлдзæх уаид. Хъæугæрон цæй хæрæг æмæ цæй цыдæр. Æхсæвы Тохсыр туг суагъта. Чъиритæ скодтой æмæ йæ бинонты бафæдзæхста. Райсомы Дзыбынтæм бацыд. Кой дæр æй не суагътой – нæ лæппу, дам, ныр къуыри дæр нæ кæртæй куынæ ахызти. Уæдæй нырмæ алы аз дæр Тохсыр сæгъ аргæвды.

– Гъеуый дын хабæрттæ, гъе! – йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрцавта Хадзысмел.

– Дæу та ницы фæуырны, – загъта мад. – Адæмæн æгъгъæд цы у, уый дæм фаг нæ фæкæсы.

– Дыдта, æмæ ныртæккæ Тохсыр кæм ис?

– Уæлæ сæ тæккæ хæдзары ис.

– Æмæ йæ сæгъы хабар та?

– Афонмæ та йæ хизынмæ ратардта.

– Дыдта, – йæ къухтæ сдардта Хадзысмел. – Ницыуал зæгъын.

* * *

Хадзысмелты кæртмæ æфсинтæ хастой хъарм чъиритæ æмæ рухс цæстæнгас. Чызджытæн сæ райс-бавæрд къабатæ æмæ сæхи хуыд хæцъилдзабыртæ скæныны фадат фæци. Сæ иуæй иннæ нарæгастæудæр, сырхуадулдæр. Хистæртæ Хадзысмелы къух истой. Сæ лæгæвзаræн рæстæджытæ кæй нал æрыздæхдзысты, уый та сæ бауырныдта, сæ зæрдæтæ уынгæг кодтой æмæ сæ фæллад цæстытæй хъардта кадавар цæссыгтæ.

Уалынмæ кæртмæ æрбахызти Тохсыр. Лæгтæ йæм се ‘ргом аздæхтой. Тохсыр фынгыл хистæræн фæбады, фыццаг гаджи-

дау уый рауадзы. Æмæ ма йæм уæд дæле уæлæмæ дзурæн вæййы. Ныр та уал ныгъуылдхуызæй бацыди хистæрты цурмæ. Искæйы ауон дæр уал балæууыдаид, фæлæ йын айрæджы. Чидæр фæсвæдæй æрбадзырдта:

– Тохсыр та йæ сæгъмæ базылди æмæ ныр фынг æвæрын афон у.

– Æргæвдын та йæ кæд фæхъæуы? Йæ сыкъа цал уырынгон хъуамæ уа?

– О, о, Тохсыр. Куыд вæййы, куыд?

– Бинонтæм дзы фылдæр рахауы æви æнæзæгъинæгтæм?

– Йæ басыл, дам, нæдæр цывзы кæнæн ис, нæдæр нуры.

– Йæ фыд дæр æндæр исты ад кæндзæн, уæдæ цы.

– Йæ фиуæй мæ куы фæцадаид! – чидæр схуыфыди. – Тадæй дзы хъарм æхсырыл акæн, уæд улæфæнтæн уыйхуызæн хос нæй.

– Уе сæфты æрра та систут, – бахъуыр-хъуыр кодта Тохсыр æмæ йæхи къуыммæ айста.

Тохсыры сæрыл чи рахæцыд, ахæм дæр дзы разынд:

– Ныр дзурынц, фæлæ сын сæгъы фыд сæ разы æрæвæр, уæд дзы комдзаг кæнын ничи бауæндид.

Уалынмæ ралæууыд фынджы рад. Ныр та Тохсырмæ хъуыстой. Хуыцау æмæ йæ зæдты ном ссардта хистæр æмæ аходæггаг Хадзысмелмæ авæрдта.

Кувæггаг кæмæ æрхауы, уый раарфæ кæны, аназы æмæ сыкъа фæстæмæ дзагæй хистæрмæ авæры. Фыдæлтæй баззад уыцы фæтк æмæ уый фехалынмæ дæр йæ ныфс хаста Хадзысмел. Фынгыл бадджытæй иу æппæты куы фæуыны, æппæт иуы, уæдмæ фæцауæрста йæ дзуринæгтæ læппу. Йæ дзуринæгтæ та йæм кастысты, абон æвронгдæр хъæлæсæй загъд чи æрцæудзæн, уыцы ныхæстау ахсджиаг. Цæмæндæр аргъæвæн уыди къуыри дæр – Хадзысмелы ныхæстæ хъуамæ абон раргом уой. Бæлас куыд æцæг у, афтæ сæцæг уой. Мачи сæм мацы бафтауа, мачи дзы мацы аппара. Кæд цинæн, дзаджджын уæливыхау, адих кæнæн ис, уæд ацы бои Хадзысмел йæ цин Дзыбынимæ уæрста.

Фынджы дæллаг кæрон чи бадти, уыдон дæр разылдысты, сыхаг сыхаджы сæрты касти, æмæ Хадзысмелæн йæ сыкъа ныууæззау. Галиу къух рахизæн æххуысгæнæг фæци. Фæндыр фæхъус æмæ кæрты иннæ къуымæй чызджытæ дæр уый хъахъхъæдтой.

Хадзысмел фемдзаст Тохсырмæ, – йæ фыццаг ныхас уымæ

бадзуринаг уыди. Хистæр иу къухæй галиу рихи, иннæмæй рахиз рихи сысхъæл кодта æмæ Хадзысмелмæ худæг смидæг. Хистæртæй йæм иу нал фæлæууыди.

– Гормон, Хадзысмел, уый цы хуызæттæ дæ?

– Хатырæй мын фæуæд, – бадзырдта лæппу уайдзæфгæнæгмæ. – Рæдыд æрцыди. Иу адæймагыл нæ – æгас хъæубæстыл... Аххосджын никæй кæнын. Курын уæ, иучысыл мæм байхъусут...

Хадзысмелы ныхæстæ сæ дзаг фынджы уæлхъусæй асайдтой æмæ, ссæдз азы размæ чысыл хæххон хъæуы цы ‘рцыди, уый сног ис.

...Хадзысмел уыди йæ тæккæ цымыдисæй. Хохæй быдырмæ фæндаг ныццыбыр. Быдыры-иу иу бон чи фæци, уый дзуринæгтæ иннабонæй-иннабонмæ фаг. Нырма Хадзысмелæн йæ хуымгæнæнтæ, йæ хосгæрдæнтæ дард уыдысты, фосы фæдыл дæр æй иунæгæй нæма уагътой. Фæлæ йæ тынг æрфæндыд, хурыскастæй хурныгуылдмæйы дæргъæн ауæдз йæхи цæстæй фенын. Фæндыди йæ, карчы рæвдуаны йас дур дæр хæснагæн кæм нæ разынид, уыцы æмвæз быдыры згъорынæй бафсæдын.

Хæхбæстæй лыгъдысты. Æмæ иуафон кæцыдæр тъæпæнсæртæй рухс нал ракалди, кæртытæй-иу нал райхъуысти куыйты рæйын. Хадзысмел комкоммæ нæ бацыди йæ фыдыфыдмæ. Йæ мадæн загъта йæ сусæг ныхас. Уый йæ бадзырдта астæуккаг файнусты хъусы, астæуккаг хистæры хъусы. Хадзысмелы ныхас иуафон сæмбæлди хæдзары хистæрыл: быдырмæ мæ фæнды. Хистæр сабийы къухы уис раттын кодта, æмæ йæ мусмæ галтæ тæрынмæ арвыстой. Уый, дам, дын быдыр!

Хадзысмел уæддæр нæ састи... Æрвадæлтæ сæ мæгуыр муртæ бæхуæрдоны амадтой. Уагътой сæ фыдæлты уæзæг, сæ зæронд мæрдты. Лæппу сæм фæкасти, стæй сын бакой кодта: «Мæн дæр ма уемæ ауадзут». Фæлæ къулбадæджы ныхасмæ кæд чи байхъуыста. Уæд Хадзысмел уæрдоны бын фæмидæг, гуыффæйæ сæмæны æхсæн абырыд, сæмæны æмдæргъ ныххуыссыд, ныддæвдæг ыл. Гуыффæйы быныл йæ сæр хоста æмæ иуафон уæрдоны бынæй рабырыд. Йæ цæссыгтæ гагагай кæй згъæлдысты, уый дæр ын нæ федтой, – ратардтой йæ. Саби иу дуры ауон фæбадти, стæй сæ фæдыл гурæй-гурмæ ацыди. Ныр мæ нал аздахдзысты, зæгъгæ, йæ зæрдæ куы фæлæууыд, уæд сæм йæхи равдыста. Кæмæй йыл рæхуыст сæмбæлд, кæмæй æлгъыст æмæ йæ уæрдонмæ сæргъæвтой.

Фæлæ йæ цин ницы сахадыдта – æрбамбæлдысты сыл сæ сыхаг хъæуккæгтæ æмæ сабийы уыдон уæрдонмæ баргъæвтой. Хадзысмелы цæссыгтæ уыдысты цæхджын æмæ сæ йæ уадултæ дудыдтой. Афтæ нырхæндæг йæ зæрдæ, æмæ йын æххормаг кæй уыди, уый дæр дзы ферох. Хъæумæ сæхимæ ма йæ ауайынтæ хъуыди, афтæ йæ иу фæзилæны раргъæвтой æмæ йын загътой:

– Згъоргæ уæ хæдзармæ. Ныр лæг дæ, – сæхæдæг сыхаг хъæуырдæм азылдысты.

Хадзысмел талынг фæндагыл зæрдаивæй згъордта, згъордта, стæй фæлæууыд. Цыма йæ хæдфæстæйæ кæйдæр тъæбæртт айхъуыста. Фæкасти – ницы. Байхъуыста – доны сæх-сæх. Фæлтау куынæ байхъуыстаид. Йæ зæрдыл æрбалæууыд «Хæйрæджы мал». Рæхджы йæм схæццæ уыдзæн. Фæндаг коммæ йæхи æввахс кæм ныйисы, уым дон скул. Æнæбын æй хуыдтой. Фаллаг фахсæй, дам, хæйрæджытæ ныссæрбын кæнынц æмæ йын йæ тæккæ бынæй айдæнтæ сисынц. Айдæн, дам, дæм куы фæдарой, уæд акуырм уыдзынæ æмæ дæ кæдæмфæндыдæр асайдзысты.

Хадзысмелы зæрдæ суынгæг. Йæ цæнгтæ сæнарæхст, сæнæхъару сты. Йæ къæхтыбынæй систа къæдзæхдуры фæзгъæр, йæ тигътæ йын уырзтæй сгæрста. Цыди æмæ сыхæгты лæппутæм хæлæгæй марди. Хæрзаг сæ алчи къонайы цур бады, æмæ æхсæвæры фынгтæй адджын хæйттæ исы. Стæй фæхъуыды кодта: сæхицæй æвастæй рацыд æмæ йæм афонмæ фæдисы рацыдысты. Йæ чысыл зæрдæ цæуылдæр фæлæууыд: агурджытæй хъуамæ исчи йæ размæ фæуа.

Йæ размæ чи фæци, стырæй-стырдæр, æввахсæй-æввахсдæр чи кодта, уыцы змæлæг æндæргмæ æмбæхсæнæй фæкасти. Йæ цурты ацæуын æй ауагъта. Хиуæттæй ничи разынд. Уый кæдæм цæуа, æз дæр уырдæм ацæудзынæн, зæгъгæ, фæныфсджын æмæ нæлгоймаджы æндæргмæ сдзырдта:

– Демæ ацæуон?

– Чи дæ?! – цæрдæг фæзылд æндæрг.

– Æз...

– Æндæрг æввахс æрбайста йæхи. Хадзысмел æй. базыдта: æдзухдæр сæ рæзты хæрæгуæрдоныл фæцæуы. Цымæ ныр фистæгæй цæмæн рацыд?

– Ам цы кусыс, лæппу?

– Нæ хъуг фесæфт, – æрбаймысыд саби.

– Махæн та нæ хæрæг æрбадæлдзæх. Мыййаг ницы æруыдтай?

Хадзысмелæн уæлдай нал уыди æмæ та асайдта:

– Иу хæрæг федтон, йæ иу хъус – лыг.

– О хуыцау дын хорз ракæна! Æмæ йæ кæм æруыдтай?

– Изæры уæлæ хæлд мæсыджы уæле хызти.

Фæраст сты. Лæппу ницæмæйуал тарст. Лæджы фæрстытæн лæвæрдта æбæрæг дзуаппытæ.

– Æмæ кæй лæппу дæ? – иурæстæджы цыдæр дызæрдыгхуызæй афарста сабийы. Хадзысмел йæхи фыды ном не схъæр кодта, дæрддзæф сæм чи царди, ахæм лæджы ном загъта.

Хъæугæрон Хадзысмел лæджы разæй ауагъта, раййафдзæн æй, уымæй куынæуал тарсти, уæд цины хъыллист фæласта: «Мæ сайд фæу!» – æмæ йæ тых-йæ бонæй адугъ ласта.

Нымад бонтæ рауад æмæ Хадзысмелы йæ фыдыфсымæр бы-дырмæ раласта. Сахуыр кодта хъæууон скъолайы. Ацыди хæстон скъоламæ...

Хадзысмел йе ‘рфгуыты бынæй Тохсырмæ бакасти æмæ сыкъа бæрзонд систа:

– Цæй, куывдтыл оммен зæгъын! Фыдбылызæй хызт ут! – æмæ йæ сыкъа дзыхыл сдардта.

Уый фæстæ бон Тохсыр æрхуыдта йе ‘мкар хистæрты, Дзы-быны, Хадзысмелы. Абырстой хæрзхаст сæгъы, æмæ Дзыбынмæ кард радтой...

* * *

Бæхтæ рог сæппæй згъордтой. Дæтты сæрты бауайынц цалхвæдтæ, рагъыл сбырынц, уырдгуыты нызгъорынц, хæхтæм схилынц, уæддæр нæ аскъуынынц. Бæхтæ хъуыстой цæлхыты зарæгмæ. Сæ сæрмæ-иу азæлыд ехсы цъыкк. Фæлæ йæ дзæбæх нæма æмбæрстой. Бæхтæн уыди ног хицау. Æбæрæг ран дæр сæ фæуромы æмæ сын хъæбæр, уазал ад чи кæны, уыцы згъæллæггæмттæ нæ бакæны сæ дзыхты, фæлæ сын йæ дзыппæй сисы нартхоры æрттиваг нæмгуытæ. Йæ арм чысыл у, фæлæ дзы æууилыны фаг нæмгуытæ разыны. Йæ ныхæстæ дæр ын нæ фем-барынц, уымæн æмæ дзæбæх нæ фæхъуысынц. Бæхтæ ныр ницы хъусынц, афтæмæй хъæуæй раджы рахицæн сты.

Дзыбын не ‘фсæды йæ бæхты уындæй.

Хадзысмелы хъустæ цыма цыдæр æнахуыр фæлмæн зæлтæ ахсынц. Кæд Дзыбын йæ миднымæр исты зарæг баифтыгъта. Уæлæмæ йæ нæ уадзы, фæлæ зарæгæн цæй æмбæхсæн ис.

Поездмæ дæ ахæццæ кæндзыстæм, зæгъгæ, йын бидаркæ дæр лæвæрдтой, хъæуы иунæг машинæйæ дæр æй бар уыди, фæлæ

Хадзысмел Дзыбыныл бафæдзæхста йæхи. Йæхимæ стыр азым иста æмæ йæ Дзыбыны æвастæй хъæуæй ацæуын нæ фæндыди. Фæрсæй-фæрстæм та абадой, кæд сæм исты ныхæстæ рауаид.

Хуымтæм бахæццæ сты, Дзыбын фыццаг хатт бакасти Хадзысмелмæ.

– Гыццыл лæппутæм уæрдоны абадынæй хуыздæр ницы кæсы, – загъта Дзыбын.

– Æрдæбон сæ бафиппайдтон. Гæппæввонгæй лæууыдысты.

– Дæуæй фефсæрмы сты. Гуыффæйы байдзаг вæййынц.

– Сывæллæттæ дæр бæхты фылдæр уарзынц.

– Галуæрдоны дæр-иу сбадиккой... Уыцы изæр мæ демæ федтой...Иунæг адæймаг дыл куы æууæнда, уæддæр хурыскастмæ æнхъæлмæ кæсдзынæ. Цалынмæ тулаг цалх уынон, уæдмæ мæ дæ хорздзинад нæ ферох уыдзæн. Мæн уырны, ды мын мæ мады хойрагæй дæр скомдзаг кодтаис.

– Ныхæстæ куы сарæх вæййынц, уæд æцæгдзинад фæзынзонæн вæййы.

– Мæ фыд зайаг халæй фылдæр ницы уарзта. Зыдта сын сæ афонтæ. Чи кæцы у, уый уырзæй сгаргæйæ дæр базыдтаид. Хостæ кодта. Буары хъæдгом сæ-иу байгас. Арфæтæ йыл-иу сæмбæлди, уæддæр æй чидæр кæлæнгæнæг рахуыдта. Мæ мад, дам, чызгæй хæрзконд уыди. Иу нæ хъæуккаг ма йыл дзырдта. Йæ ныййарджытæ йæ уымæн нæ лæвæрдтой. Иннæ лæппуйæн уый йæ тъæнгтæ куыннæ ацагътаид æмæ мæ фыды йæ куыст скодта, йæ фæдыл иу ахъуызыд. Кæлæнгæнæг хонын дæр æй уæд райдыдтой. Иунæгæй цæуаг уыди мæ фыд. Æмæ иуахæмы нал æрыздæхт. Бæрзондæй ахауди. Мæ мад-иу æхсæв хъæугæронмæ афтыди. Обауы сæрмæ-иу ссыди, мæ фыд нал фæзындзæн, уый йæ нæ уырныдта. Мæн дæр нæ уырныдта. Иуахæмы мæ мады цæстытыл исты ауад, æвæццæгæн. Суртæ кæнын райдыдта. Чидæр та афтæ æрæмысыд: дысон, дам, мæ донмæ æппæрста. Адæмы фос æфтауын байдыдтой. Кæйдæр уæрдоны цалх нал атылди. Кæмæндæр йæ ногзад хъуг бахуыскъ... Алыгъдаин, фæлæ мæ зæрдæ дардтон, зæгъын, кæд искуы æцæгдзинад æрцæуид...

Бæхтæ згъордтой арæх цалхвæдтыл æнæмæтæй. Цæлхытæ зарыдысты.

АРВИСТОН

* * *

Хицæн адæймæгтæн дæр, стæй паддзахадæн дæр æппæтæй тæссагдæр у, сæрæй цы низ райдайы, уый.

Кæстæр Плиний

СÆ МОНДÆГТЫ РОХТЫЛ КÆД ÆРХÆЦДЗЫСТЫ?

Ныр цалдæр æнусы дæргъы Уæрæсейæн йæ бон нæу чиновникты æгæнон митæн кæрон скæнын.

Бирæ цæлхдуртæ ис, фæстаг дæс азы уырыссаг царды цы мæнгæфсон æвзартæ фæзынд, уыдоны рæзтæн. **Цæлхдуртæ та баст сты, сæ уидæгтæ арф чи ауагъта æмæ сраст кæнæн кæмæн нæй, уыцы бюрократты митимæ. Иумæйаг хъуыддагыл архайын куы райдайæм, уæд уыдон бавналынц алкæцæй дæр сæ фарчы хай ратонынмæ. «Ма кæ» сын куы зæгъай, уæд та хъаст кæнынмæ фæвæййынц, ома, дам нæ бархийæ кусын нæ уадзынц.**

Хъысмæты æвирхъау азарæй махмæ æппынæдзух афтæ рауайы: исты хорз хъуыды нæм куы фæзыны æмæ йæ царды рауадзынмæ куы фæхъавæм, уæд æй кæронмæ ахæццæ кæнын нæ бон нæ бавæййы. Уыцы хорз хъуыды билцъ дæр нæма суадзы, афтæмæй йæм алырдыгæйты ныхилын байдайынц. Ныхилджытæн та сæ сæйраг нысан вæййы хирдæм исты рассивын. Лæмбынæгдæр сæм æркæс æмæ уайсахат рахатдзынæ æнæхъæн легионы маргхъæстæ нысантæ.

Губернитыл цæст куы ахæссай, уæд æнæмæнг фендзынæ, уæцъæфты мондæгтæ куыд гуылф кæнынц, уый. Чердæмфæнды дæр фæзил, уæд дæ цæстыты раз фегуырдзæни, æмпулынмæ йæ дзых кæмæн ныггом æмæ йе ‘фсæртæ дзæхст-дзæхст кæмæн кæнынц, ахæм цæрæгудтæ. Уыцы бынæттæм ревизортæ æмæ æндæр ахæмтæ агуылф ласынц. Вæййы сæм дыкъахыг бирæгъты тугмондаг фæндтæ хурмæ ракалыны фæнд, алы хъылматæ бындзарæй срæдувын – сæ нысан, дур дзы дурыл куыд нал баззайа. Фæлæ сын никуы бантысы. Тыхы æмæ хицауы бадæнтæ чи ахсы,

уыдон сæ цæстфæлдахæн митæй кæйдæриддæр балхæндзысты. Гæртам æвæджиауы дзаума у...

Хъуыддæгтæй иу судзгæ бакодта, иннæ фесæфтис, æртыккаг ссарыныл цас фæудхар кодтой – хæйрæджыты амæддаг фæци, цыппæрæм та къабаччы смидæг, истытæ тухæн гæххæтты хуызы. Ревизор-иу куы фæзынд, уæдмæ-иу алцыдæр йæ гаччы абадти. **Фæлæ-иу хъуыддаг ууыл дæр нæ ахицæн: дзурынмæ (ома æнаккаг митæ æргом кæнынмæ) рæвдздæр чи уыд, уыдон-иу сæ бынæттæй фæхаудысты.** Кæй-иу ахæстоны смидæг кодтой, кæмæн-иу йæ фæрсчытæ ныссастой. Ахæм сау над ын-иу фæкодтой, æмæ-иу уый фæстæ йæ хæлæрттæн дæр æмæ йе знæгтæн дæр амонын байдыдта: «Дæхицæй тыхджындæры ныхмæ макуы тох кæн».

Михаил Салтыков-Щедрин, *вице-губернатор.*
«Письма о провинции», 1868–1870 азтæ.

АЛЫХУЫЗОН ХАБÆРТТÆ

* * *

Роспотребнадзор куыд фехъусын кодта, афтæмæй чъизи нуазыны донæй чи амард, уыдон фесты æртæ хатты фылдæр. Фæндæгтыл чи бабын вæйиы, стæй кæй амардæуы, уыдоны нымæцæй чъизи нуазыны доны амæддæгтæ фæфылдæр сты.

* * *

Уæрæсейæгтæн сæ 10 проценты дзурынц: хойрæгтæ балхæнынмæ дæр нын нæ фаг кæны æхца. (Уæрæсейæгтæн сæ 80 проценты мæгуыртыл нымад сты, хæрынæн æмæ уæлæдарæсæн сын тыхтæфыдтæй фаг кæны фæрæзтæ. Ахæм мæгуырты нымæц 2017 азы уыди 39 проценты, æвæрæз пенсионерты нымæц – 54 проценты, хъæуты цæрджыты нымæц та – 40). Адæмы 33 проценты не ‘лхæдтой дзидза, цæмæй сын иннæ хойрæгтæн сфаг уой сæ капеччытæ.

* * *

2016 азы Дагестаны сахарты дондзæуæн хæтæлтæ кæй бамбыдысты, уый аххосæй маргхъæстæ донæй фæрынчын сты 700 адæймаджы. Уый фæстæ Махачкалайы поликлиникæты гепатит А-йы ныхмæ вакцинаци скодтой 26 мин адæймагæн.

* * *

Федералон паддзахадон статистикæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ 2016 азы Уæрæсейы фæндæгтыл цы фыдбылызтæ æрцыд, уым фæмард 15,8 мин адæймаджы.

«Советская Россия»-йы уацтæм гæсгæ (2017 аз, 1 июль).

* * *

Æз Советон Цæдисы цардарæзты фарс нæ хæцын. Фæлæ Вьетнамы уавæр у бынтон æндæрхуызон. Мах коммунисттæ зондджындæр куы уыдаиккой, уæд, чи зоны, нæ бæстæ нæ фехæлдаид. Уæды хицæуттæ хицæн адæймæгтæн бизнесы куыст кæнын куы бауагъта иккой, фермертæ нæм куы фæзындаид, хойрæгтæ æмæ æндæр цæрæнхостæм адæм километры дæргъæн радты куынæ лæууыдаиккой, уæд абон нæ цард æндæрхуызон уаид.

Георги Зотов,
АиФ, 2017, №26.

* * *

Куыд зонæм, афтæмæй дыууынæм æнусы 30-æм азты Советон Цæдисы бавнæлдтой колхозтæ аразынмæ (коллективизаци). Уый схонæн ис «æвыд-дывыдоны дуг». Бирæ æнаххос адæм байсæфти уæд ирон зæхкусджытæй дæр. «В Северной Осетии... было «раскулачено 4370 человек, – кæсæм чиныг «Репрессивная политика советской власти в Северной Осетии»-йы (Владикавказ, 2009). – Разорению и высылке подверглась часть крестьянства, не имевшая подчас ничего общего с наиболее зажиточным слоем деревни... В Северной Осетии имели место 384 случая «раскулачивания» бедняцких и середняцких хозяйств. Наряду с «раскулачиванием», административным нажимом, важным средством проведения сплошной коллективизации в СОАО являлись судебно-репрессивные меры... Только по данным первого тома «Книги жертв политических репрессий РСО-Алания» в 1930 г. Тройкой ОГПУ СКК было осуждено 246 человек, из них приговорено: к расстрелу 19 человек, к различным срокам заключения 157 человек, к ссылке 70 человек. В основной массе это были крестьяне-единоличники...

Репрессии против крестьянства Северной Осетии продолжались и в 1932–1934, и в последующие годы, хотя теперь они распространялись не только на кулаков и членов их семей, но и

фактически на приравненных к ним «саботажников» хлебозаготовок, в том числе колхозников, партийных и советских работников, председателей колхозов и т.п. Так, только по печально известному закону от 7 августа 1932 г. к 1 января 1933 г. судами области было осуждено 155 человек, из которых 9 приговорены к расстрелу, а остальные к лишению свободы сроком на 10 лет каждый. В первой половине 1933 г. по этому драконовскому закону было осуждено еще 223 человека, из них 8 человек приговорены к высшей мере наказания».

* * *

Ноджы ма иу цитатæ, цы чиныджы кой ракодтам, уырдыгæй: «В декабре 1934 г. Политбюро ЦК ВКП(б) санкционировало высылку 1500 кулацких хозяйств за пределы Северо-Кавказского края. С 1 по 8 марта 1935 г. из национальных районов СКК в спецпоселки Узбекистана и Южного Казахстана было выселено 1553 семьи «кулаков», в составе 7857 человек, в том числе 201 семья (1100 человек) из Северной Осетии».

ДИССÆГТÆ-ТÆМÆСТÆ

* * *

Дельфинтæ фынæй кæнынц, сæ иугай цæстытæ гом вæййынц, афтæмæй.

* * *

Зæхх адæмыл уарын куы байдаиккой, уæд дзы алкæмæ дæр æрхауид, Мæскуыйы сырх фæз цæйас у, уыйбæрц.

* * *

Зæххыл цы цъиститæ ис, уыдон куы атайой, уæд Дунеон океаны доны æмвæзад схиздзæн 64 метрæй уæлдæр, æмæ сурзæххæн йæ 1/8 хай фæдæлдон уыдзæни.

* * *

Уасæг Майк æнæ сæрæй фæцарди афæдз æмæ фондз мæйы. 1945 азы йын колорадойаг фермер Ллойд Олсен йæ сæр акъуырдта. Уасæг нæ амарди, æмæ йæ Ллойд Америкæйы алы рæттæм ласта шоуты æвдисынмæ.

* * *

Ахуыргæндтæ сбæрæг кодтой: хъæдындзы бын (йæ сыфтæ нæ) сыгъдæг кæны сæрымагъзы чырæгтæ – уый фæрцы æрæгмæдæр зæронд кæнынц.

* * *

Сæдæ азы размæ адæм рæстæмбис нымадæй цардысты 47 азы.

* * *

Буддæйаг моладзантæ фынæй кæнынц лæугæйæ.

* * *

Æвддæсæм æнусы хуры диаметр уыди 2000 километры стырдæр.

* * *

Мексикæйы бурдзалыг адæймæгтæ афтæ чысыл ис, æмæ фембæлгæйæ кæрæдзийæн дæттынц салам.

* * *

Англисаг æвзаджы уыгты бал хуыйны «парламент».

* * *

Æрвылаз Уæрæсейы адæм фæвæййынц милуан къаддæр. Дарддæр дæр афтæ куы ахæсса, уæд 2050 азы дунейы æппæты стырдæр бæстæйы цæрдзæни, ныртæккæ Йемены цас цæры, уымæй дæр къаддæр (Йемены ныртæккæ цæры 18 милуан адæймагмæ æввахс).

* * *

Цæрæгойтæн сæ 50 проценты сты паразиттæ.

* * *

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Сырх Æфсады уыди пулеметæй æхсæг Семен Константинович Гитлер – дзуттаг. Йæхи хъæбатырæй кæй равдыста, уымæ гæсгæ йын лæвæрд æрцыди майдан «Хæстон сгуыхты тыххæй».

* * *

Дзырд «поп» у æртæ дзырды аббревиатурæ – «пастырь овец

православных». XIX æнусы сауджынтæ официалон документты уыцы дзырд фыстой сæ нæмтты разæй.

* * *

Чингуытæ æппæты тынгдæр кæм кæсынц, уыцы бæстæтæ сты Инди æмæ Тайланд.

* * *

Мæйы уæлцъарæн йæ 10 проценты у израилæгты.

* * *

Ференц Листы музыкæ чи уарзта, уыдон сæ фыстæджыты куырдтой, цæмæй сын композитор арвита йæ сæрыхъуынты стыг. Уыдон афтæ бирæ уыдысты, æмæ Листы бахъуыди куыдз балхæнын. Уый хъуынтæ-иу арвыста фыстæджыты автортæн.

* * *

И. В. Сталины мардмæ чи гуылф кодта, уыцы дзыллæты къæхты бын сæ адзал ссардтой 50 адæймаджы. Цæвиттон, йæ удæгасæй цы милуанты ныццæгъдын кодта, уыдон ын фаг нæ уыдысты æмæ ма мардæй дæр йемæ аласта æнаххос удты.

* * *

Зындгонд плакат «Спасибо товарищу Сталину за наше счастливое детство!», зæгъгæ, уым фæтæджы хъæбысы бадти Геля Маркизова. Фæстæдæр Геляйы фыды агæрах кодтой, Геляйæн йæхи æмæ йæ мады та Сыбырмæ ахастой. Уый фæстæ къаммæ гæсгæ арæзт скульптурæты бын фæзынди фыст: «Сталин æмæ Мамлакат». Иу дзырдæй, æлгъаг дымысдæртæ æрымысыдысты, цыма Сталины хъæбысы бадти пионеркæ Мамлакат Нахангова.

* * *

Цæгат Корейы сæргълæууæг Ким Чен Ыны гуырæн бон (8 январь), дæс азæй къаддæр кæуыл цыд, уыцы сывæллæттæн балæвар кодтой фæйнæ килограммы къафеттæ.

* * *

Гонконгы ис ахæм фæтк: бирæуæладзыгон хæдзæртты бæрзæнд хæхтæй уæлдæр хъуамæ ма уа.

* * *

Уæрæсейаг зæхкусæг Федор Васильевы (1707–1782) ус ныййардта 69 сывæллоны. Историйы дыккаг ахæм хабар никуыма уыд. Аргæ та кодта 27 хатты: цыппар хатты йын райгуырди цыппæргай фаззæттæ, авд хатты æртыгæйттæ, æхсæрдæс хатты та дыгæйттæ.

* * *

1994 азы иракаг террорист Хей Ранаджет почтæйæ арвыста бомбæ. Фæлæ æрвитæггаг фаг æхца нæ бафыста, æмæ бомбæ фæстæмæ æрбаздæхт йæ хицаумæ.

КЪОСТАЙЫ ХÆДЗАР

Сомихаг уынгыл скæсæнырдæм цæугæйæ, Войковы уынгмæ куы бахæццæ уай, уæд фисыныл ауындзынæ агуыридурæй амад иууæладзыгон хæдзар. Ацы бæстыхай у XX æнусы æмгар – аразын æй райдыдтой 1901 азы Къостайæн йæхи проектмæ гæсгæ. Поэт бафидыдта Хуырымты чызгимæ æмæ æнхъæлмæ касти чындзæхсæвмæ. Æвæджиауы бынат равзæрста Къоста йæ хæдзарæн: кæртæй армытъæпæныл æвæрдау зынынц хъæдæхгæд рæгътæ, цъитиджын хæхтæ. Хæдзар хъуамæ срæвдз уыдаид 1902 азы 1 июльмæ. Йæ саразыны тыххæй Ирыхъæуы фæсивæд зиу дæр ракодтой. Фæлæ Къоста æнæнхъæлæджы фæрынчын. 1903 азы райдайæны йæ хæдзар æрдæгарæзтæй ауæй кодта В.В. Семеновæн, йæхæдæг та Лабæмæ ацыди.

Бирæ азты дæргъы дзырдтам нæ республикæйы æмæ Дзæуджыхъæуы разамонджытæн, цæмæй хæдзар райсой, бындуронæй йæ сцалцæг кæной æмæ дзы культурæйы артдзæст саразой (зæгъæм, музейы филиал). Фæлæ нæм хъусæг нæ уыд. Æрвылаз Къостайы кæнæ республикæйы бæрæгбæттыл цы хæрдзтæ скæнынц, уыдонæй ацы хæдзары хуызæттæ цалдæр балхæнæн уыди.

Къостайы хæдзар... Стыр символон хъуыды ис ацы дзырдты. Къостайы хæдзар – Иры хæдзар, нæ адæмы уды фарны мæсыг. Хъуамæ йæ хуыз скалид, хъуамæ йæ цæстыгагуыйау хъахъхъæниккам. Фæлæ...

* * *

(Скъуыддзаг)

Лæг йæ дзыллæйыл афтæ нæ тад,
Лæг нæ зыдта тæригъæд афтæ...
Иу бон æнæмæтæй фæцæр уæд та! –
Адæмы мæт ыл низау бафтыд.

Иры сомыгæнæн хъæбул!
Махæн амондмæ нæ хал ысхаудта:
Уыцы рихиты уарзон зæбул,
Уыцы цæстытæ – саугагуы саутæ!..

Уæд нæ хæдзæртты не ‘мдзæрин фарн, –
Ды нæ зæрдæты цæр дзæбæхæй.
Кæд дæ хæдзар арæзт фæуа,
Кæд æрбынæттон уа дзæбæх нæ зæххыл,

Уæд нæ дуне цæрынæн бæззы...
Кæннод дисыл бафтыди бирæ:
Дæу нæ уагътой цæрын бæстыл,
Афтæмæй хæдзар арæзтай Иры!

...Хæдзар арæзт нæ фæци æххæст,
Бадт Хуырымты æнæнтыст куырдуаты...
Дзыллæ тохы фæндагыл фæхæст.
Уый дзынæзта Лабæйы йæ уаты...

Æз – ирон лæг, Къостайы бындар,
Нæ, фыдæлты исбоныл нæ кæуын,
Фæлæ уыцы хæдзар, Къостайы хæдзар, –
Æз йæ рæзты цæссыгкалгæ ‘рцæуын...

Хуыгаты Сергей

* * *

...уыцы хæдзар, Къостайы хæдзар...
Æз йæ рæзты цæссыгкалгæ ‘рцæуын...

Хуыгаты Сергей

Уый абон æмæ сомбонæн куыста,
мæ Иры фидæн бацыдис йæ хуызы.
Мæ хурыскаст, мæ хурныгуылд – Къоста.
Йæ фарны хъæр мæм скифты дугæй хъуысы.

Æрра уыд уый: нæ зыдта, циу тæрсын.
Æрræ уыд, о, ысчынди йын кæлæнтæ:
сæ хорз бындартæн чи не скодта бын,
куыста сæ бæсты уыдонæн: алантæн.

Æнцой нæ зыдта: бонæй уа, æхсæвæй
йæ уарзты хурæй арæзта хæдзар.
Уыдаид хъуамæ Бонвæрнон йæ цар,
йæ бын – цъæх авг, йæ къултæ та – æргъæуæй.

Хæдзар... Хæдзар – йæ ис æмæ йæ низ.
Йæ уд цырагъау Иры дзыхъхъы батад,
æрхуыссыдис æнафоны, фæцис.
Йæ хæдзар, охх, æрдæгарæзтæй баззад.

Æрцæуын æм. Сæрныллæгæй лæууын,
табугæнгæ: нæ кувæндон у, н' аргъуан.
Æрцæуын æм. Къæмдзæстыгæй кæсын.
О, хъуамæ махæн аргъуанау зынаргъ уа.

О ме 'фсымæртæ, цырд фæлæууæм, цæй,
о ме 'фсымæртæ, равдисæм нæ хъазуат:
йæ хæдзарæн æнæ саразгæ нæй,
йæ хæдзар хъуамæ ма фæуа хæдзаруат.

Къостайы бындар ма фæуæд æвæд,
Къостайы къона мин азты цæрæд!
Цæй, бахсидæм ын ахæм рæхыс, ахæм,
сæрмæттаг арвæй чи 'рыххæсса махмæ.

Нæхицæн, цæй, æнусмæ скæнæм ном:
кæд ацы хæхты нал фаг кæна дуртæ,
уæд фестын кæнæм урс дуртæ нæ удтæ,
æндон къулты сæ бавæрæм æнгом.

Хъодзаты Æхсар

* * *

Гл. редактор	*А. М. КОДЗАТИ*
Зам. гл. редактора, проза	*Б. М. ГУСАЛОВ*
Ред. отдела поэзии и драматургии	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 15.09.17. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,35. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 579. Цена свободная.
Выход из печати 28 сентября 2017 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Индекс 73247